12+

10

2013





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

# МАХ ДУГ

10

2013

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

## НОМЫРЫ ИС:


**ПЛИТЫ ГРИС: 100 АЗЫ**

*ПЛИТЫ Грис.* **Æмдзæвгæтæ** 6
**Фысджытæ Грисы тыххæй** 12

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

**(Илас Æрнигоны райгуырды 125 азмæ)** 22

*ТЕБИАТЫ Юри.* **«Мæхи зылынджын ницæмæй хонын...»** 31

*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Дыууæ фыстæджы.** Новеллæ 65

**ÆРЫГÆТТЫ СФÆЛДЫСТАД**

*БАСИТЫ Зæлинæ.* **Уарзты цæссыг.** Æмдзæвгæтæ 87

*АСЛÆМЫРЗАТЫ Дзерассæ.* **Мæ уды стъалы.** Æмдзæвгæ 88

*МАЛИТЫ Хасан.* **Хъысмæт.** Миниатюрæтæ 90

**ДЖОВАННИ БОКАЧЧО: 700 АЗЫ**

*Джованни БОККАЧЧО.* **Æмдзæвгæтæ, скъуыддзаг «Декамерон»-æй, цитатæтæ** 99

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 106

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*БОЦИТЫ Барон.* **Саст рæхыс.** Романæй скъуыддзаг 117

**АРВИСТОН** 134

**ТÆФÆРФÆС**

**Æгъуызарты Саукуыдз** 143


Журналы авторты хъуыдытимæ редакци
алкæд разы нæ вæййы

# ПЛИТЫ ГРИС: 100 АЗЫ



*ПЛИТЫ Грис*

## ТЫХСТЫ САХАТ

Тагъд та бырсдзыстæм, уыдзæнис атакæ,
Цасыл ныттар уыдзæн бон!..
Цардмæ фæстаг каст дæ хъуыдыты акæ,
Балвас та фидар дæ рон…

Уæдæ æрвылбон мæлæты раз тасыл
Ахуыр куыд нæ кæны лæг! –
Алы хатт байдайы зæрдæ дзыназын,
Дуне та свæййы уынгæг.

– Гъей, джиди, – афтæ йæхицæн фæзæгъы, –
Фарн та йæ уагыл лæудзæн,
Æмæ нæ фæстæ цы лæг цæуа зæххыл,
Уый цард куыд рæсугъд уыдзæн!

Амонд æй тавдзæн нæ райдзаст Цæдисы,
Амонд ын калдзæн тæмæн…
Диссаг: мæ хъæдгæмттæй иу дæр нæ риссы
Уыцы хъысмæты нывæн.

Чи зоны, дардыл æгæр-æгæр дзурын,
А уысмыл райдайдзæн хæст,
Æмæ уæ, ме ‘мбæлттæ, а тыхстæй курын
Иунæг хæрзиуæг æрмæст:

Иумæ куы бадат æмæ мæ уæ разы
Худгæ куы нал уынат сом,
Курын, æмæ мын уæ сабыр ныхасы
Ма ферох кæнут мæ ном.

Фестдзæн мын уыцы ныфс базыртæ тыгъды,
Уадз æмæ мемæ цæра!..
Уартæ ракетæ атакæмæ ссыгъди…
Баззайут хорзæй! – Ура!..

*1944*

# ФОНДЗ АЗЫ

Уæлдæф судзы. Лæг кæны къуырма.
Фæндзæм аз нæ уынгæг хæст нæ фæци, –
Бир-бирæ фыдгултимæ нырма
Туджы малы хурх кæнæм кæрæдзи.

Фæздæг бады, сау мигъау, ныллæг.
Тарф уынæргъынц артуадзæг быдыртæ.
Нард куырисау афæлдæхы лæг,
Прометейау, не скæны сыбыртт дæр.

Сармадзан ныббогъ кæны кæмдæр,
Фехæлы къуыззитгæнгæ нæ фæстæ.
Арф ныннæты стыр уæйыгау мæр
Æмæ стоны арвæмбæрц гæбæзтæй.

Командир куы фæхъæр кæны, уæд
Минæхсæны сау хъæлæсæй знагмæ
Пиллон калгæ атæхы мæлæт
Не ‘фсымæрты мастисæн фæндагыл…

Нæу къæмдзæстыг ме ‘фсæддон цæсгом,
Развæндаг мæм сæрттывта быгъдæгæй.
Ныр сæрибар адæймаджы ном
Ратдзынæн мæ кæстæртæм сыгъдæгæй!

Ныр кæны мæ зæрдæ цинæй дзаг,
Додой та сæ къона кæны знæгтæн:
Не ‘фсадæн рæгъæй цæуыны фаг
Нал кæнынц Европæйы фæндæгтæ!

Цал бæстыл ис не ‘мбæлттæй ныгæд!
Цас фыдбонтæн бабыхстой нæ фæрстæ!..
Мах хæцæм нæ туджы мæцгæ, кæд
Хæст мыггагмæ нал уаид нæ фæстæ.

*1945*

## ДОНЫХЪАЗ ÆМÆ НОГГУЫРД

Доныхъаз æрхуымæй рацыд хусмæ,
Доны был йæ фыццаг зарæг зары…
Тагъд уыдзæн йæ мæлæт, уый æмбары, –
Цардæй уый цæугæ кæны æнусмæ…
Ныр йæ фæстаг зарæг зары… Хъус-ма!
Зæрдæмæ куыд æвналы, куыд хъары!..

Мæнæ ам та, иу фæрныг хæдзары,
Райгуырд саби æмæ дуне суыдта,
Бацъæх ис, йæ фыццаг куыдæй скуыдта,
Фæлæ диссаг: никæмæ йын хъары.
Хъус-ма йæм: кæд зарыныл фæлвары, –
Худæгæй йæм лæг куыд кæны скъуыдтæ!

Иу сæ рухсæй балæудзæни тары,
Иннæ рухсмæ талынгæй фæцæуы…
Доныхъазæн хъарæг у йæ зарын,
Сабийæн та зарын у йæ кæуын.

*1964*

## РАГОН ИР

Хъус-ма, кæс, æд цирхъ, æд уартæй,
Ифтонг барджытæй тыхмæ –
Раст ныраy фæбырсынц уартæ
Ир Гузанханы ныхмæ.

Хотыхуарз æмæ хъæбатыр,
Цинæй нал лæууынц зæххыл, –
Византийаг император
Уыдон баххуырста мыздыл.

Кæд фæйнæрдæм айсид й' арæн,
Кæд фæуид йæ зæхх фылдæр,
Æмæ персаг хан-сæрдарæн
Туджы сæвдылид йæ сæр...

Ætт, Гузанхан, ныр дæ цардæн
Зæгъ хæрзбон, æрцыд адзал:
Ир кæй ныхмæ схæцой кардæй –
Нæй йын фервæзæн мадзал!..

Цæй, æниу цы дзурæм бирæ?
Уайтагъд фæзы ссыгъди хæст:
Кард бæрзонд фæхæссы ирон
Æмæ персаг сæрæн – дзæхст!

Дзæхстæй сæр кæны къуыбылой,
Æмæ хан фæлидзæг тагъд, –
Йе 'фсад – иу хай акалд былæй,
Иннæ – хæсты 'рцыди цагъд...

Император та дын худгæ,
Ирæн уæд фыста сæ мызд, –
Кæд сæ цæфтæ кодтой дудгæ,
Гъе уæддæр сæ зарын хъуыст:

«Махæн у æхца нæ фидæн,
Хæстмæ уый фæдыл бырсæм,
Мызд фылдæр цы паддзах фида,
Кардæй уый сæрыл хæцæм!»

Рæстæг цыд æмæ Гузанхан
Рарæвдз кодта ног йæхи:
'Фсад та скодта ногæй ахæм –
Зæхх йæ къæхты бын рызти.

Акæс: ныр фæбырсынц уартæ,
Фен сæ: нал сын и кæрон,
Ифтонг цирхъæй æмæ уартæй,
Æмæ се 'мбис та – ирон.

Ир та сты хæстхъом, хъæбатыр,
Калынц хотыхтæ цæхæр...
Византийаг император,
Гъеныр додойаг дæ сæр!

Гъеныр зæгъ хæрзбон дæ цардæн,
Ам дæуæн æрцыд адзал:
Ир кæй ныхмæ схæцой кардæй –
Нæй йын фервæзæн мадзал!..

Цæй, æниу, цы дзурæм бирæ!
Уайтагъд фæзы ссыгъди хæст:
Кард бæрзонд фæхæссы ирон
Æмæ ромаг сæрæн – дзæхст!

Дзæхстæй сæр кæны къуыбылой,
Æмæ паддзах алыгъд тагъд,
Йе 'фсад – иу хай акалд былæй,
Иннæ – хæсты 'рцыди цагъд.

Хин Гузанхан та дын, худгæ,
Ирæн уæд фыста сæ мызд...
Кæд сæ цæфтæ кодтой дудгæ,
Гъе уæддæр сæ зарын хъуыст:

«Махæн у æхца нæ фидæн,
Хæстмæ уый фæдыл бырсæм,
Мызд фылдæр цы паддзах фида,
Кардæй уый сæрыл хæцæм!»

Рæстæг цыд æмæ та къахы
Византийаг паддзах хæст:
Хъуамæ персæгты паддзахыл
Хæсты ферайа йæ цæст!

Йе 'фсад ногæй слæууыд къахыл,
Акæс: нал ын ис кæрон, –
Ахæм ифтонг разынд ахæм,
Æмæ сегас дæр – ирон...

Персаг дæр æнцад кæм бадти,
Йе кæм ныхтаид йæ сæр!
Иры иннæ хайæн радта
Мызд дыууæ хатты фылдæр.

Йе ‘фсад уыд хæрзифтонг уартæй,
Цирхъæй... нал ын зынд кæрон, –
Кæс: куыд цæхæр калынц уартæ!
Ноджы сегас дæр – ирон.

Арв цыма нæрыди – змæлыд
Дыууæ ‘фсады уæзæй зæхх,
Уæлдæфы сæ сæрмæ зæлыд
Зарæг, хъарæгау, уæрæх:

«Махæн у æхца нæ фидæн,
Хæстмæ уый фæдыл бырсæм,
Мызд фылдæр цы паддзах фида,
Кардæй уый сæрыл хæцæм!»

Заргæ ныр бырсынц хæцынмæ,
Æмæ суагъта быдыр арт...
Паддзæхтæ та уæд кæсынмæ,
Худгæ, слæууыдысты дард.

Ахæм пиллон калдта быдыр! –
Уды нал фæндыд цæрын,
Бæхтæ, бæхтæ та! – сæ мыр-мыр,
Арвау, уæлдæфы нæрыд...

Цæй, цы ма йыл дзурæм бирæ!
Ахæм диссаг рауад хæст:
Кард бæрзонд фæхæссы ирон
Æмæ ирон сæрæн – дзæхст!..

Бога ир мыздыл фæкодтой
Уым сæ кæрæдзи бындзагъд, –
Хъæутæй уæлмæрды ‘хсæн додой
Сау сынтау дыууæрдæм тахт.

Сагъæс, хъæлдзæг, маст æвзаргæ,
Ирæй ахæм хъæртæ цыд,
Æмæ ниугæ кодтой, заргæ,
Уымæн бамбарæн нæ уыд...

# ФЫСДЖЫТÆ ГРИСЫ ТЫХХÆЙ

* * *

...1968 азы сентябры 21-æм бон. Уæд Рæстдзинад»-ы мыхуыр æрцыд фысджыты коллективон æфхæрæн уац Грисы ныхмæ «Плиты Грисы æмдзæвгæ «Рагон Ир»-ы тыххæй».

Сæ къухтæ йыл æрфыстой Фысджыты цæдисы уæнгтæй дæс адæймаджы: Ардасенты Хадзыбатыр, Æгъуызарты Æхсарбег, Дарчиты Дауыт, Дзаттиаты Тотырбег, Хъайтыхъты Геор, Мæрзойты Сергей, Мыртазты Барис, Токаты Асæх, Цæгæраты Максим æмæ Цырыхаты Михал. Ацы фысджытæй Грис тынг хæларæй цард Ардасенты Хадзыбатыр æмæ Дзаттиаты Тотырбегимæ, стæй та Мæрзойты Сергеимæ дæр. Хæлары цæстæй каст Мыртазты Барисмæ дæр, аргъ ын кодта йæ хæстон фæндаг æмæ æмдзæвгæтæн. Гъе, æмæ йын тынг зын уыди, æфхæрæн уацыл ацы æмбæлттæ дæр сæ къухтæ кæй æрфыстой, уый.

Грисы æмдзæвгæ «Рагон Ир» мыхуыр æрцыд газет «Рæстдзинад»-ы 1968 азы августы 8-æм бон. Йæ ныхмæ фысджыты æфхæрæн уац та мыхуыр æрцыд «Рæстдзинад»-ы цыппар æмæ дыууиссæдз боны фæстæ (сентябры 21-æм бон). Уацыл сæ къухтæ æрфыстой фысджытæ, фæлæ сæ хъуыды партийы обкомæй кæй рацыд, йæ ныммыхуыр кæнын обкомы фæндиаг кæй уыд, уый бæрæгæй зыны газеты редакцийы фиппаинагæй: редакци разы у ацы статьяйы автортимæ, Плиты Грисы æмдзæвгæ мыхуыргонд кæй æрцыд, уый нымайы рæдыдыл. «Рæстдзинад» партийы обкомы оргæн уыд, фысджыты хъуыдыйæ уый «рæдыд мыл æрцыд» никуы загътаид. Фæлæ редактор обкомы номенклатурæйы лæг у, æмæ йын цы зæгъой, уый хъуамæ кæна!.. Афтæ амыдта партион субординаци: сохъхъыр дæ схуыдта обком, уæд дæ иу цæст бацъынд кæн, науæд та дæ куыстæй ацу, стæй партион æфхæрдимæ!..

Цы ссардтой æмдзæвгæйы фыдракæндæй нæ цырддзаст фысджытæ?



Уæ, мæ цæсты рухс.

Цыма фенцад æваст
æнкъард хъарæг,
Цыма арвæй æркаст
цырагъдарæг

Æмæ сæрды æппæт
йæ хæрдгæйтæ.

Атад, алыгъди мæт
мæ зæрдæйæ

~~Цины дзыр рæгъæй нæ уыд, –
хæрз дард уыди,
Нир у уымæй рæвдид –
Низзарыди...~~

*Грисы къухфыст*

Фыццаг уал уый, æмæ сæ сæрмагонд хъуыды æвдисынц адæмы номæй: «...адæм къæрцхъус сты, тынг лæмбынæг кæсынц, сæ цард, сæ истори сын чи куыд æвдисы, уымæ. Æмæ иугæр фыссæг историон æцæгдзинад зыгъуыммæ кæны, адæмы хуыздæр миниуджытæм йæ къух систа, уæд ын æй баргæ дæр нæ ныккæндзысты».

Афтæ райдыдта фысджыты цæстыфтауæн уац — демагогион æртхъирæнæй æнæхъæн адæмы номæй, кæд сын сæ хъуыды сæхицæй дарддæр ничи зыдта, уæддæр æй адæмы иумæйаг фæндоны хуызы бавдыстой. Бæрæг у, сæ уацы рæстдзинадыл сæхæдæг дæр не ʻууæндыдысты, æндæра сæ цæмæн бахъуыд адæмы сæхицæн сæрылхæцæг скæнын?.. Иу æмдзæвгæйы ныхмæ дæсæй кæй растадысты, уый дæр, сæ уац хахуыргæнæн кæй у, ууыл дзурæг у...

<...> Грис бирæ маст бахордта ацы æфхæрды фæдыл. Бирæ æгъуыссæг æхсæвтæ арвыста уæззау хъуыдыты. Ногæй-ногмæ æвзæрста йæ рæстдзинад, фæлæ йыл дызæрдыг никуы кодта. Грис æмбæрста: хицæуттæ уымæй домынц коммæгæсдзинад, æмæ йæм уый та каст æгады хъуыддаг: поэзийæн, рæстдзинадæн — сæрсæфæны был. Грис сæрсæфæнæй йæхи нæ аппæрста, не сси коммæгæс «зарæггæнæг», кæд ын тынг зын уыд утæппæт топпæхсджыты ныхмæ милау лæууын, уæддæр. Ахæм позици равзæрста мæлæты бонмæ, равзæрста йæ бирæ сагъæсты фæстæ, зонды тæразыл лыстæг барстæй. Раст зæгъгæйæ, æвзаргæ йæ раджы ракодта, фæлæ йæ ныр дырыс поэтикон формулæты джиппы ауагъта æмæ ард бахордта, мæлæты бонмæ йыл æнувыд кæй уыдзæн, уый охыл. «Рагон Ир»-ы ныхмæ фыст уацыл дыууæ азы куы рацыд, уæд фыст æрцыд йæ поэтикон ардбахæрд æмæ мæм æй æрæрвыста Мæскуыйæ (Переделкинойы улæфыд æмæ йæ уым ныффыста): «Цыдæр æнахуыр диссаг у: уæдæй нырмæ мыл хуыссæг нæма хæцы. Цынæ хос кæнын, цынæ хъылма нуазын дохтырты амындæй, фæлæ мын ницы ахъаз кæнынц. Мæ буар дуды, хæры, тонын æй æхсæв-бонмæ. Бынтон кæй ныххæррæгъ дæн, кæй нал бæззын, уый хатын байдыдтон. Мæ нервытæ мæ коммæ нал кæсынц, маст мæ бадомдта. Мæнæ дын æнæхуыссæг æхсæвты сагъæс:

## ПОЭТ

Хъысмæтæй стыр рæстадыл зарын
Кæд равзæрстай дæхицæн, уæд
Ис къорд æнцон фæндаджы ссарæн,
Дæуæн та се 'гас дæр æхгæд.

Дæ тугæй рафæлдисгæ зарæг
Тæхдзæн пæрпæрæй, цыма маргъ;
Фæлæ йыл иу фыд-зæрдæ дарæг
Фыдæнæн калдзæни йæ марг.

Фæлæ кæд хаттæй-хатт дæ риуы
Хъæстæ фат арф сагъд уа, уæддæр
Тыхсты бон ма ауæрд дæхиуыл,
Дæлæмæ макуы 'руадз дæ сæр!

Æхцауарз, кадбæллон æхсинтæ
Уадз хоной дæу æрра, сæрхъæн, –
Судз рухсæн! Макуы агур цинтæ,
Дæ уæззау удхайраг куыст кæн!

Дæ сæрмæ чи фæнды уæд хицау, –
Зæххон зæд уа æви хайуан, –
Мæрдты къæй фест, поэт, дæхицæй
Куы скæнай искæмæн айуан!

Ды дæ дæхи бæрзонддæр бардуаг,
Дæ тæрхоны дæхæдæг – сæр.
Дæ цард мыд уа æви дын марг уа, –
Дæ мæсыг амай æмæ цæр!

Худ хъæлдзæг мидбылты æнкъардæй,
Дæ зæрдæ тонæд, фæлæ худ!
Куы скæнай лидзынвæнд зындзардæй,
Уæд лæг нæ дæ, фæлæ тæппуд!

Æмбæхс дæ маст æмæ дæ цинад,
Дæ сыгъдæг миддуне дын – дзуар, –
Зæххыл ис иу Хуыцау – Рæстдзинад,
Ды иунæг уымæн дæ цагъар.

*1970, Переделкино*

* * *

Мыхуырæн нæу, Хуыцау бахизæд! Иу ахæм фысты тыххæй ма мæ куы ныффу кæной, уæд фæдæн – нал бафæраздзынæн...»

Грис æнхъæл куыд нæ уыд, ахæм фидар разынд канд удыхъæдæй нæ – буары кондæй дæр. Бафæрæзта æппæтæн дæр. Ацы ‘мдзæвгæ дæр мыхуыр æрцыд, 1973 азы Грисæн йæ 60 азы юбилеймæ цы æвзæрст уацмысты дыууæтомон æмбырдгонд рацыд, уым (фыццаг томы, ф. 302–303)...

***Джусойты Нафи***

Плиты Грисимæ лæгæй-лæгмæ базонгæ дæн 50-æм азты æмбис, Мæскуыйы Литературон институты куы ахуыр кодтон, уæд. Уый уырдæм æрцыди дыууæ азмæ – Уæлдæр литературон курсытæм. Уæдæй фæстæмæ цардыстæм æфсымæртау (уый – мæ хистæр æфсымæр, æз – йæ кæстæр).

Йæ мæлæты размæ йæм рынчындонмæ куы бацыдтæн, уæд мæ, йæ палатæйы чи уыд, уыдонæй иу цымыдисæй афарста:

– Ды йе ‘фсымæр дæ?

Æз ын йæ фарстæн дзуапп радтон фарстæй:

– Цæмæй йæ базыдтай?

Уый мын загъта:

– Кæрæдзийы хуызæн стут.

Кæрæдзийы хуызæн – чи зоны, нæ боцъотæй, фæлæ удыхъæдæй, сфæлдыстадон æрмдзæф æмæ уагахастæй – нæ. Мах дзæвгар цæмæдæртæм – æхсæнадон, политикон, национ æмæ литературон фæзындтæ æмæ цаутæм – æмхуызон цæстæй нæ кастыстæм, истæй кæнæ-иу искæй тыххæй быцæугæнгæ алкæд æмхуызон хатдзæгтæм не ‘рцыдыстæм, фæлæ

уæддæр кæрæдзимæ хæрам никуы банкъардтам, кæрæдзи зæрдæхудт никуы райстам, кæрæдзиуыл гадзрахатæй никуы разылдыстæм.

Фæстаг заман, советон бæстæ æмæ советон системæ куы хæлд, адæмы цард æмæ зондахаст куы ивта, уæд Грисы барæнæбары æвдæрзта йе сфæлдыстады мæт, ахъаззаг сагъæстæ æмæ йыл катæйттæ æфтыдта йæ хъысмæт: куыд бауыдзæн, цы бауыдзæн, цы йæм кæсы æнхъæлмæ?

Иухатт, дыууæйæ фынджы уæлхъус куы бадтыстæм, уæд мын дзырдта, цыма мемæ нæ, – йæхæдæг йæхиимæ дзырдта, уыйау:

– Бирæ цыдæртæ раргом, бирæ цыдæртæ базыдтам нæ рæстæджы тыххæй, нæхи тыххæй. Бирæ цыдæртæ нын сси гуырысхойаг, фæсмойнаг. Бирæ цыдæртæ ногæй бамбарын, раиртасын, ногæй сын аргъ кæнын бахъæудзæн. Чи зоны, æз цы ныффыстон, уыдонæй ницыуал баззайа.

Æз ын загътон:

– Цыфæндыдæр æмæ куыдфæндыдæр нæ уа, уæддæр баззайдзысты, царды рæстдзинад æмæ аивады рæстдзинад кæм ис, уыцы уацмыстæ. Дæумæ уыдонæй цъус нæй, де 'мвæлтæр фысджытæй алкæмæй дæр фылдæр...

<...> Грисмæ ис бирæ кæрæдзимæ ныхмæлæууæг, ныхмæвæрд хъуыдытæ, æнкъарæнтæ, тырнæнтæ, бæллицтæ. Æрмæст ын йæ хæстон уацмыстæ куы райсæм – цынæхуызон контрасттæ дзы фендзыстæм! Иуæй, знагмæ карз маст æмæ фыдæх, ма йыл ауæрд, цæв æй æмæ йæ мар, иннæмæй:

*Цас кæнæм уæлахизмæ хæстæг,*
*Знагæн уыйбæрц байдыдтон тæригъæд,*

кæнæ:

*Фестади мын мастисын æлгъыстаг,*
*Зæрдæйы цыдæр фæци хæрам,*

кæнæ:

*Диссаг, цы сагъæс нæ равзæры риуы!..*
*Рахызтæн туджы сырх кулæй...*
*Йе сæфтыл ме 'знаг æрхæндæгæй ниуы,*
*Æмæ йæм хъусын сæркъулæй...*

Иуæй, «Цæй зын дæ, цæ, хæстмæ цæуын, цæй зын дæ!», иннæмæй – «Цæй хорз дæ, цæ, хæстмæ цæуын, цæй хорз

дæ!» Дыгай рæнхъытæ – иу рæнхъ дзы иннæйы ныхмæ, иу дзы иннæйы контраст:

*Мах хæцæм нæ туджы мæцгæ, кæд*
*Хæст мыггагмæ нал уаид нæ фæстæ.*

*Скодта хæст лæгæй йæхицæн уаллон,*
*Адæмæн сæ мастисæг – Хуыцау.*

*Хæст цæмæй лæгæн фæуа æлгъыстаг,*
*Уый тыххæй хæцынмæ цæуæм мах...*

Ахæм бирæ контрасттæ йæм сты æддæг-мидæг, аразынц диалектикон иудзинад, æвдисынц цард æмæ адæймаджы вазыгджын, философон æмæ психологон рæстдзинад. Ахæм уынынад æмæ хъуыдыкæнынад сты стыр поэзийы исбон...

***Дзуццаты Хадзы-Мурат***

* * *

Бæрзонд у Грисы стихы културæ, бирæ кусы чысыл ныхæстæй егъау хъуыдытæ зæгъыныл, æмæ йын æнтысгæ уымæн бирæ кæны. Грисмæ зын ссарæн у ахæм æмдзæвгæ, арф хъуыдытæ, ирд обрæзтæ кæнæ афоризмтæ кæм нæ вæййы, йæ иуæй-иу æмдзæвгæтæ та æнæхъæнæй дæр сты афоризмтæй арæзт:

*Абон лæг цы нæ сараза, уымæн*
*Ахæм афон нал уыдзæни сом.*

*...Цы лæг нæу хи адæмы уарзтæн,*
*Уый нæ ратдзæн иннæтæн æгъдау.*

*Исчи дын дæ дзыхмæ хай куы хæсса,*
*Фынджы уæлхъус зон уæддæр æфсæрм.*
*Адæмы раз ма гом кæн дæ къæсса,*
*Исчи дын æй рахондзæни уæрм.*

Хъæздыг сты Грисы æмдзæвгæтæ арф эмоцитæй, зæл-ланггæнаг ритмтæй, рæстдзæф рифмæтæй, зын ссарæн æм у

уæлдай ныхас, уæлдай рæнхъ, уæлдай строфа. Поэт чиныгкæсæджы раз авæры дæсны арæзт нывтæ, уыдонмæ бафтауын дæр ницыуал фæхъæуы, стæй дзы уæлдай дæр ницы вæййы.

«Рудзынгæй нал кæсы мæйрухс», «Мæ уд дæ баззад», «Дæ уацар дæн», «Уалдзæг», «Сæрдыгон æхсæв», «Фарны май», «Садойнаг æхсæв»... Лирикæ... О, уарзондзинады мотивтæ... Сыгъдæг хъуыдытæ æмæ бæллицтæ. Æрдзы нывтимæ баст кæй сты, уымæй та рæсугъддæр кæнынц æмæ сæ зæрдæ уæлдай тынгдæр барухс вæййы.

***Гаджиты Георги***

* * *

Грисы курдиат раргом хæсты азты, йæ лирикæ уыд ахъаззаг фæзынд ирон литературæйы. Уайтагъд æй бафиппайдта Нигер – куырыхон поэт æмæ къæрцхъус критик. Уый 1943 азы фыста: «Ирон поэзийы, бæгуыдæр ма, ис аив æмæ хæрзхъæд уацмыстæ... Раппæлинаг сты, мæнмæ гæсгæ, мæнæ ахæм уацмыстæ. Плиты Грисы «Уæлахизы кадæг». Хуымæтæг, ирд æмæ æнцон æмбарæн у ацы æмдзæвгæ, арф сты йæ хъуыдытæ... Ныртæккæ нæ зæххыл цытæ цæуы, уыдон хорз бамбæрста Грис æмæ ацы æмдзæвгæйы бирæ ахсджиаг ныхæстæ зæгъын баци йæ бон...» Ам Нигер бафиппайдта æмæ бæрæг кæны Грисы курдиаты сæйраг æууæлтæ: цард зонын, цауты мидис арф æмбарын, ирд хъуыдытæ сыгъдæг æвзагæй дзурын, æмдзæвгæйы алы рæнхъыл бæстон кусын. Уыдон сты æцæг курдиаты нысæнттæ æмæ Грисы сфæлдыстады азæй азмæ кодтой хæрзхъæддæр æмæ бæрзонддæр. Раст æмæ йын стыр аргъ кодта æмткæй 40-æм азты критикæ: хуыдтой йæ «бæрзонд культурæджын поэт», иртæстой йын йæ лирикæйы арф философон хъуыдытæ æмæ нывыл формæтæ.

***Джыккайты Шамил***

## «АРВ ЦЫХЦЫРДЖЫТÆЙ ТÆДЗЫ»

Мæ зæрдыл хорз лæууы æхсай фæндзæм азы уалдзыгон бонтæй иу: уыдаид 7-æм кæнæ 8-æм май – Уæлахизы боны хæдразмæ. Уаты бадтæн æмæ чиныджы кастæн. Мæ мад æнæуынæрæй цыдæртæ змæлыди хæринаггæнæны. Æвип-

пайды йæ кæуын мæ хъустыл ауад, æмæ йæм удаистæй рауадтæн:

– Цы хабар у, Бабу?

Лæууыди хæринаггæнæны бæстастæу; кæсгæ мæм нæ ракодта, афтæмæй мын къулыл ауыгъд репродуктормæ ацамыдта.

Грис касти «Авд цухъхъайы».

Куыд æй касти, куыд æй касти! Мыхуыргонд нæма уыди поэмæ, æмæ йæм æз дæр сагъдауæй хъусгæ баззадтæн. Цы йæ сусæг кæнон: мæхи зæрдæ дæр суынгæг. Мады дæр æмæ мæн дæр цæмæдæр гæсгæ уæлдай тынгдæр агайдта рефрен «Арв цыхцырджытæй тæдзы».

Грисы зырзыргæнаг æмæ уынгæг хъæлæс банцади, уæддæр ма мад йæ цæссыгтæ уромын нæ фæрæзта æмæ æрмæст æрæджиау сдзырдта:

– Мæ фæрстæ сын æрбайхæлой... Кæд мыййаг мæхи æдзард æфсымæртæ дæр искуы æнæ цæстыл æрхæцæгæй...

Фæстæдæр бирæты фехъуыстон поэмæ кæсгæ, фæлæ йæ Грис йæхæдæг куыд бакаст, афтæ – ничиуал.

***Хæблиаты Сафар***

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ





(Илас Ӕрнигоны райгуырды 125 азмæ)

*Ацы æрмæг фыццаг хатт джиппы рауагътам 25 азы размæ («Мах дуг», 1988 аз, №12), нæ разагъды поэт Илас Ӕрнигоны райгуырдыл 100 азы куы сæххæст, уæд. Ногæй йæ кæй мыхуыр кæнæм, уымæн ис æфсон: хъуамæ ног фæлтæртæ зоной, сæ фыдæлтыл кæддæр цы уынгæджы бонтæ скодта, уый æмæ, адæм цæмæй «æвыд-дывыдоны дугтæй» хызт уой, ууыл удуæлдайæ тох кæной се 'рвылбоны царды. Нæ хæсыл нымайæм, уац чи ныффыста, уый рухс ном æрымысын дæр. Уый у Тебиаты Юри, нæ литературæйы æнувыд хæлар, «Мах дуджы» иузæрдион автор. Бирæ зынтæ бавзæрста йæ сабибонтæй фæстæмæ. Афæдздзыдæй сидзæрæй баззад: йæ фыд Дзантемыр – курдиатджын инженер, Джызæлдоны ГЭС-ы проект араздҗытæй иу – æнаххосæй сæфт æрцыди Сталины культы рæстæг.*

*Юри каст фæци уæлдæр скъола, ссис юридикон наукæты кандидат. Фæстаг азты куыста æвдакатæй. Ӕрдзæй рахаста сыгъдæг æмæ раст зæрдæ, уыд æргомдзырд, нæ барста галиу ми. Мидцоппайы азты цавæрдæр закъонхалæг бæрнон кусæджы æгæнон миты ныхмæ ныфсхастæй кæй сдзырдта, уый тыххæй йын йæхи фæаххосджын кодтой, æмæ йæ бынатæй фæхауд, афæдзæй фылдæр фæцард æгуыстæй. Фæлæ уæддæр йæ мастыл хъæцыди лæгау, йæ сæр никæй цур æркъул кодта. Бирæ тухæнтæ йæ бахъуыд йæхи сраст кæныны тыххæй. (Диссаг нæу, æвæдза, раст уæвгæйæ дæ дæхи «раст» кæнын хъæуæд!). Ӕмæ боны фæстагмæ фæуæлахиз! Йæ мызд ын (афæдз æмæ цалдæр мæйæн) капечы онг бафыстой... Гъе фæлæ... Цæмæй, цавæр æхцатæй кæнæ хæзнатæй раздахæн ис, йæ удæй цы ахауд, уымæн?! Ӕмæ йæ æрбырста зæрдæниз – инфаркт миокарда. Мæрдтæм дæр æй уый барвыста...*

*Йæ уды æмæ йæ хæдзары дуæрттæ æдзухдæр гом уыдысты æмгарджын Юрийæн. Хæстæгæй, сыхагæй, лымæ-*

*нæй, «знагæй», хионæй, æддæрæгонæй – чи нæ бахызт йæ къæсæрæй, чи нæ фæцис йæ цæхх, йæ кæрдзыны хъæстæ!*

*Æниу кæуылты уыд йе 'рхъуыды! Балцæй-иу куы сыздæхт, уæд-иу сыхæгты сабитæй кæмæн къафетт фæсагъта йæ къухы, кæмæн – æууилæн чъиу, кæмæн – цы... Иумæйаг сын уыдысты йе стыр библиотекæйы чингуытæ дæр. Рох нæ уагъта Юри суанг «нæ гыццыл æфсымæрты» дæр. Цæрæгойтæй зæгъын. Бавдæлд æмæ-иу сæрмагондæй дуканимæ ацыди – кæрты куыйтæн тахынæг æлхæнынмæ. Уыдон дæр ыл сахуыр сты: хæдзарæй-иу куы рахызт, уæд æм-иу сæ къæдзилтæ тилгæ ныййарц сты.*

*Юри канд дæсны æвдакат нæ уыди. Хорз арæхстис очерктæ, уацтæ, чысыл радзырдтæ фыссынмæ.*

*Бирæ хæрзты бацыди Тебийы-фырт литературæйæн дæр. Йæ библиотекæйы нæ фысджытæй кæй чингуытæ нæ разындаид, ахæм нæ уыд. Юри цæстуарзонæй, зæрдæргъæвдæй бакуыста Илас Æрнигоны, Къоста Фæрнионы, Токаты Алиханы царды хабæрттæ базонынил, адæмæн радзурыныл. Ноджы фылдæр та йæм фæндтæ уыди... Фæлæ нæ дуне æгъатыр у æмæ йын æнафоны ныццавта йæ поэтикон, йæ парахат зæрдæ. Ахæм зæрдæ уæлдай зындæр хъахъхъæнæн вæййы.*

*Иу ныхас ма. Юри йæ удæгасæй бирæ хæттыты фæдзæхста: мæ библиотекæ, дам, (юридикон литературæйæ фæстæмæ) мæ мæлæты фæстæ хъуамæ Нартыхъæуы скъолайæн баззайа, нæ рæзгæ фæлтæрæн. Уый дæр йæ уды стыр фарныл дзурæг у. Ацы хабар ракæнын мæнæн, Сывæллæтты республикон фонды сæрдарæн, уæлдай æхсызгондæр у.*

*Юри сабиты бирæ уарзта. Хъыгагæн, йæхицæн бындар нæ баззад. Уымæ гæсгæ сфæнд кодтам: йæ фæстаг фæллойæн ын цы гонорар æмбæлы, уый æрвыст æрцæуæд Сывæллæтты советон фондмæ.*

*Рухсаг у, Юри. Дæ зæрдæ бахъахъхъæнын нæ бон нæ баци. Дæ ном дын куыд бахъахъхъæнæм, куыд мысæм, уыцы амонд уæд дæу дæр æмæ мах дæр.*

***Æ.***



Явился 14 АВГ. 1917 г. во Владивостокскомъ городскомъ по воинской повинности Присутствіи повторному освидѣтельствованію и признанъ совершенно неспособнымъ къ военной службѣ по ст. 31 I лит. А. росписи

И. Юшенко

СВИДѢТЕЛЬСТВО

О ЯВКѢ КЪ ИСПОЛНЕНІЮ ВОИНСКОЙ ПОВИННОСТИ.

(БЕЗСРОЧНОЕ).

Житель селенія Ардонскаго Владикавказскаго Округа Тогузовъ Василій-Казбекъ Ильясовичъ

явился къ исполненію воинской повинности при призывѣ 1910 года и по вынутому имъ № 510 жеребья подлежалъ зачисленію въ ополченіе, но по освидѣтельствованію, по 38 пун. Лит. А. роспис болѣз. прил. къ 7 ст. уст. о воин. повин., признанъ совершенно неспособнымъ къ военной службѣ, а потому освобожденъ отъ службы навсегда.

Выдано Владикавказскимъ Окружнымъ по воинской повинности Присутствіемъ «21» Октября 1910 г. за № семьсотъ шестьдесятъ семь

Предсѣдатель Присутствія

Полковникъ [signature]

Дѣлопроизводитель [signature]



# АТТЕСТАТЪ.

Предъявитель сего, **Василій Ильичъ Тогузовъ,** православнаго вѣроисповѣданія, родившійся 10-го декабря 1888 года, по свидѣтельству объ окончаніи курса Александровской Миссіонерской Духовной Семинаріи, былъ зачисленъ въ осеннемъ полугодіи 1914 года вольнослушателемъ, а по выдержаніи переводныхъ испытаній на II-омъ курсѣ—весною 1915 года въ составъ студентовъ Восточнаго Института и прослушалъ курсъ наукъ по **китайско-маньчжурскому** отдѣленію, причемъ представилъ письменное сочиненіе, которое признано **весьма удовлетворительнымъ;** при отличномъ поведеніи въ теченіе пребыванія своего въ Восточномъ Институтѣ, на переводныхъ и окончательныхъ испытаніяхъ оказалъ слѣдующіе успѣхи: *по богословію, китайскому языку, политической организаціи Китая, англійскому языку, маньчжурскому языку, политической организаціи Маньчжуріи, географіи и этнографіи Китая, Японіи и Кореи, новѣйшей исторіи Китая, Японіи и Кореи, коммерческой географіи Восточной Азіи и исторіи торговли Дальняго Востока, политической экономіи, международному праву, государственному праву, гражданскому и торговому праву* и *французскому языку*—**весьма удовлетворительные.**

Вслѣдствіе этого, на основаніи утвержденнаго въ 24-й день мая 1899 года Положенія о Восточномъ Институтѣ, **Василій Тогузовъ,** опредѣленіемъ Совѣта Восточнаго Института отъ 10 іюля (27 іюня) 1918 года, удостоенъ **аттестата объ окончаніи съ отличнымъ успѣхомъ курса** Восточнаго Института, со всѣми правами и преимуществами, присвоенными окончившимъ по первому разряду курсъ высшаго учебнаго заведенія.

Въ удостовѣреніе чего и данъ аттестатъ этотъ **Василію Тогузову,** на основаніи данныхъ архива Совѣта Восточнаго Института, нынѣ преобразованнаго въ Восточный Факультетъ Государственнаго Дальневосточнаго Университета, согласно постановленію Восточнаго Факультета отъ 25-го января 1922 года, за надлежащей подписью и съ приложеніемъ печати Государственнаго Дальневосточнаго Университета.

Городъ Владивостокъ, Мая 17 дня 1922 года.

*Ректоръ Государственнаго Дальневосточнаго Университета, И. д. Ординарнаго Профессора* — Никифоровъ

*Проректоръ Государственнаго Дальневосточнаго Университета, И. д. Ординарнаго Профессора* — М. Ворожцовъ

*Вр. исп. обяз. Декана Восточнаго Факультета, И. д. Ординарнаго Профессора* — Н. Кюнеръ

*Дѣлопроизводитель Канцеляріи по студенческимъ дѣламъ* — Курицынъ

№ 342./530.



Газæг!

Ірон адæмы Корды jæ дару-
мæ jæ зондкі æнæ бацуjардгæjæ зæр-
діjагдæрæj фыдæбон чі бакодта - уjj
Тоизыфырт Газæг. Канд не 'хсæн
овгiæ нæ, фæлæ ма нырдæр фæсфæдæj,
дæ бон, дæ фæдатмæ гæсгæ, ірон ар-
ткы фу кæнын, цæмæj jæ зыне ма
ахуjсса, фæлæ тынгдæр сцырын уа, уjj
тыххæj. Ахсæны дуддадзы æнувыдæj
кусæг фæрох уа, æмæ jін арh мачі



скана, – уј да зарда макў зæһæд: цінд-
зінæдъ ’мæ тъхæд рæсæдкъ ірон æдæмъ
’хсæн Ѓазадкъдкъ ном кæј вајъ, ўмæн
вдісæн æгуръп нæ дајъ:

Ўј фæдкъ – цæмæј хсанъ кўсдæј
макў сфæлмæцæј; ірон ном, ірон æн-
дајкъ нъфъсондкъ хўзæн дæ сæр нъвон-
дæн кўд хæссæј – ўцъ æрфæдън æбон
æфæдзъ мотърдъ æдæм дæрдмæ кæнъниц
æмæ дкъ нæ Къордъ „бўц бiнојнæдкъ"
ном æмдзъхæј æвæръниц.

Дæ дæрў ’мæ дæ нъвс дæхі
фæндіæг!

Хсанъ лæгтъ ўæліæбадæг Иссæ Ботоев

јæ мобæлдæ { М. Дзасохов; Фунагъ Максимет-[illegible]; Гæзо Дзгоев; А. Габуев.

Фæдбæгæнæг [illegible]


А. Габуевъ
Харбин
19 16/II 24 аз.
№ 84


...кая Восточная
...езная дорога
Отдел ДНП
...а 30 дня 1934 г.
1651. 6
г. Харбин

證明書

Удостоверение.

Предъявитель сего Василий Ильич ТОГУЗОВ служил на Китайской Восточной железной дороге с 5|IX-1923 г. по I|V-1934 г. и с 20|X-1924 года по 8|VIII-1934 года и втечении этого времени состоял вр. исп.об.Заведывающ. Поселковой школой на ст.Цаган с 5|IX-1923 г. по I|V-1924 г.; учителем школы в Московских казармах в г.Хрб. с возлож.исполн.обязан. Заведыв. школой с 20|X-1924г. по I|I-1925 г.; учителем той-же школы с I|I-1925 г. по 10|IX-1925 г.; Заведывающим школой на ст.Хнд. с 10|IX-1925 г. по I|I-1930 г.; помощником Заведывающего 10-ой школой II ступени с I|I-1930 г. по 7|IV-1931 г.; Заведывающим 10-ой школой II ступени с 7|IV-1931 г. по 25|VII-1933 г.; инспектором 4-го Отделе ДНП с 25|VII-1933 г. по 8|VIII-1934 г. с окладом 2520 руб. в год.

Уволен от службы по болезни.

, что подписью и приложением печати удостоверяется.

Настоящее удостоверение действительно для пред"явления в пределах СССР.

М. П.

Нач. 4-го Отдела ДНП
Д. А. Кисенко


Harbin Manchuria
Modjadou
Skobelevskaya str. 31
Aleksandru Urusovichu
Gabuevu

Харбин, Модягоу
Скобелевская, 31
Александру Урусовичу
Габуеву

/USSR, гр. Орджоникидзе, Сергиевская, 10 Тогузов/.


Орджоникидзе
28/VII – 35

Здравствуй, Алеша!

Как тебе трудно писать, бедняга! С какой неохотой ты берешься за перо. Мне тебя очень жаль! Стыдно, брат! Можно быть эгоистом, но зачем же до бесчувствия? А впрочем, знаю видь, я тебя. Дурака свалял. Надо мне было быть умнее, предвидеть... Ничего, говоришь, не сделал с обязательствами? Ну, конечно, если ждал, пока проложут дорогу! Некогда

*Ӕрнигоны къухфыст.*

*ТЕБИАТЫ Юри*

# «МÆХИ ЗЫЛЫНДЖЫН НИЦÆМÆЙ ХОНЫН...»

1936 азы август. Куы айхъусай, уæд бæстæ фæдис сси – цæмæй адæм цæрдæг лæууой, «троцкистон-зиновьевон бандитты, гермайнаг æмæ япойнаг фæдысмудджыты» хъуыддæгтæ хурмæ калынил фæстиат ма кæной, уымæ сæм сидынц газеттæ, радио. Облæсты партион газет «Пролетарий Осетии», ахсджиагдæрыл нымад чи у, «Правда»-йы уыцы уацхъуыдтæ рамыхуыр кæны. Се 'хсæн – «Хъуамæ знаджы раиртасынмæ арæхсай», «Большевиктæ кæмдæриддæр цырддзаст сты», «Адæмы знæгтæ къæппæджы бахаудтой», «Нæ бæстæ худинаджы гакк æвæры æнаккаг лæгмартыл», «Адæмы ныхæстæм æрыхъусын хъæуы», «Æмбыд либералтæ – знæгты хъузæттæ».

8–9 августы Орджоникидзейы уыди партийы горкомы пленум, æмæ уый фæдыл «Пролетарий Осетии» фыста: «Партион документтæ ивгæйæ, горæты организацийы раргом сты, партийы рæнхъытæм мæнгардæй чи баирвæзт, уыцы знæгтæ: Троцкий æмæ Зиновьевы къæбылатæ, урсгвардионтæ, кулактæ. Се 'ппæт дæр тард æрцыдысты. Егъау æмæ цымыдисаг уыди уый фæдыл æмб. Миркины (Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады облхайад) раныхас; къласон тохмæ куыдфæндыйы цæстæнгас цы стыр бæллæхтæ расайы, уый тыххæй бæлвырд цæвиттонтæ æрхаста».

Фæстæдæр газеты фæзынди бынæттон авторты уацхъуыдтæ, адæймаджы цæст уайтагъд кæй ахста, ахæм сæргæндтимæ: «Знæгтæн хатыр нæй, бæрзонддæр сисæм революцион къæрцхъусдзинад», «Троцкистон зондахастыл хæцджытæ раргом сты», «Партийы знæгтæ æмæ сæ хъузæтты хъуыддæгтæ иууылдæр хурмæ ракалын хъæуы», «Завод «Электроцинчы» партком аккаг ныхкъуырд нæ дæтты троцкисттæн»,

«Вагæттæаразæны сæхи æгæр фæлмæн дарынц троцкисттæ æмæ сæ хъузæттимæ», «Знæгтæ сæхицæн хъарм ахстон скодтой «Цæгкавтранс»-ы», «Ноджыдæр ма иу хатт, электрон станцæйы цы знæгтæ æмæ либералтæ ис, уыдоны тыххæй», «Сусæг знæгты раргом кæнын хъæуы» æмæ а. д. Уацхъуыдтæй иутæн сæ автортæ бæрæг уыдысты, иннæтæн – нæ.

1936 азы 4 сентябры «Пролетарий Осетии» ныммыхуыр кодта анонимон уацхъуыд «Троцкистты зондахастыл хæцджытæ тард æрцыдысты фысджыты цæдисæй», 9 сентябрыта – Бесаты Тазе æмæ Епхиты Тæтæрийы æрмæг «Троцкистты хъуыддæгтæ кæрæй-кæронмæ хурмæ ракалын хъæуы литературон фронты». Кæд дзы иу ран дæр номхуындæй Тогуызты Иласы фырт Газаччы (йæ аргъуыды ном – Васили Ильяйы фырт) кой нæ уыд, уæддæр æй 1936 азы 10 сентябры Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады кусджытæ бацагуырдтой. Зынгæ ирон фыссæджы æрцахсыны тыххæй ордерыл йæ къух æрæвæрдта Цæгат Ирыстоны прокуроры фыццаг хæдивæг Хъулаты Хъуыбады: уый бæрны уыдысты Паддзахадон политикон управленийы хайады – Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады – сæрмагонд хъуыддæгтæ.

1937 азы 24 декабрь. «Социалистическая Осетия». ССР Цæдисы Сæйраг Советы Нациты Советы депутат Хъулаты Хъуыбадыйы уацхъуыд «Райгуырæн бæстæйы тыххæй мæ цард дæр ратдзынæн», зæгъгæ, уырдыгæй скъуыддзаг: «Парти мæ сахуыр кодта знæгты æнцонæй иртасын; троцкисттæ, бухаринонтæ, буржуазон националисттæ æмæ тугдзых фашизмы æндæр ахæм фæдысмудджыты ныхмæ тохы æгъатыр уæвын... Амæй фæстæмæ дæр æз, мæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, тох кæндзынæн парти æмæ адæмы знæгтимæ, фашизмы æлгъаг троцкистон-бухаринон æлхæд лæгтæ æмæ буржуазон-националистон фæдысмудджытимæ, знаггадгæнджытæ, диверсанттæ, уæйгæнджытæ æмæ æндæр ахæм æнаккæгтимæ. Уыцы фашистон æрдонгты цъаммар митæ æгъатырæй хурмæ калдзынæн, советон зæххæй бындзарæй тондзынæн æмæ гæныстон кæндзынæн æлгъаг хилджыты, смаггæнаг куыйты, адæмы фыддæрты».

Ацы уацхъуыды автор уæд куыста Цæгат Ирыстоны партийы обкомы дыккаг секретарæй.

...Авд мæйы æмæ æрдæджы фæстæ ахæстоны. Æрнигон йæ зылынгæнæн гæххæттытæй иуы чъылдымыл кърандасæй ныффысдзæн: «Хæдарцаты Агуыбейы (хæххон-мет. техникумы ахуырдзау) нымыгъдмæ гæсгæ ахст æрцыдтæн. Уый æмæ Бутайы-фырт (йе 'мбал) Къосырайы-фыртимæ иумæ сæйраг æвдисæнтæ сты мæ базылын кæныны хъуыддаджы».

— Дæ фыды дын куы 'рцахстой, уыцы бон нæ хъуыды кæныс? — бафарстон æз фыссæджы чызг Замирæйы (Орджоникидзейы горæты цæры). — Йæ фыццаг æрфарсты протоколы, 1929 азы гуырд дæ, зæгъгæ, фыст и...

— Бæгуыдæр æй хъуыды кæнын, стæй мæ рох дæр, æвæццæгæн, никуы фæуыдзæн, — арф ныуулæфыд сылгоймаг. — Авд азы мыл цыди уæд. Ныртæккæ Тамайы-фырты, партийы обкомы кæддæры дыккаг секретары номыл чи у, уыцы уынджы цардыстæм. Сергиевская йæ хуыдтой уæд. Дæсæм хæдзары. Нæ фатеры — дыууæ къаннæг уаты, бахизæн, хæринаггæнæн. Уыцы хæдзар ма ныр дæр æнæхъæн у. Иууæладзыгон. Мæ фыды кусæн уатæн йæ рудзгуытæ уынджы 'рдæм уыдысты... Иу сæумæрайсом нын нæ дуар æрбахостæуыд, æз фехъал дæн æмæ мæ фыды ныхас айхъуыстон: «Мæнмæ æрбацыдысты!..»

Замирæ йæхимидæг кæрзæгау бакодта:

— Арæх мæ цæстытыл кинонывау ауайы уыцы бон. Мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры, цыма мæ фыд йе 'намонд зыдта æмæ, дуар кæд æрбахойдзысты, уымæ æнхъæлмæ каст. Фæстаг рæстæг ыл хуыссæг дæр нал хæцыд. Уыцы райсом дæр æй хъалæй æрбаййæфтой «уазджытæ» — дыууæ нæлгоймаджы граждайнаг дарæсы. Æз сыл мæхимидæг бацин кодтон — мæ фыды хæдзар уазæгахуыр уыд æмæ æнхъæлдтон, уыдон дæр та йе 'мбæлттæ сты. Уæздан каст кодтой, æмæ уайтагъд къуымтæ къахынмæ куы фесты, уæд фæуыргъуыйау дæн — мæ фыды кусæн стъол, чингуыты тæрхæг, суанг ма дзаумæттæвæрæн скъапп дæр басгæрстой. Уым мæ фыды къандзолы дзыппы æхца разынд æмæ сæ мæ мадмæ радтой. Мæ фыд æнкъард худт бакодта: «Машæ, куыд уыныс, афтæмæй дæм æхца дæр ис...» Нæлгоймæгтæ мæ фыды къухтыл дыууæрдыгæй куы 'рхæцыдысты æмæ йæ куы фæцæйкодтой, æрмæст уæд бамбæрстон, уыдон уазджытæ кæй нæ уыдысты, уый æмæ мæ хъæлæсыдзаг ныббогъ-богъ кодтон.

Ærnigony fatery kæj badžigul kodtoj, uyj fædyl

Æрнигоны фатеры кæй баджигул кодтой, уый фæдыл арæзт сæрмагонд гæххæтты куыд фыст и, афтæмæй йæм ссардтой: «Алыхуызон фыстæджытæ æд къонверттæ æмæ адристæ – 15, иу тел, цыппар адрисы гæххæтты гæбæзтыл фыстæй, кæм куыста, уыцы бынæтты номхыгъд дыууæ экземплярæй, æртæ тетрады иронау фыстæй, Серноводскы курортмæ ацæуыны тыххæй цы гæххæтт бацæттæ кодта, уый æмæ дыууæ къамы (Гæбуты Т. æмæ А.)».

Дзесты Куыдзæджы Газаккæй чысыл раздæр æрцахстой æмæ ахæстоны фембæлдысты. Уый фæдыл Куыдзæг йæ мысинæгты фыста: «...1910 азæй фæстæмæ (Æрнигон) куыста Китайы Скæсæйнаг Æфсæн Фæндагыл (Китайско-Восточная Железная Дорога, цыбырæй **КВЖД**), Харбины æмæ Владивосточы, стæй Маньчжур æппæтæй дæр Япон йæхи куы бакодта, хицæн паддзахад Маньчжоу-Го дзы куы сарæзта, уæд ма уыцы фæндагыл цæй кусæн уыд сусæгкусæг партион организацийы лæуд æмæ компартийы кандидат Тогуызты Газаккæн, æмæ ма япойнаг интервенттæ æмæ китайаг хунхузтæй тыххæйты раирвæзт Советон Цæдисмæ 1934 азы. Гъемæ ныр, марадз!

...Слестгæнæг Бытемыры-фыртмæ ис йæ хъуыддаг æмæ, япойнаг шпион дæ, зæгъгæ, афтæ йæ зылынджын кæнынц».

...Æрнигоны куы ‘рцахстой, уымæн йæ дыккаг бон, 11 сентябры, газет «Рæстдзинад»-ы рацыд, йæ автор дыууæ дамгъæйы («М. А.») фæстæ кæмæн æрæмбæхст, ахæм æрмæг «Нæй иу минут дæр революцион къæрцхъусдзинад лæмæгъ кæнæн», зæгъгæ. Уацхъуыды автор цъыф калдта Тогуызыфырт, Фæрнион, Дзесты Куыдзæг æмæ иннæ «либералтæ», «партийы знæгтæ» сæхицæн рауагъдады æрбынат кодтой, зæгъгæ. «Рауагъдады абоны онг дæр ма кусы буржуазон националист Тогуызты Г.», – цæхæртæ калдта «рæстдзинадыл тохгæнæг» – Æрнигон ахæстоны кæй ис, уый, æвæццæгæн, нæма зыдта.

Фыссæгимæ йæ фыццаг фембæлды фæстæ слестгæнæг протоколы ныффыста: «Тогуызты Васили Ильяйы фырт, райгуырд 1888 азы 10 декабры Æрыдоны хъæуы, цард Орджоникидзейы горæты (Сергиевская уынг, 10 хæдзар), Цæгироблрауагъдады тæлмацгæнæг æмæ лит. редактор; афæдз æмæ йыл æрдæг куы сæххæст, уæд йæ фыд амард æмæ йæ

мады ӕвджид баззад; революцийы размӕ – ахуыргӕнӕг, революцийы фӕстӕ – ахуыргӕнӕг; йӕ бинойнаг – Душина Мария Николайы чызг, 1902 азы гуырд, йӕ чызг – Замирӕ, 1929 азы гуырд; – Газакк 1909 азы каст фӕци Ӕрыдоны дины семинар, 1918 азы та – Скӕсӕны институт Владивосточы; 1931 азӕй 1934 азмӕ – партийы уӕнгтӕм кандидат».

Фӕстӕдӕр слестгӕнӕг протоколмӕ Ӕрнигоны номӕй бахаста: «Ӕрыдоны дины семинар куы фӕдӕн, уӕд 1909–1910 ахуыры азы ахуыргӕнӕгӕй бакуыстон Куырттаты комы Лӕцы хъӕуы. 1910 азы фӕззӕджы мӕ куыст ныууагътон ӕмӕ, ӕхца бакусон ӕмӕ дарддӕр мӕ ахуыр ахӕццӕ кӕнон, зӕгъгӕ, Маньчжурмӕ ацыдтӕн. Харбины мӕ къухы ницы бӕрӕг куыст бафтыд, стӕй ӕфсӕнвӕндаджы Хандаохедцзыйы станцӕмӕ къанторы кусӕгӕй бацыдтӕн. 1911 азы 1 сентябрьмӕ дзы акуыстон, стӕй мӕ ахуыргӕнӕгӕй айстой Хинганы станцӕйы скъоламӕ ӕмӕ уым фӕкуыстон 1913 азы маймӕ. Сӕрд арвыстон Харбины горӕты, фӕззӕджы та, институтмӕ мӕ тыхтӕ бафӕлварон, зӕгъгӕ, Владивостокмӕ ацыдтӕн. Фӕлӕ институтмӕ бацӕуын мӕ къухы нӕ бафтыд ӕмӕ ахуыргӕнӕгӕй бацыдтӕн Приморскы облӕсты Бриневкӕйы хъӕуы скъоламӕ. 1914 азы сӕрд арвыстон Владивосточы ӕмӕ фӕззӕджы Скӕсӕны институты фыццӕгӕм курсмӕ сӕрибар хъусӕгӕй бацыдтӕн. 1915 азы уалдзӕджы мӕ студентты номхыгъдмӕ бахастой ӕмӕ уӕдӕй фӕстӕмӕ се 'мрӕнхъ стипенди исын райдыдтон. Студент уӕвгӕйӕ-иу мын уӕгъд рӕстӕг куы фӕци, уӕд алы къанторты куыстон. 1917 азӕй суанг цалынмӕ 1919 азы институт каст фӕдӕн, уӕдмӕ уыдтӕн бархи флоты Управленийы къанторы кусӕг. 1919 азы сӕрды мӕм Колчакы ӕфсадмӕ фӕсидтысты, фӕлӕ ӕз фӕсарӕнтӕм мӕхи айстон – Маньчжурмӕ, Харбинмӕ ахызтӕн. Уым алыхуызон куыстытӕ кодтон 1920 азы райдианмӕ, стӕй ме 'мзӕххон Реуазты Христофоры фырт Симоны (ныр ӕгас нал у) хуындмӕ гӕсгӕ йемӕ Цицикармӕ ацыдтӕн. Уым ӕндыснӕгӕй тынг фӕрынчын дӕн ӕмӕ иу афӕдзы бӕрц фӕсадтӕн, кусынӕн нал сбӕззыдтӕн, ӕмӕ уый размӕ куыстытӕй цы муртӕ сфӕстауӕрц кодтон, уыдонӕй амӕлттӕ кодтон. 1921 азы уалдзӕгмӕ фӕсӕрӕндӕр дӕн ӕмӕ фӕстӕмӕ Харбинмӕ ӕрбаздӕхтӕн. Суанг фӕззӕгмӕ уым фӕцардтӕн ӕнӕ исты бӕрӕг куыст кӕнгӕйӕ. 1921–1922

азты, æмткæй райсгæйæ, иу цыппар мæйы бæрц, зымæгон куыстон Фуляэрды æмæ Эхойы станцæты скъолаты, иннæ рæстæг уыдтæн æгуыст æмæ æфстау æхцатæй цардтæн. 1922 азы фæззæгæй 1924 азы уалдзæгмæ ахуыргæнæгæй куыстон Цаганы станцæйы, стæй мæ ацух кодтой æмæ та 1924 азы фæззæгмæ æгуыстæй баззадтæн. Скæсæн-Китайаг æфсæнвæндаджы сæргъы советон администраци куы 'рлæууыд, уæд 1924 азы октябры кусын райдыдтон ахуыргæнæгæй Харбины, 1925 азы фæззæгæй 1928 азмæ та Хинганы станцæйы скъолайы сæргълæууæг уыдтæн.

1928 азы фæззæгæй суанг 1929 азы æфсæнвæндаджы змæстыты онг лæвæрдтон æхсæнад-зонæн æмæ географийы уроктæ Бухедуйы станцæйы скъолайы. Змæстыты рæстæджы цардтæн Харбины. 1930 азы райдианæй фæстæмæ уыдтæн, Хандаохедцзы, зæгъгæ, уыцы станцæйы фарастазон скъолайы сæргълæуæджы æххуысгæнæг, 1931 азы сæрдæй 1933 азы сæрдмæ та мæхæдæг уыдтæн уыцы скъолайы сæргъы.

1933 азы сæрды мæ æфсæнвæндаджы ахуырады 4-æм хайады инспекторæй сæвæрдтой Харбины æмæ, цалынмæ 1934 азы 19 сентябры Советон Цæдисмæ нæ ацыдтæн, уæдмæ куыстон уым.

Хинганы станцæйы кусгæйæ 1927 азы ракуырдтон фæндагхъахъхъæнæг Душин Николай Матвейы фырты чызджы. Ацы хабæрттæ мæ ныхæстæм гæсгæ раст фыст кæй æрцыдысты, уый тыххæй мæ къух æвæрын. Тогуызты Газакк».

1936 азы 11 сентябры ЛИТО-йы сæргълæууæг Кодзырты Гæбылайы Æрнигоны тыххæй куы 'рфарстой, уæд афтæ радзырдта: «Йе 'мдзæвгæтæ йын æз, иронау революцийы размæ цы журналтæ цыди, уыдоны дæр кастæн. Мæ зæрдыл лæууы, 1928 азы «Рæстдзинад»-ы иу æмдзæвгæ — номарæн — ныммыхуыр кодта. 1929 азы газеты уыцы æмдзæвгæйæн дзуаппы хуызы фæзынди Барахъты Гинойы æмдзæвгæ æмæ дзы дзырд цыди, Тогуызы-фыртмæ национализм кæй хæццæ кæны, стæй политикон æгъдауæй дæр йæ зондахаст зæрдæхсаинаг кæй у, уый тыххæй. Уый фæстæ Тогуызыфырты уацмыстыл бирæ рæстæг нал сæмбæлдтæн, фæлæ та 1935 азы сæрды, Хетæггаты Къостайы амарды 30 азы бонмæ куы цæттæ кодтой, уæд «Мах дуджы» ныммыхуыр кæныны тыххæй уацхъуыд æрбахаста. Лæмбынæг æм куы 'ркастæн,

уæд дзы, цензурæйы домæнтæм гæсгæ, фæндаг радтыны бар кæмæн нæ уыди, ахæм бынæттыл мæ цæст æрхæцыд. Æз сæ, кæй зæгъын æй хъæуы, аппæрстон, дзæвгар рæтты та уацхъуыдмæ ивддзинæдтæ бахастон æмæ афтæмæй национализмы тæфаг æмæ политикон æгъдауæй зианхæссæг хъуыдытæй сыгъдæггонд æрцыд. Ахæм хуызы мыхуыры рацыд журнал «Мах дуджы» иугонд номыры (№ 3—4) 1935 азы».

Кодзыры-фырт æвдисæн цы хабæртты тыххæй ныллæууыд, уыдон сбæлвырд кæнынæн слестгæнæг, уый фæстæ та – тæрхонгæнджытæ – хъуамæ| Æрнигоны уацхъуыды къухфыст бадомдтаиккой, фæлæ, кæд фыссæг йæхæдæг дæр уый курæг уыди, уæддæр уыдон ахæм хъуыддаг бакæнын сæхицæн аккагыл нæ банымадтой. Афтæмæй та йæ æнæмæнг бакæнын æмбæлд, уымæн æмæ ЛИТО-йы сæргълæуууæг барæй галиу кодта фыссæджы уацхъуыды мидис. Мæнг æвдисæн ныллæугæйæ, уацхъуыды «бæлвырд бынæттæ» уырыссаг æвзагмæ афтæ раивта, цæмæй Æрнигоны базылын кæнынæн фæпайда уой.

Æрнигоны куы ‘рцахстой, уæд, куыд æвдисæн, афтæ ЛИТО-йы сæргълæуууæг Кодзыры-фырты уайтагъд бацагуырдта слестгæнæг. Æмæ уый хуымæтæджы нæ уыд. 1936 азы 16 августы рауагъдад æмæ типографийы коммунисттæн æмбырд уыди – дзырдтой, революцион цырддзастдзинад кæй фæтыхджындæр кæнын хъæуы, уый тыххæй. Уыцы æмбырды Кодзыры-фырт цæхгæр бафарста: «Днепропетровск æмæ æндæр горæтты троцкистты кой бæргæ кæнæм, фæлæ нæ, нæхимæ цы троцкисттæ ис, уыдонмæ та кæд равдæлдзæн?» (газет «Рæстдзинад», 1936 аз, 11 август). Æмæ Кодзырыфырты хуызæтты рæстæг æрцыд...

...Слестгæнæг Æрнигонæн æнцой нæ лæвæрдта. Хъуамæ йын йæ царды алы цау дæр бæстон басгæрстаид. Йæ фæрстытæн нымæц дæр нæ уыд, æмæ сын фыссæг дæр биноныг дзуæппытæ лæвæрдта.

**Фарст**. Советон администраци куы ‘рлæууыд Скæсæн-Китайаг æфсæнвæндаджы сæргъы, уæд кæм уыдтæ æмæ цы куыст кодтай?

**Дзуапп**. Харбины цардтæн, Ирон æхсæнады агъуысты. Уыцы æхсæнады секретары хæстæ æххæст кодтон, æндæр ницы бæрæг куысты лæуд уыдтæн.

**Фарст**. Советон администрацийы рæстæджы дын æфсæнвæндаджы скъолатæм ахуыргæнæгæй бацæуынæн чи баххуыс кодта?

**Дзуапп**. Ахуыргæнæгæй бацæуыны фадат мын æфсæнвæндаджы ахуыры хайад радта 1924 азы фæззæджы. Уæд йæ сæргъы лæууыд Никифоров Николай, йæ фыды ном ын нал хъуыды кæнын. Историйы профессор. Советон гражданин суæвыныл кæй не сразы, уымæ гæсгæ йæ уый фæстæ йæ куыстæй аиуварс кодтой.

**Фарст**. Æфсæнвæндагыл кусгæйæ дын мызд цас уыди?

Дзуапп. 1924 азæй 1928 азмæ мæй истон 125 сомы сызгъæринæй, 1928–1929 ахуыры азы – 150, 1930 азы та скъолайы сæргълæууæджы æххуысгæнæг уыдтæн Хандаохедцзыйы станцæйы æмæ 1931 азы фæззæгмæ истон 175 сомы. Фæстæдæр мын уыцы скъола мæхи бæрны бакодтой, æмæ мæ мызд сси 225 сомы, стæй мын æй фæкъаддæр кодтой æмæ 1933 азы июньмæ истон 167 сомы. Æфсæнвæндаджы 4-æм хайады инспекторæй мæ куы сæвæрдтой, уæд мæ мызд уыди 210 сомы æмæ, суанг цалынмæ Советон Цæдисмæ нæ рацыдтæн, уæдмæ уыйбæрц истон. Уымæй уæлдай ма мын, советон гражданты сывæллæттæн Харбины цы музыкалон скъола уыди, уый сæргъы кæй лæууыдтæн, уый тыххæй фыстой 80 китайаг гобийы.

**Фарст**. Дæ бинойнагимæ советон граждантæ кæдæй нырмæ стут?

**Дзуапп**. Æз – 1922 азæй, мæ бинойнаг та – 1927 азæй, ома, мæ бинойнаг куы сси, уæдæй нырмæ. 1922 азмæ уымæн не сдæн советон гражданин, æмæ УСФСР-йæн уымæй размæ бæрнон минæвар нæ уыди Манчьжуры.

**Фарст**. 1929 азы æфсæнвæндагыл змæстытæ куы рауад, уæд кæм æмæ цы куыстгæнæг уыдтæ?

**Дзуапп**. Змæстыты размæ Бухедуйы станцæйы куыстон æмæ цæргæ дæр уым кодтон, фæлæ змæстытæ куы райдыдтой, уæд, советон гражданин кæй дæн, уымæ гæсгæ мæ куы ‘рцахсой, зæгъгæ, Харбинмæ рацыдтæн æмæ, цалынмæ æфсæнвæндаг æрсабыр, уæдмæ цардтæн Толпарты Муссæйы (Алыксандр Харитоны фырт, – афтæ дæр ма йæ хуыдтой) фатеры. Муссæ куыста Харбины наулæууæны дзидзауæйгæнæн дуканийы кассæйы хицауæй. Мæ бинойнаг та царди

Гæбуты Уырысы фырт Алыксандры фатеры. Нæ дыууæ дæр ницы куысты лæуд уыдыстæм».

Тогуызты Газаччы 1936 азы 16 сентябры æрфарсты гæххæттæй:

**Фарст**. Скъолаты, стæй æфсæнвæндаджы 4-æм хайады дæ бæрны чи уыд, уыдонæй уæлдай ма Маньчжуры цавæр куыстытæ кодтай — змæстыты рæстæг æмæ змæстыты фæстæ, цалынмæ Советон Цæдисмæ нæ рацыдтæ, уæдмæ?

**Дзуапп**. 1922 азы фæззæгæй 1923 азмæ, афæдзы бæрц, куыстон Ирон æхсæнады секретарæй, сæргълæууæг та йын уыди Бердиатæй иу, Георги, зæгъгæ, ныртæккæ Мæскуыйы ис. 1924 азы фæззæгæй 1925 азы фæззæгмæ та уыдтæн рухсады кусджыты профцæдисы бынæттон комитеты къазнагæс Харбины, комитеты сæргълæууæг та уыди Кускин Алексей Иваны фырт, ныртæккæ кæм и, уымæн ницы зонын. Куыстон Новгородниийы скъолайы. 1925 азы фæззæгæй 1928 азы фæззæгмæ куыстон Хинганы станцæйы. Уым транспорты кусджыты бынæттон комитеты иуæй-иу фарстаты тыххæй дзуапп лæвæрдтон — бæрæгбонмæ бацæттæ кæнын, къулы газет рауадзын, спектакль бацæттæ кæнын. Мæхæдæг та рухсады кусджыты профцæдисы уæнг уыдтæн æмæ фиддонтæ фыстон Бухедуйы станцæйы скъолайы бынæттон комитетмæ. Цалынмæ змæстытæ нæ райдыдтой, уæдмæ (1928 азы фæззæгæй 1929 азы фæззæгмæ) къазнайы хицауæй куыстон Бухедуйы скъолайы рухсады кусджыты профцæдисы бынæттон комитеты. Змæстытæ куы райдыдтой, уæд 6 мæйы бæрц цардтæн Харбины. Мæй — мæй æмæ 'рдæг уыдтæн, змæстыты аххосæй йæ куыст чи ныууагъта æмæ Харбины чи 'рцард, уыцы ахуыргæнджыты 'хсæн бастдзинад аразæг æмæ сыл æмбæлын кодтон, Советон Цæдисы Минæварадæй сын цы æхцайы æххуыс цыди, уый. Баст уыдтæн Мяньдухэйы станцæйы скъолайы ахуыргæнæг Процевичимæ, йæ ном æмæ йын йæ фыды ном нал хъуыды кæнын (фæстæдæр ахуыргæнæгæй кусын райдыдта Харбины), Бухедуйы станцæйы скъолайы ахуыргæнджытæ Кисенко Дмитрий Архипы фырт æмæ Малахов Даниил Андрейы фыртимæ, стæй ма уыцы скъолайæ ноджыдæр дыууæ ахуыргæнæг æмæ йæ хъалагъуримæ (се 'ртæ дæр — сылгоймæгтæ, сæ нæмттæ сын нал хъуыды кæнын) æмæ Джаланьтуны станцæйы ахуыргæнджытæ

Куæ (йæ ном æмæ йын йæ фыды ном нал хъуыды кæнын) æмæ Бобрович Полинæ Григорийы чызгимæ. Ахуыргæнджытæн байуарыны тыххæй-иу æхца райстон Хариновайæ... Змæстытæ куы 'рсабыр сты, уæд Хандаохедцзыйы станцæйы ахуыргæнæгæй кусын райдыдтон æмæ профцæдисы фондз уæнгæй иу уыдтæн. Разамынд нын лæвæрдта Пятаев Алексей Георгийы фырт, мæ иннæ 'мбæлттæ та уыдысты ахуыргæнæг Приказчиков Александр Николайы фырт æмæ скъолайы хъалагъур Графская. 1931 азы фæззæгæй фæстæмæ партионты фондзуæнгон къорды дæр уыдтæн. Мæ иннæ 'мбæлттæ: Бобрович Полинæ Игнаты чызг –ахуыргæнæг, Новик-Дичко – хъалагъур. Ноджыдæр ма иу сылгоймаг уыди нæ къорды – ахуыргæнæг, – фæлæ йын йæ ном нал хъуыды кæнын. Нæ партион къордæн разамынд лæвæрдта Хандаохедцзыйы станцæйы скъолайы хъуыддæгтæаразæг Торопов Николай Алексейы фырт. Цалынмæ 1938 азы фæззæджы Харбинмæ нæ ацыдтæн, уæдмæ разамынд лæвæрдтон къорды уæнгты политикон ахуырæн. Æфсæнвæндаджы ахуырады 4-æм хайады инспекторæй Харбинмæ 1 июлæй фæстæмæ нысангонд уыдтæн, фæлæ кусын райдыдтон 1 августы. Харбины горæты раздæр фысымуат «Ориант»-ы цардтæн, фæлæ уый фæстæ, Славянаг городок кæй хуыдтой, уым фатер баххуырстам. Хæдзары номыр мæ зæрдыл нал лæууы, фæлæ нæ фысымы мыггаг – Лукша – хъуыды кæнын. Бирæ дзы нæ ацардтæн – ахуыры хайады раздæры сæргълæууæг Фридман Евæ Григорийы чызджы фатер мын радтой, 1933 азы, сентябры кæрон уыдаид æви октябры райдиан, уый бæлвырд нал хъуыды кæнын, фæлæ Советон Цæдисмæ ацыд. Фатер уыд, Садовая, зæгъгæ, уыцы уынджы. Æнхъæлдæн, 72 хæдзары. Суанг цалынмæ 1934 азы сентябры Советон Цæдисмæ нæ рацыдтæн, уæдмæ уыцы фатеры цардтæн. Сусæг фæскомцæдисон куыст кодтон æмæ уый фæдыл баст уыдтæн Харбины ахуыргæнджытæй иу сылгоймагимæ. Йæ мыггаг мæ зæрдыл нал лæууы, фæлæ цыма 6-æм скъолайы куыста. Куыстмæиу мæм бацыд, хæдзары дæр мæм иу-дыууæ хатты уыд. Къордтæ цы хуызы сбирæ кæнæм скъолаты, къулы газетты цæй тыххæй фыссæм, уыдæттæ-иу уыдысты нæ ныхасы сæр. Уæдæ хихъæппæрисадон изæртæ, физкультурон куыст æмæ æндæр ахæм хъуыддæгты тыххæй дæр дзырдтам. Цалынмæ

Советон Цæдисмæ нæ рацыдтæн, уæдмæ нæ бастдзинад нæ фехæлд уыцы ахуыргæнæгимæ — мæйы дæргъы иу-дыууæ хатты æмбæлдаиккам.

Мæ фатеры уыди 4 уаты, хæринаггæнæн æмæ хинайæн. Йæ ацæуыны размæ мын Фридман бафæдзæхста, иу зæронд лæг мæм кæй æрбацæудзæн, æмæ мын рагацау зындгонд чи уыдзæн, ахæм ныхæстæ кæй зæгъдзæн. Æмæ, дам, ды хъуамæ æнæ уæлдай ныхасæй уыцы лæгæн æххуыс кæнай, дзæгъæл фæрстытæ йæм ма дæттай, цы куысты лæуд у, уый базонынымл ма архайай. Цалдæр боны фæстæ зæронд лæг æцæг фæзынд, фатеры азылд æмæ загъта, мæ кусæн уаты кæй æрбынат кæндзæн æмæ дзы радиоприемник кæй сæвæрдзæн, уый тыххæй. Дыккаг бон дыууæ æрыгон лæппуйы æрбарвыста, уыдон антеннæ сæвæрдтой, чингуыты тæрхæгыл мæ уаты цы радиоприемник фæзынд, уыимæ йæ баиу кодтой. Мæ фыссæн стъолы рахиз лагъзы дæгъæл мын айстой. Цы дзы бавæрдтой, уымæн ницы зонын, фæлæ уатмæ цыдæр тыхтон кæй бахастой, уый федтон. Дæгъæл сæхимæ дардтой. Искуы иу бонæй фæстæмæ-иу лæппутæй кæддæриддæр исчи фæзынд, дуарæхгæдæй-иу суанг боныцъæхтæм фæци уаты, стæй-иу райсомæй ацыд. Цы ми дзы кодтой, уымæн ницы зонын. Советон Цæдисмæ куы рацыдтæн, уымæй иу къуыри раздæр сæ дзаумæттæ мæ хæдзарæй ахастой æмæ сæ уæдæй фæстæмæ нал федтон».

Дыккаг бон та слестгæнæг ногæй фæрсын райдыдта Æрнигоны:

**Фарст**. Сусæг куысты фæдыл ма Манчьжуры демæ баст чи уыд?

**Дзуапп**. Кæй ранымадтон, уыдонæй фæстæмæ ма æнæлегалон партион-профцæдисон куысты фæдыл мемæ баст уыдысты: 1) Бондарчук, йæ ном æмæ йын йæ фыды ном нал хъуыды кæнын, фæндаджы службæйы хайады куырдæй куыста Хандаохедцзыйы станцæйы, уыди ныййарджыты комитет æмæ кусджыты профцæдисы къорды сæрдар, партийы уæнг, ныртæккæ кæм и, уымæн ницы зонын; 2) Иванов Иван Гаврилы фырт, Хандаохедцзыйы скъоламæ мæм æй кусынмæ æрбарвыстой æфсæнвæндаджы 4-æм хайадæй, цыдаид ыл 26 азы бæрц. Æз æй хъалагъуры бынатмæ райстон, æцæгæй та уыди библиотекæйы хицау æмæ афтæмæй партион æмæ

æнæлегалон дзыллон куысты алы хуызтæн разамынд лæвæрдта, ныртæккæ кæм ис, уый нæ зонын; 3) Стрельцов Петр Василийы фырт, 30-аздзыд, партимæ цы бар дардта, уымæн ницы зонын, цыбыр рæстæг уыди профцæдисы бæрнон кусæг æфсæнвæндаджы 4-æм хайады, профцæдисы фиддонтæ æмæ паддзахадæй æфстау кæй райстон, уыцы хæстæ уымæ фыстон; 4) Глушков Александр Сосипаты фырт, 40-аздзыд, цыбыр рæстæг нæм фæци профцæдисы бæрнон кусæгæй.

**Фарст**. Æфсæнвæндаджы демæ партион æмæ профцæдисон хъуыддæгты æнæлегалон æгъдауæй чи архайдта, уыдонæй кæй æрцахстой, стæй кæд æмæ цы уавæрты?

**Дзуапп**. Ахст æрцыд Глушков Александр Сосипаты фырт. Йæхи фатерæй йæ ракодтой. Йемæ – фæскомцæдисон Лобанюк, йæ ном æмæ йын йæ фыды ном нал хъуыды кæнын, иу рæстæджы архивариусæй куыста æфсæнвæндаджы 4-æм хайады. Цы хуызы сæ æрцахстой, уый мæ зæрдыл нæ лæууы, фæлæ сæ иуы æрцахст йæ фæдыл иннæйы æрцахсты хабар кæй расайдта, уый хорз хъуыды кæнын. Ахсгæ та сæ æркодтой, æз Советон Цæдисмæ куы рацыдтæн, уымæй 2–3 мæйы раздæр...

**Фарст**. Маньчжуры куы цардтæ, уæд дын дæ хæдзары цал хатты баджигул кодтой, цал хатты дæ æрцахстой æмæ дæ пъæлицæмæ цал хатты акодтой, кæд æмæ цæй тыххæй?

**Дзуапп**. Харбины горæты мæ 1924 азы китайаг пъæлицæ баурæдта. Скъолайы агъуыстæй мæ сæумæрайсом акодтой, æмбисæхсæвмæ мæ хайады фæдардтой, стæй мæ суæгъд кодтой. Уæдæй фæстæмæ ма мæм – 1931 азы райдианæй 1933 азмæ (ома, Хандаохедцзыйы скъолайы хицау куы фæрынчын æмæ мын йæ хæстæ мæ бæрны куы бакодтой, уыцы рæстæгæй нымайгæйæ, æфсæнвæндаджы 4-æм хайады кусын куы райдыдтон, уæдмæ) – пъæлицæйы управленимæ фæсидтысты иу дæс хатты: дыууæ хатты мæ, советон гражданты æмæ урсгвардионты сывæллæтты скъолаты хъомылгæнинæгтæн цы ахастдзинæдтæ ис кæрæдзиимæ, уымæй рафæрс-бафæрс кодтой, иннæ хæттыты та мæм фæсидтысты, не скъолайы спектаклътæ цы хуызы æвæрд цæуынц, уый сбæлвырд кæныны тыххæй. Æфсæнвæндаджы 4-æм хайады куы куыстон, уæд иу хатт, скъолаты уавæр мæхи цæстытæй фенон, зæгъгæ, сыл азилын сфæнд кодтон. Бухедуйы станцæйы куы рахызтæн, уæд пъæлицæ бадомдта, цæмæй управленийы мæ

паспорт равдисон æмæ, кæм кусын æмæ ме ‘рбацыды сæр цы у, уый тыххæй сæрмагонд анкетæйæн дзуæппытæ радтон. Уыцы домæнтæ æз æнæ уæлдай ныхасæй сæххæст кодтон.

Уымæй уæлдай ма мæ хунхузтæ* иу хатт Хандаохедцзыйы станцæйы кусджыты къордимæ (иу фондзыссæдз адæймаджы бæрц) къуылдымтæм акодтой. Уый уыди 1932 азы декабры, уæгъд та мæ скодтой æрмæст 1933 азы райдианы. Мæ ахæстаргъ слæууыд 750 китайаг гобийы, сызгъæрин æхцатæм раивгæйæ уыдон сты 500 сомы.

**Фарст**. Пъæлицæмæ-иу дæм куы фæсидтысты, уæд дæ сæ кусджытæй чи рафæрс-бафæрс кодта?

**Дзуапп**. Хандаохедцзыйы станцæйы пъæлицæйы-иу мæ хъуыддаг кæддæриддæр лæвæрд уыди урсгвардион Юркевичмæ, йæ ном æмæ йын йæ фыды ном нал хъуыды кæнын.

1936 азы 15 сентябры газет «Рæстдзинад»-ы фæзынд уацхъуыд «Ахæм «разамынд» дæтты Орджоникидзевский горком ВКП(б)». Йæ автор – Хъайтыхъты М. Троцкисттæ, буржуазон националисттæ, меньшевиктæ æмæ æндæр ахæм знæгтæ (Фæрнион, Дзесы-фырт, Тогуызы-фырт, Колыйы-фырт æмæ иннæтæ) сæхицæн хъарм ахстон кæй скодтой типографийы, уый тыххæй дзырд цыдис уацхъуыды. «Тогуызы-фырт, Колыйы-фырт æмæ æндæр знæгтæ цы контрреволюцион куыст кодтой, уый нæ равзæрста типографийы парторганизаци, равдыста политикон къуырмадзинад».

Уæдæ газет «Пролетарий Осетии» дæр «знæгты» æргом кæныны хъуыддаджы фæсте куыд хъуамæ баззадаид?! 1936 азы 22 сентябры уым мыхуыргонд æрцыд уацхъуыд «Æнæсцухæй фидар кæнын хъæуы революцион цырддзастдзинад». Уацхъуыды автор Цæгат Ирыстоны партион организацимæ сидти, цæмæй æппындæр йæхиуыл ма ауæрда контрреволюцион тыхтæ бындзарæй куынæг кæнгæйæ, цæмæй æгъатыр тох самайа «Троцкий æмæ Зиновьевы зондахастыл хæцджытæ, буржуазон националисттæ, æмбыд либералтæ» æмæ партийы æндæр ахæм знæгтимæ.

Алчи дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, газеттæ касти, æмæ афтæмæй «адæмы знæгты» ныхмæ тох цыренæй-цырендæр, æгъатырæй-æгъатырдæр кодта æмæ 1937 азы йæ тæмæны бацыд...

29 декабры та Æрнигонмæ куы фæсидт слестгæнæг, уæд дзы цæхгæр æрдомдта, цæмæй, Коммунистон партийы рæн-

* Хунхузтæ – стигъджыты гæрзифтонг балтæ Маньчжуры æмæ Цæгат Китайы.

хъытæм куыд бацыд» уый тыххæй «бæлвырд æмæ биноныг» радзура. Æмæ фыссæг лыстæггай фæхабæрттæ кодта: «Хандаохедцзыйы скъолайы сæргълæууæджы хæдивæг куы уыдтæн, уæд сæргълæууæджы хæстæ æххæст кæнын мæнмæ каст (мæ хицау Соболев Павел Федоры фырт рынчын кæй хаста, уымæ гæсгæ; 1931 азы апрелы амард). Иуахæмы мын скъолайы хъуыддагаразæг Торопов Николай Алексейы фырт загъта, мæ автобиографи йæ æхсызгон кæй хъæуы, уый тыххæй. Æз æй февралы-мартъийы ныффыстон æмæ йæм æй радтон. Иу 10—15 боны фæстæ та мæ Торопов ноджы бæстондæр автобиографи бацагуырдта. Æз ын йæ курдиат сæххæст кодтон. Мæ автобиографи йæ цæмæн хъæуы, уый мын нæ загъта, æз дæр æй нæ бафарстон. Мæй æмæ ‘рдæг — дыууæ мæйы рацыдаид, афтæ мын Торопов загъта, Хандаохедцзыйы станцæйы телеграфы кусæг Осипов Валентин Иваны фырт, дам дæм дзуры. Бæлвырд æй нал хъуыды кæнын, фæлæ йæм, цыма, Тороповимæ куыстмæ иумæ бацыдыстæм... Осипов мæ йæ кабинеты лæгæй-лæгмæ бафарста, Коммунистон партийы рæнхъытæм бацæуыны тыххæй. Æхсызгонæй бацæуин, зæгъгæ, дзуапп радтон... Осиповимæ ма æндæр цæуыл дзырдтам, уый нал хъуыды кæнын.

Уый фæстæ æз дарддæр мæ куыст кодтон скъолайы, сæрды та, ахуыргæнджыты къордимæ (30—32 адæймаджы) Мæскуымæ, советон скъолайы ахуыры хъуыддаг куыд æвæрд у, уый базонынмæ ацыдтæн. Мæскуыйы 22 боны фестæм, стæй фæстæмæ Маньчжурмæ аздæхтыстæм.

1931 азы райдианы мын Торопов Николай Алексейы фырт бамбарын кодта, 1931 азы 1 июлæй фæстæмæ партийы уæнгтæм кандидат дæ, зæгъгæ, æмæ мæ, йæхædæг разамынд кæмæн лæвæрдта, партионты уыцы фондзуæнгон æнæлегалон къордмæ бахуыдта. Ахуыргæнджытæ Акимова Александрæ Дмитрийы чызг, Бобрович Полинæ Игнаты чызг æмæ хъалагъур Новик-Дичко (йæ ном æмæ йын йæ фыды ном нæ хъуыды кæнын) дæр уыцы къорды уыдысты. Фиддонтæ фыстон Тороповмæ, къорды разамонæг кæй уыд, уымæ гæсгæ».

— 1924 азы дæ Харбины цы афон æрцахстой?

— Харбины горæты Мæскуыйаг къазарматы цы скъола сарæзтон, уый сæргълæууæгæй куыстон уæд. Иу бон куы

уыди, уæд урокты размæ скъоламæ фæзындысты дыууæ китайаг пъæлицæйаджы æмæ мын, сывæллæтты сæ хæдзæрттæм арвит, зæгъгæ, бардзырд радтой, мæхи та мын семæ управленимæ ракодтой. Æхсæвы иуæндæс сахатмæ мæ уым фæдардтой...

— Цæй тыххæй дæ æрцахстой?

— Китайаг хицауадæй бар нæ ракуырдтон, афтæмæй — æфсæнвæндаджы Управленийы уынаффæмæ гæсгæ — скъола байгом кодтон. Китайаг пъæлицæйæ мæм цалдæр хатты æрбацыдысты æмæ мын загътой, скъола байгом кæныны бар мын кæй нæ дæттынц æмæ, цæмæй сывæллæттæн уроктæ ма кæнон, уый кæй домынц. Куыд бакæнон, зæгъгæ-иу æз дæр æфсæнвæндаджы Управленимæ фехъусын кодтон æмæ та-иу мын уым дæр, пъæлицæйæн ма басæтт, дæ куыст дарддæр кæн, зæгъгæ, ахæм фæндон загътой. Уæд пъæлицæ дæр бавдæлдысты æмæ сабиты сæ хæдзæрттæм арвыстой, скъола сæхгæдтой, мæн та семæ акодтой. Радгæсы уаты мæ æхсæвы 11 сахатмæ фæдардтой, стæй мæ рауагътой, иунæг домæн мын мæ разы æрæвæрдтой, афтæмæй: хъуамæ скъола фæстæмæ байгом кæныныл ма архайдтаин. Уæдæй фæстæмæ, сæ домæн куыд æххæстгонд цæуы, уый бæрæг кæнынмæ алы бон дæр скъоламæ цыдысты.

— 1931— 1933 азты-иу дæм цы афон æмæ цавæр фарстаты фæдыл фæсидтысты пъæлицæйы управленимæ?

— 1931 азы апрелæй 1933 азы сæрдмæ уыдтæн, Хандаохедцзыйы станцæйы советон гражданты сывæллæттæн цы скъола байгом, уый сæргълæууæг. Уымæ гæсгæ, скъолайы мидæг спектаклытæ æвæрыны хъуыддаг дæр мæ хæс уыди. Спектакль сæвæрыны размæ кæддæриддæр хъуыди сæрмагондæй бар ракурын. Цалынмæ-иу нын бар нæ радтой, уæдмæ репетици кодтам æфсæнвæндаджы кусджыты клубы.

Пъæлицæ-иу мæм ног спектакль сæвæрыны размæ кæддæриддæр сæ управленимæ фæсидтысты. Æдзухдæр мæм дзырдтой боныгон, куыстафон. Мемæ-иу ныхас кодта ургвардион Юркевич, йæ ном æмæ йын йæ фыды ном нал хъуыды кæнын, кæнæ та, иу-дыууиссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм китайаг, хуыдтой йæ Иван Иванович. Йæ китайаг ном мæ зæрдыл нал лæууы. Хаттæй-хатт-иу дыууæйæ иумæ

дæр ныхас кодтой мемæ. Фарстой мæ, спектакль сæвæрыны тыххæй бар ракуырдтам æви нæ, стæй нын репетицитæ цы бонты æмæ цал сахатыл вæййы, æрмæстдæр уыдæттæй. Уыцы фæрстытæн-иу 15 минутæй фылдæр никуы бахъуыд, æмæ-иу мын уый фæстæ ацæуыны бар радтой. Æвæрынмæ цы пьесæ хъавыдыстæм, уымæ-иу алы хатт дæр лæмбынæг æркастысты æмæ, сæ бон уыд, исты бынæттæ дæр дзы аппæрстаиккой. Куы-иу мæм фæсидтысты, уæд мæ ракъахбакъах никуы кодтой».

Слестгæнæг Æрнигонæн æнцой нæ лæвæрдта: 1936 азы цыппæрæм, фæндзæм, æвдæм октябры та йæ ногæй рафæрсбафæрс кæнын райдыдта, æмæ фыссæг хъуамæ биноныг дзуæппытæ лæвæрдтаид. 4 октябры, хунхузтæм уацары куыд уыд, уый тыххæй радзырдта: «Хунхузтæм уацары бахаудтæн иунæг хатт – 1932 азы 13 декабрæй сæм 1933 азы январы фыццаг бонтæм фæдæн.

Хунхузтæ Маньчжуры раджы фæзындысты, фæлæ 1931 азы æмбисмæ къуылдымты сæхи æмбæхстой æмæ æфсæнвæндаджы кусджыты нæ хъыгдардтой. Фæлæ 1931 азы дыккаг æмбисæй фæстæмæ æфсæнвæндаджы скæсæн къабазмæ лæбурын райдыдтой, пырх кодтой æфсæнвæндаг, йæ кусджыты та-иу ын уацары райстой æмæ сæ уæгъд кодтой ахæстаргъыл.

Æфсæнвæндагмæ ныббырстытæ иууылдæр япойнæгты ардыдæй кæй уыдысты, уый советон адæм хорз æмбæрстой. Æнæмæнг афтæ кæй уыд, ууыл æз дæр, зæгъæм, æппындæр дызæрдыг нæ кæнын – æфсæнвæндаджы скæсæн къабазы фехæлд япойнæгты пайдайæн уыди: афтæмæй Скæсæн-Китайаг æфсæнвæндагæй Хуссар-Маньчжуйраг æфсæнвæндагмæ уæзæгты ласт къуылымпы кодта.

Хандаохедцзыйы станцæйы советон граждæнты сывæллæтты скъолайы сæргълæууæгæй кусгæйæ цæргæ дæр уыцы станцæйы кодтон. 1932 азы хунхузты егъау бал станцæ бацахста. 10 адæймаджы уацары райстой æмæ загътой, 4000 китайаг доллæры, дам, нын куынæ фидат æрвылмæй амæй фæстæмæ, уæд сæ не суæгъд кæндзыстæм, зæгъгæ. Станцæйы кусджытæ сын сæ домæныл дыууæ нал загътой, æмæ уæд уыдон дæр уацайрæгты ссæрибар кодтой. Уыцы хунхузтæ Хандаохедцзыйы станцæйы фæцардысты 1932 азы декабры райдианмæ, стæй кæцæйдæр фæзынд æндæр,

ноджы тыхджындæр бал, уыдоны фæтардта æмæ станцæ йæхæдæг бацахста.

Цалдæр боны фæстæ уыцы бал... уацары райста станцæйы цæрджытæй 100 адæймаджы, се 'хсæн – æз дæр, æмæ нæ къуылдымтæм акодта. Мæн æрцахстой ахуыргæнæг Андреевы къласы (йæхицæн, мæн æрцахстой, уый куы федта, уæд аквариумы фæстæ амбæхсын йæ къухы бафтыд).

Хунхузтæ уацайрæгты иууылдæр вагæтты сбадын кодтой, ныгуылæнырдæм нæ 18 километры бæрц аластой, стæй нæ... рахизын кодтой æмæ нæ къуылдымтæм акодтой... 20–25 адæймаджы кæм уыди, ахæм къордтыл нæ фæдих кодтой æмæ нæ æртæ боны фæдардтой зæхкусджыты фанзаты (хæдзæртты). Чи кæм кусы æмæ цас мызд исы, уымæй нæ фæрафæрс-бафæрс кодтой, стæй уæд ахæстаргъыл дзурын райдыдтой.

Не скъолайы ахуыргæнджытæй иу – Ванняр – мемæ иу къорды уыди, иннæтæй йæ мыггаг никæмæн зыдтон. Мæнæн ахæстаргъ фыццаг снысан кодтой 350 китайаг доллæры. Æз сразы дæн. Уый фæстæ иннæ уацайрæгтимæ ныхас кæнын райдыдтой. Сæ ахæстаргъ сын тынг бæрзонд систой. Разыйы дзуапп нæ дæттынц, зæгъгæ, уæд-иу сæм нæмынмæ фездæхтысты. Афтæмæй иннæтимæ хъуыддаг куы сбæлвырд кодтой, уæд та сæ ногæй мæнмæ æрæвдæлд æмæ мын мæ ахæстаргъ фæфылдæр кодтой. Дыккаг фарстæн мæнæй бадомдтой 2000 доллæры, Ваннярæй та – 1200. Æз сразы дæн 750 доллæры бафидыныл, Ванняр – 500. Ууыл баныхас кодтам...».

Фæлæ уыйадыл Æрнигоны хъизæмæрттæ нæ фесты; хъуыддаг афтæ рауад, æмæ ма Ванняры фæстæ дæр хунхузтæм дзæвгар бонтæ баззад æмæ йæ уацарæй дæр фæстæдæр уый балхæдта.

1936 азы 5 октябры та слестгæнæг Æрнигоны лыстæг æрфарста Харбины Ирон æхсæнадæй, фыссæг дзы йæхæдæг цы куыстгæнæг уыди, уымæй. Иу афæдзы бæрц, 1922 аз фæззæгмæ, Æрнигон æхсæнады секретарæй куыста æмæ, цы зыдта, уый нæ басусæг кодта.

1936 азы 25 октябры æрфарсты гæххæттæй:

**Фарст**. Харбины уæвгæйæ дæ ирон грамматикæ рауадзыны сæр цæмæн бахъуыд?

**Дзуапп**. Ирон грамматикæ ныффыстон æмæ йæ мæ зæрды уыди сæрмагонд къамис кæнæ наукон-иртасæг институты кусджытæн равдисын. Уый фæстæ йыл Ирыстоны чи архайа, уыдоны къух фæрогдæр кæныны тыххæй йæ рауагътон.

**Фарст**. Мыхуыры йæ кæд рауагътай?

**Дзуапп**. Харбинæй Советон Цæдисмæ куы рацыдтæн, уымæй 10 боны раздæр, 1934 азы сентябры.

**Фарст**. Кæй хардзæй рацыд?

**Дзуапп**. Мæхи хардзæй, 15 маньчжуйраг гобийы мын слæууыд.

**Фарст**. Дæ грамматикæйы чингуытæй искæмæн радтай?

**Дзуапп**. Æдæппæтæй 10 уыдысты æмæ ма иу та — йæ сыфтæ кæрæдзиуыл хуыд кæмæн нæ уыдысты, ахæм. Уыдонæй дыууæ Харбины ныууагътон: сæ иу — Калоты Естъайы фырт Къостайæн, йæ курдиатмæ гæсгæ, иннæ та (фæндагыл, зæгъын, цынæ вæййы, мæ чумæдантæ куы фесæфой, уæд чингуытæй дæр æнæ хай фæуыдзынæн) ме ‘рдхорд Гæбуты Уырысы фырт Алыксандрмæ радтон, цæмæй йæ бафснайа. Иннæтæ мемæ Ирыстонмæ раластон.

Ирыстоны дзы иу мæхицæн ныууагътон, иннæ 7 «Мах дуджы» уæды редактор Къосираты Сæрмæтмæ радтон. Йæ сыфтæ хуыд кæмæн нæ уыдысты, уыцы чиныг та профессор Сердюченкойæн балæвар кодтон — Ирыстонмæ Пятигорскæй ссыди, æви Ростовæй, уый бæлвырд нал хъуыды кæнын. Къосирайы-фырты ныхас мæ зæрдыл афтæ лæууы, цыма йæм цы 7 чиныджы радтон, уыдонæй 2 Наукон-иртасæг институтмæ радта æмæ дзы иу йæхицæн институты уæды директор Дзагуырты Гуыбады айста, иннæ та библиотекæйы баззад. 1 чиныг радта профессор Æлборты Барисæн, иу æви дыууæ Хуссар Ирыстонмæ арвыста. Иннæтæ кæмæн радта, уый нал хъуыды кæнын. Калойы-фырт Харбинæй мæ фæстæ тагъд æрбаздæхт æмæ Орджоникидзейы горæты амард. Цы чиныг мæ айста, уый йын æз уый фæстæ йæ хæстæджытæй ракуырдтон æмæ йæ Наукон-иртасæг институты библиотекæйæн радтон...

**Фарст**. Дæ чиныг, уæлдæр кæй ранымадтай, уыцы адæймæгтæн цæй охыл байуæрстай?

**Дзуапп**. Цæмæй йæ бакæсой, уый мæ фæндыд. Йæ бындурыл ирон грамматикæ саразæн кæй ис, ууыл мæ зæрдæ дардтон.

**Фарст**. Дæ грамматикæ сæм куыд фæкаст?

**Дзуапп**. Дзагуырты Гуыбады мын, кæй йæ бакаст æмæ дзы разыйæ кæй баззад, уый тыххæй загъта, Багайы-фырт та (йæ ном ын нал хъуыды кæнын) – 1934 азы кæрон уыди æви 1935 азы райдиан, уый мæ зæрдыл бæлвырд нал лæууы – уыцы грамматикæйы тыххæй ирон журнал «Мах дуджы» рецензи ныммыхуыр кодта. Раппæлыд дзы, æмткæй райсгæйæ, фæлæ йын уыимæ йæ хъуагдзинæдтæ дæр бацамыдта. Уæлдай разыйæ баззад, мивдисджыты тыххæй дзырд кæм цæуы, уыцы сæргондæй.

Æрнигоны грамматикæйы фæдыл дыккаг бон – 1936 азы 26 октябры – бæстон фарст æрцыд Къосираты Уырысбийы фырт Сæрмæт: «Цæмæй Æрнигон йæ чиныгимæ специалистты базонгæ кæна, уыцы уынаффæ мæнæй рацыд. Кæмæн сæ равдисын æмбæлы, уыдонæй никæй зонын, зæгъгæ, куы бакатай кодта, уæд ын æз æххуысæй зæрдæ бавæрдтон. Уæд мæм 7 чиныджы радта. Уыдонæй иу мæхицæн ныууагътон, фæйнæ дзы Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны наукон-иртасæг институттæн радтон, иу – æвзаджы дæсны Тыбылты Алыксандрæн арвыстон Хуссар Ирыстонмæ, фæйнæ Дзагуырты Гуыбады æмæ Æлборты Барисæн радтон, æвдæм чиныг та Бутаты Хъазыбеджы хай фæци. Тогуызы-фыртæн дзы йæхимæ иунæг йеддæмæ нал баззад, уый мын куы загъта, уæд Хъазыбегæй чиныг фæстæмæ райстон æмæ йæ Газаччы бинойнагмæ радтон».

Чиныг чи бакаст, уыдон Тогуызы-фырты грамматикæйæ цы загътой, слестгæнæджы уыцы фарстæн Сæрмæт ахæм дзуапп радта: «Се ‘ппæтимæ нæ ныхас кодтон, фæлæ мын Сеоты Захар афтæ загъта, æз, дам, кæй сарæзтон, уыцы грамматикæимæ, дам, бирæ рæтты тынг æнгæс сты, зæгъгæ, фæлæ нæм уый фæдыл бæлвырд ныхас нæ уыди. Уымæй уæлдай йыл, мæ курдиатмæ гæсгæ, Багаты Никъала рецензи ныффыста æмæ йын йæ æвæрццæг миниуджытæ дæр æмæ йæ хъæндзинæдтæ дæр бацамыдта».

1936 азы 17 сентябры та Æрнигоны фатеры ногæй баджигул кодтой æмæ дзы, цы дыууæ чиныджы ма йæм баззад, уыдон рахастой. Йæ къухфыстытæ дæр уæд хаст æрцыдысты.

Маньчжурæй Цæгат Ирыстонмæ æрбаздæхгæйæ, Æрнигон кæимæ бахæлар, уыцы адæймæгты номхыгъд сбæлвырд

кæнын дæр слестгæнджытæм тынг ахсджиаг хъуыддаг каст æмæ йæ 1936 азы 25 октябры сæрмагондæй æрфарстой: «Орджоникидзейы дæ дæ зонгæтæй чи цал хатты абæрæг кодта?»

Æрнигон сæ ранымадта: Къосираты Сæрмæт, Фæрнион Къоста – 2–3 хатты, Цогойты Тасо, Æмбалты Цоцко – 3 хатты, Мысыкаты Бибо –2–3 хатты, Насхъидаты Разитæ – 4 хатты, Насхъидаты Надеждæ –иу 8 хатты бæрц, Дзуццаты Асæге – 2 хатты, Цомайты Хадзырæт – 1 хатт, Барахъты Гино – 2 хатты, Дзаттиаты Алыксандр – 2 хатты, Дзесты Куыдзæг – 1 хатт, Дзанайты Иван – 1 хатт, Доййаты Саханджери – 2 хатты, Дзгойты Хъуыбады – 2 хатты, Боциты Барон – 1 хатт.

– Дæхæдæг та-иу сæ уазæгуаты кæмæ уыдтæ?

Къосираты Сæрмæтмæ мæ бинойнагимæ иу 6–7 хатты уыдтæн, иунæгæй та – 5–6 хатты. 3–4 хатты мæ бинойнагимæ уыдтæн Насхъидаты Разитæ æмæ Надеждæмæ, 1 хатт – Дзаттиаты Алыксандрмæ, 1 хатт – Дзанайты Иванмæ. Уымæй уæлдай ма сæмбæлдтæн Дзесты Куыдзæг æмæ Булацаты Сергейы чындзæхсæвты. Æндæр фембæлдтытæ нæ хъуыды кæнын».

«Буржуазон националист» Къосираты Сæрмæт уæдмæ ахæстоны конд æрцыд æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, слестгæнæг бафарста:

– Къосираты Сæрмæт дæм цавæр хъуыддæгты фæдыл цыд, стæй-иу дæ фатеры уæ ныхас цæуыл уыд?

– Сæрмæты мысинæгтæм хъусын тынг уарзтон, йæ раздæры революцион, литературон æмæ æхсæнадон куысты тыххæй-иу дзырдта. Мидхæсты рæстæг Ирыстоны хъæуты цæрджытæн, Советон хицаудзинад сын цы бирæ хæрзтæ æрхæсдзæн, уый куыд æмбарын кодта, тифæй рынчын сырхæфсæддонтæн рынчындон куыд сарæзта, журнал «Мах дуг» æмæ æндæр ирон чингуытæ куыд уагъта, Ирон театры директор уæвгæйæ йæм цы фæндтæ уыди, æппæт уыдæтты тыххæй мын радзырдта. Ирон литературæйы рæзт, ирон æвзаджы культурæ, æвзаджы ахадындзинад адæмы царды, – уыцы фарстатæ дæр-иу уыдысты нæ ныхасы сæр.

Слестгæнæгæн, фыссæджы фатермæ Фæрнион Къоста, Барахъты Гино æмæ Дзанайты Иван цæмæн цыдысты, уый дæр цымыдисаг уыди.

– Фæрнион Хетæггаты Къостайы уырыссаг æмдзæвгæты гранкæтæ, иумæ сын сæ рæдыдтæ сраст кæнæм, зæгъгæ, æрбахаста. Каст куы фестæм, уæд уайтагъд типографимæ атындзыдта – уым æм æнхъæлмæ кастысты.

Барахъты Гино дыууæ хатты йæ уацмыстимæ æрбацыд æмæ мын сæ каст.

– Дзанайты Иван та?

– Иванимæ уынджы амбæлдыстæм, иумæ чысыл атезгъо кодтам, стæй мæ фатермæ баздæхтыстæм. Ирон фысджыты сфæлдыстадыл уыди нæ ныхас, сæ уацмыстæ сын æвзæрстам. Кæрæдзийы, уый афтæ чысыл цæмæн фыссы, æз та мæ фыссын цæмæн ныууагътон, уыдæттæй фарстам. Сфæлдыстадон куыстæн мын æппындæр рæстæг нæ зайы, зæгъгæ, хъынцъым кодта.

...Ралæууыд 1937 аз, фæлæ Æрнигоны хъуыддагæн йæ кæрон нæма зынд.

– Дæ чындзæхсæвы чи цы дзырдта? – бафарста слестгæнæг, ныр цалдæр мæйы дæргъы ахст чи уыд, уыцы ирон фыссæг Дзесты Куыдзæджы. Фыццаджыдæр ын, кæй зæгъын æй хъæуы, Æрнигоны ныхæстæ уыдысты цымыдисаг.

– Ирыстоны хæхты ахуыргæнæгæй куы куыста, уыцы рæстæгæй иу цау радзырдта Æрнигон, – загъта слестгæнæгæн Куыдзæг 1937 азы 8 январы. – Æндæр мæ зæрдыл ницы лæууы. Йæхи хъæппæрисæй ирон æвзаг амонынмæ ногдзинад бахаста æмæ йын уый фæдыл, скъола кæй бæрны уыд, уыцы сауджынимæ быцæу рауад. Æрнигон уыцы цау радзырдта, раздæр ирон æвзаг æбар кæй уыди, ныр та йæ рæзынмæ кæй ницы хъыгдары, уыцы хъуыды бахахх кæныны тыххæй...

Æрнигонимæ ма иумæ фыдракæнд саразыны азым хастой ноджы дыууæ адæймагмæ. Уыдон уыдысты: Дзуццаты Хъызылбеджы фырт Асæге, райгуырд Цæгат Ирыстоны Орджоникидзейы районы Хуссары хъæуы 1886 азы, ирон, ССР Цæдисы гражданин, уæлдæр ахуырад æм ис, каст фæци Æрыдоны дины семинар, 1916 азы та – Мæскуыйы коммерцийы институты экономикон факультет, рæстæмбис цæрæг зæхкусæджы фырт, службæгæнæг, бинонты хицау, йæ даринæгтæ – йæ бинойнаг æмæ дыууæ æнахъом сывæллоны, партийы рæнхъыты уыди 1925–1936 азты, æфсæддон

службæйы никуы уыд, куыд зæгъы, афтæмæй йæ хъуыддаг тæрхондонмæ никуы бахауд;

Цомайты Дмитриййы фырт Харлампий (Хадзырæт), 1875 азы гуырд, ирон, ССР Цæдисы гражданин, рæстæмбис цæрæг зæхкусæджы фырт, ис æм астæуккаг ахуырад, 1897 азы каст фæци Æрыдоны дины семинар, 1897 азæй фæстæмæ – сауджын, 1910–1925 азты сауджынæй куыста Ирыхъæуы аргъуаны, æнæпартион, службæгæнæг, 1915–1916 азты – Владикавказы Епархийы Управленийы журнал «Чырыстон цард»-ы редактор, 1932 азы йæ фыдракæнды тыххæй дзуапп лæвæрдта Уæрæсейы Федерацийы 5810 статьямæ гæсгæ (Советон хицауады ныхмæ агитаци æмæ пропагандæ, контрреволюцион сыстадмæ разæнгардгæнæг чингуытæ уадзын, хæлиу кæнын æмæ сæ хæдзары дарын. – Т. Ю.). Аст мæйы ахæстоны фæбадти, стæй йæ тæрхондон сраст кодта...

Зылынгæнæн гæххæттæй: «Цæгат Ирыстоны автономон облæсты Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады Управленийы цы æрмæг æрæмбырд ис, уый фæдыл 1936 азы 10 сентябры Тогуызты Васили, Дзуццаты Асæге æмæ Цомайты Харлампи ахст æрцыдысты – кæрæдзиимæ æнгом баст уæвгæйæ, уыдон Цæгат Ирыстоны контрреволюцион националистон куыст кæнынц. Уæлæнгæйтты фарст куы æрцыдысты, уæд дæр рабæрæг, æртæйæ иумæ контрреволюцион куыст кæй кæнынц иугæндзон, уый. Контрреволюцион æмæ троцкистон пропагандæ кодтой, колхозты ныхмæ адæмы ардыдтой, рауагъдады куыст къуылымпы кæныныл нæ ауæрстой – уыдоны аххосæй-иу рауагъдады пълантæ фехæлдысты æмæ-иу ахуыргæнæн, хъæууонхæдзарадон æмæ аивадон чингуытæ рухс нал федтой. Сæхицæн пайда чи ‘рхæсса, паддзахадæн – зиан, сæ дзыппы бæркадыл чи фæзына, ахæм хъуыддæгтæ арæзтой. Цы чингуытæ уагътой, уыдоны мидис афтæ галиу кодтой, цæмæй сын контрреволюцион ахадындзинад уа».

Бæлвырддæр дзургæйæ, цавæр азым хастой Æрнигонмæ? Цæй тыххæй йæ æрцахстой?

Зылынгæнæн гæххæттæй: «1) Тогуызты Ильяйы фырт Васили, Цæгат Ирыстоны облæсты рауагъдады кусгæйæ, Дзуццаты Асæге æмæ Дзесты Куыдзæгимæ (фæстæдæр йæ хъуыддæгтæ хурмæ калд æрцыдысты, троцкист кæй уыд,

уый рабæрæг æмæ ныр ахст у). Советон хицауады национ политикæйы ныхмæ пропагандæ кодта йе 'мкусджыты æмæ-иу, рауагъдадмæ исты хъуыддаджы фæдыл чи 'рбацыд, уыдоны 'хсæн дæр дзырдта, Советон хицауад, дам, архайы ирæтты суырыссаг кæныныл æмæ, дам, уыцы хъуыддаджы хæдхæцæг паддзах дæр йæ разы ницы у. Тогуызы-фырты ныхæстæм гæсгæ, ирæтты уавæр Ирыстоны, ныртæккæ китайæгтæ Маньчжуры цы уавæры сты, уымæй æппындæр ницæмæй хицæн кæны. Япойнæгтæ, дам, Маньчжуры куыд хицауиуæг кæнынц, раст афтæ сæхи дарынц Ирыстоны уырыссæгтæ дæр æмæ, дам, ирæттæн дæр, уырысæн пайда цы уа, æрмæст уый кæныны бар ис. Ирæтты уавæр та æппындæр никæй æндавы; 2) колхозты ныхмæ дæр ардыдта адæмы Тогуызы-фырт: Советон хицауад, дам, афæдзы дæргъы æнæрынцойæ кусын кæны зæхкусæджы, йæ туг ын цъиры, фидгæ та йын ницы кæны æмæ, дам, æй афтæмæй мæгуыргуры уавæрмæ æртардта; 3) 1936 азы августы Серноводскы курорты йемæ чи улæфыд, уыдоны та Троцкийы зондахастыл ардыдта Тогуызы-фырт».

Цыбыр дзырдæй, Æрнигоны хъуыддаг Уголовон кодексы карздæр статьятимæ – 5810 æмæ 5811 – баст æрцыд. Зылынгæнæн гæххæтты фыст и, æвдисæнты æмæ æндæр æрмæджыты руаджы Æрнигонæн йæ бон «атæлфын кæй нал баци æмæ йæхæдæг дæр цæуылдæрты кæй басаст».

Æрнигон æмæ йе 'мбæлттæн хъуамæ тæрхон кодтаиккой 1937 азы апрелы. Газеттæ сæ удæй арт цагътой, сидтысты, разæнгард кодтой «буржуазон националисттæ æмæ адæмы знæгты» хъуыддæгтæ кæронмæ хурмæ 'ракалынмæ. Газет «Пролетарий Осетии» ныммыхуыр кодта Орджоникидзейы партион активы æмбырды тыххæй æрмæг (1937 азы 1 апрель), уацхъуыдтæ «Буржуазон националистты ахстон» (1937 азы 15 апрель, йæ автор – Лурье Я.), «Цæгат Ирыстоны фысджыты правленийы æнæмæтдзинад» (1937 азы 18 апрель, йæ автор – Белоусов Ф.). Къосираты Сæрмæт, Фæрнион Къоста, Дзесты Куыдзæг, Æбаты Шамил, Дзагуырты Гуыбады æмæ иннæтыл цъыф калынæй нæ ауæрстой. Кæд Æрнигоны кой нæ кодтой, уæддæр уыцы адæймæгтимæ йæ бастдзинад сусæггаг никæмæн уыди, æмæ уыцы æуууæл фаг уыди фыссæгæн карз тæрхон рахæссынæн. Уымæй уæлдай ма газет «Пролетарий Осетии» 1937 азы 27 апрелы, – Æр-

нигонæн тæрхон куы кодтой, раст уыцы бон, — ныммыхуыр кодта Фыццæгæм Майы кадæн Сидтытæ æмæ се 'хсæн уыди: «Адæмы знæгты, япойнаг-гермайнаг-троцкистон знаггадгæнджытæ æмæ агентты уидæгтæ бындзарæй сыскъуынæм! Мæлæт — Фыдыбæстæ уæйгæнджытæн!»

1937 азы Æрнигон Илас дыууæ курдиаты ныффыста Орджоникидзейы Крайы Тæрхондоны Сæрмагонд Коллегийы сæрдары номыл. Фыццаджы куырдта, цæмæй йын йæ хъуыддаг куы 'взарой, уæд тæрхоны агъуыстмæ йæ бинойнаг Душина Мария Николайы чызгæн фæндаг уа, дыккаджы та — цæмæй йын æвдакат бацагурыны бар лæвæрд æрцæуа...

Курдиæттæй иуыл дæр резолюци æвæрд нæй.

— Дæ фыдæн дын тæрхон куы кодтой, уæд дæ мад уым уыди? — бафарстон фыссæджы чызджы.

— Цалдæр боны тæрхондоны раз фæлæууыдыстæм мæ мадимæ, — загъта Замирæ. — Мидæмæ йæ нæ бауагътой...

— Тæрхондоны агъуыст ма хъуыды кæныс?

— Никуы мæ ферох уыдзæн. Ныртæккæ дæр мæ йæ рæзты цæуын куы бахъæуы, уæд мæхимидæг бакæрзын — Ленин æмæ Горькийы уынгтæ кæм фæиу сты, уыцы тигъыл дыууæуæладзыгон агъуыст. Уыцы æнамонд рæстæджы дзы, æнхъæлдæн, хæстон комендатурæ уыди...

...Тогуызты Газакк, Дзуццаты Асæге æмæ Цомайты Хадзырæты хъуыддаг 1937 азы 27—29 апрелы æвзæрстой Орджоникидзейы Крайы Тæрхондоны Сæрмагонд Коллегийы. Тæрхондоны лæгтæ уыдысты Сажумян, Байаты чызг, сæ хистæр та — Наседкин.

— Мæ хъуыддаг æмбырдгонд куы фæци, уæд мæ йемæ кæй нæ базонгæ кодтой, уымæ гæсгæ мын бар раттут, цæмæй йæм æркæсон, — бахатыд Æрнигон тæрхоны лæгтæм, фæлæ йын уыдон йæ курдиат ницæмæ 'рдардтой.

Зылынгæнæн хатдзæг куы бакастысты æмæ кæронбæттæны Æрнигоны, аххосджын кæй дæ, ууыл сæттыс, æви нæ, зæгъгæ, куы бафарстой, уæд уый цæхгæр дзуапп радта: «Мæхи зылынджын ницæмæй хонын».

Цомайы-фырты раныхасæй тæрхоны раз: «1915—1916 азты, Владикавказы Епархийы Управленийы уынаффæмæ гæсгæ, редакци кодтон дины журнал «Чырыстон цард». ...Журналмæ

Владивостокæй иронау фыст уацмыстæ æрвыста Æрнигон дæр (йæ фæсномыг – «Мызурон Илас»). Æз ын журнал уырдæм æрвыстон. Журналы архайдтой Хъороты Дауыт, Гæдиаты Секъа, Токаты Алихан, Тогуызты Васили æмæ Тыбылты Саввæ. Тогуызы-фырт йе 'мдзæвгæты йæ фыдызæхх мысыд. Сабитæн фыст æмдзæвгæтæ дæр æм уыд...»

Къосираты Сæрмæт загъта тæрхоны раз: «Тогуызы-фырты æз фыццаг йæ фыстытæм гæсгæ зыдтон. Нæ рауагъдадмæ йæ уацмыстæ æрвыста Харбинæй. Йæ Райгуырæн бæстæ кæй мысы, уый сыл бæрæг уыд, фæлæ сæ революцийы ныхмæ ницы федтон. Национализмæй дæр хызт уыдысты. Цы водевиль нæм сæрвыста, уым зæронд æгъдауы ныхмæ тох кодта. Йæ сабийы сывæллæтты рæвдауæндонмæ раттынмæ зивæг кодта, ирон æвзагыл дзы кæй нæ сахуыр уыдаид, уымæ гæсгæ. Ирæттæм национ æнкъарæн нæй æмæ уый сæхи аххос кæй у, ууыл дзырдта».

Æрнигон йæ зылынгæнæн гæххæттытыл чъылдымырдыгæй ныффыста: «Æвдисæнты ныхæстæ. 1. Булацы-фырт (нацрауагъдады хицау). Антисоветон ныхæстæ фæкæнын, зæгъгæ, Дзесы-фыртæй фехъуыста. Дзесы-фырт ууыл нæ сæтты. Уырнинаг нæу, æмæ, ахæм ныхæстæ фехъусгæйæ, Булацы-фырт мæн куыстæй ма асырдтаид. Уый нæ, фæлæ ма мын, куыд хорз кусæг, афтæ 1936 азы 1 маймæ æхцайы преми дæр радта. Уымæй уæлдай ма Даншинæй (литограф) дæр фехъуыста, цыма æз политикон ахуыры къорды æмбырды афтæ загътон: «...революцитæ кæддæриддæр сæхигъдауæй рауайынц, парти сæм ницы бар дары». Уый тыххæй Даншин бæстон фарст не 'рцыд. Мæхицæй та мын Булацы-фырт ахæмæй ницы фехъуыста; 2. Курленко (типографийы хицау, слестгæнæг æй бæстон нæ фарста) дæр уыцы политахуыры къорды кой кæны; Даншин, дам, фехъуыста, цыма æз, националистон хъуыдытæй сæрибар нæ дæн. Уыцы бон къорды ахуыры ацы дыууæ æвдисæны сæхæдæг кæй уыдысты, ууыл дызæрдыг нæ кæнын. Уый тыххæй æвдисæнтæ ссарын мæ бон у»; 3. Кодзыры-фырт (йæ ныхæстæ йын уæлдæр æрхастон – Т. Ю.); 4. Къосирайы-фырт фыццаг загъта, цыма æз: а) колхозты аиппытыл карзæй дзырдтон; б) дзырдтон, раздæримæ абаргæйæ, ноджы тынгдæр кæй архайынц Ирыстоны

алцыппæтæй дæр уырыссаг фæтк æмæ уагæвæрд ныффидар кæныныл, алы ран дæр нæм разамынд уырыссæгтæ кæй дæттынц. Тæрхоны раз радзырдта: «Колхозон арæзтады хъуагдзинæдтыл дзургæйæ Тогуызы-фырт уыимæ колхозты æнтыстытæ æмæ уæлахизты кой дæр кодта. Дзырдта колхозонты цард фæхуыздæр кæныныл... Партийы политикæ уырыссаг уагæвæрд ныффидар кæнынмæ арæзт у, уыцы хъуыды нæ уыди йæ ныхæсты – дзырдта, парти кæд ууыл нæ архайы, уæддæр Ирыстон йæхигъдауæй уырыссаггæнгæ кæй цæуы. Уырыссæгтæ нæм алы ран бынæттæ бацахстой, уыцы хатдзæг дзы никуы фехъуыстон. Цавæрдæр Кабоевы кой кодта – кусынæн, дам, нæу, йæ куыстытæ, дам, йæ хæдивæгмæ кæсынц»; 5. Курорты кæимæ базонгæ дæн, уыцы æвдисæнтæ (Хæдарцы-фырт æмæ Бутайы-фырт) мын мæ ныхæстæ афтæ рафæзмыдтой, цыма нæм парти æвзаджы тыххæй национ политикæ барæй нæ кæны. Партийы обкомы, дам, нæ фæнды æвзаджы хъомыс фидар кæнын. Стæй, дам, æй, колхозонтæ искуы революцийы размæйы зæхкусджытæй хуыздæр цæрой, уый дæр нæ уырны...»

Æрнигоны тыххæй Кодзырты Адылы фырт Гæбыла дзырд куы бахаста, уæдæй цыппар мæйы фæстæ та Сæрмæты фесафыныл сси йæ куыст. Æмæ сын Боциты Тимофейы фырт Барисимæ æнтысгæ дæр бакодта – сæ ныхæстæ афтæ сахадыдтой, æмæ Сæрмæт ахст æрцыд, реабилитаци та йæ æрмæст 19 азы фæстæ скодтой.

Æвдисæнтæ Коккы-фырт æмæ Хадыхъы-фырты ныхæсты тыххæй Æрнигон ныффыста: «...бæстон сæм æркæс, уæд Троцкийы зондахастыл кæй хæцын, ууыл не 'ууæндын кæнынц. Сæ ныхæстæм гæсгæ, æз æрмæст уыцы хъуыды загътон, æмæ троцкисттæн дæр дзурыны бар раттын хъæуы, уæд та сæм исты хорз хъуыдытæ ис, зæгъгæ... Националистон æнкъарæнтыл куы дзурæм, уæд Хадыхъы-фырт загъта, æз ын, иронау дзургæйæ æвзаг кæй дызгъуынтæ кæны æмæ дзы, хъæуа-нæхъæуа, уырыссаг дзырдтæ кæй тъыссы, уый тыххæй кæй бауайдзæф кодтон. Колхозты тыххæй та, æвдисæнтæ куыд загътой, афтæмæй дзырдтон, колхозонтæ нырма революцийы размæйы зæхкусджытæй мæгуырдæр кæй цæрынц...»

...Тæрхоны лæгты хистæр Æрнигонæн фæстаг ныхасы бар куы радта, уæд уый загъта: «Æвдисæнты ныхæсты хъомыс мын æмбæрстгонд у... Фæлæ мæ базаргæнæджы фырт цæмæн хонут, цæмæн? Æрмæстдæр уымæн, æмæ мæ фыдæн Æрыдоны, кæсæгтæ кæм уæй кодта, ахæм æнæбары дуканигонд уыди. Мæ мады фæдыл йæ муртæ радта, мад та хæдзармæ æрбахаста 25 сомы. Ахæм уавæры уыди мæ фыд, бинонты хъуыддаг куы бакодта, уæд. Йæ дукани йын, нæ хæстæн исты амал скæнæм, зæгъгæ, мæныл афæдз æмæ ‘рдæг цыди, афтæ ауæй кодтой. Фондз азы мыл куы сæххæст, уæд мæ фыд амард æмæ мæ мады æвджид баззадтæн. Азымы нæ дарут, сæрмагонд къорд сарæзтат, зæгъгæ. Ууыл æз æппындæр разы нæ дæн – къордæн дзы йæ кой дæр нæ уыд. Æвдисæнты тыххæй. Дыууæ къордыл сæ дих кæнын. Фыццаг – æрмæст мæ дыууæ азы дæргъы чи зоны, уыцы горæтæгтæ, дыккаг – курорты кæимæ сæмбæлдтæн æмæ мæ цалдæр къуырийы йеддæмæ чи нæ зоны, уыдон.

Къосирайы-фыртæй дарддæр мæ антиколхозон пропагандæйы кой ничи скодта, фæлæ уый дæр, хъуыддаг æцæгæй куыд уыд, афтæ нæ бавдыста. Æвдисæнты дыккаг къорд – курортдзаутæ, рæстæгмæйы зонгæтæ – уыдонимæ антиколхозон ныхæстæ никуы кодтон. Ме ‘нæниздзинад æвзæр у, уымæ гæсгæ курын, цæмæй мын ма айсат, цы чысыл царды бонтæ ма мын баззад, уыдон».

Цомайты Хадзырæты фæстаг ныхас: «Мæлæтæй нæ тæрсын, 62 азы мыл цæуы, зæронд лæг дæн. Советон хицауадæн знаггад кæй никуы кодтон, уый мын дызæрдыггаг нæу. Советон мыхуыр цæсты бафтауон, уыцы хъуыды мæм никуы уыди, контрреволюцион куыст нæ кодтон æмæ аххосджыныл мæхи нæ нымайын».

Тогуызты Газакк æмæ Цомайты Хадзырæтæн тæрхон рахастой фæйнæ дæс, Дзуццаты Асæгейæн та – авд азы ахæсты æмгъуыд.

– Куы йæ ‘рцахстой, уæдæй фæстæмæ дæ фыды никуыуал федтай? – бафарстон фыссæджы чызджы.

– Иунæг хатт ма йæ федтон, – арф ныуулæфыд Замирæ. – Фæлæ тæрхоны размæ уыди æви тæрхоны фæстæ, уый нал хъуыды кæнын. Иуахæмы мын мæ мад загъта, абон бабамæ

цæудзыстæм, зæгъгæ. Мæ цинæн ма кæрон кæм уыди! Мæ мадимæ егъау рæсугъд агъуыстмæ бацыдыстæм. Ныртæккæ дзы сабиты цъæхснаг хъæлæстæ зæлынц, уæд та дзы адæм кæугæ æмæ дзыназгæ кодтой.

Мæ мад кæимæдæр аныхæстæ кодта, æмæ нын дыккаг уæладзыджы иу уатмæ бацамыдтой. Æппындæр дзы ничи уыд. Чысыл фæстæдæр нæм Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады кусæг мæ фыды æрбакодта. Æз æй æвиппайды нал базыдтон. Йæхи хуызæн дæр нал уыд, афтæ сфыдхуыз æмæ ныцъцъæх и. Йæ хъæбысмæ мæ фелвæста, æз йæ риумæ мæхи ныл-хъывтон, скуыдтон. Уымæн дæр йæ цæссыгтæ æркалдысты. Мæ мад дæр йæхи нал баурæдта. Афтæ куыдтам æртæйæ. Мæ фыд нæ кæугæйæ сабыртæ кодта. Цы лæг æй æрбакодта, уый дæр, бафиппайдтон æй, иннæрдæм азылд æмæ афтæмæй куыдта... Уæдæй фæстæмæ мæ фыды никуал федтон.

— Дæ мад та?

— Мæ мад ма йæ иу хатт федта уыцы аз. Ахæстоны. Ныр-тæккæ хæххон-металлургон техникумы æмдзæрæн кæм и, уым уæд нырма быгъдæг уыди. Ды уал, дам, мæ рацыдмæ ам хъаз, зæгъгæ, мæ мæ мад уым фæуагъта, йæхæдæг ахæ-стонмæ бацыд. Куы раздæхт, уæд мын загъта, баба, дам, дæ рудзынгæй федта...

— Дæ фыды дын кæцæй ракодтой, уыцы фатеры рагæй нал цæрут?

— Мæ фыды фæстæ ма дзы мæ мадимæ цалдæр мæйы ацардыстæм. Стæй нæ ратардтой. Нæ хæдзары дзаумæттæ хæстæджытæ æмæ зонгæтæм бафснайдтам. Уый фæстæ нæм дзы бирæ ницуал бафтыд — хæлæттаг фесты. Пролетарон (ныртæккæ Сабырдзинады проспект) уынджы нын æстдæс æмæ ссæдзæм хæдзары дыккаг уæладзыджы иу къаннæг — уымæл æмæ уазал — уат схай кодтой. Йæ бынмæ фыццаг уæладзыджы та цыдæр гæххæттыты скълад уыди. Мæ мад æм куы базылд, уæд нæ ног цæрæнбынат чысыл фæаивдæр ис.

— Дæ фыды хæстæджытæ-иу уæ нæ абæрæг кодтой?

— Иуæй-иутæ, уыдон дæр тынг стæм хатт. Кæд æнахъом уыдтæн нырма, уæддæр уайтагъд бафиппайдтон: мæ фыды рæстæджы-иу нæм тынг арæх чи цыди, уыдон нæ къæсæрæй мидæмæ нал бакастысты. Мæ фыдæн иу тынг хæрзхæстæг

уыди. Сергийы уынджы куы цардыстæм, уæд, зæгъæн ис, нæ хæдзарæй æддæмæ нæ цыди, фæлæ мæ фыды куы ‘рцахстой, уæд йæ кой дæр нал разынд. Иу цауы фæстæ мæ цæстысындз фестад, йæ ном сдзурын дæр мæм зын кæсы, афтæ æлгъаг мын у. Мæ мадимæ уынджы фæцæйцыдыстæм. Уалынмæ кæсæм æмæ нæ комкоммæ æрбацæуы. Куы нæ ауыдта, уæд æваст фæлæууыд æмæ уынджы иннæ фарсмæ фæцæуæг...

...Тогуызты Газакк, Дзуццаты Асæге æмæ Цомайты Хадзырæт сæ азымыл нæ басастысты æмæ сæ хъаст Уæрæсейы Сæйраг Тæрхондонмæ бахастой. Уый уынаффæ рахаста, цæмæй сын, «æндæр тæрхонылæгтæ снысан кæнгæйæ, суанг сæрæй кæронмæ ногæй сæ хъуыддаг равзарой».

Æрнигонæн галиу тæрхон чи рахаста, бирæ сыгъдæг удтæ æнæ исты аххосæй чи бабын кодта, уыцы адæймæгтæй иу, Орджоникидзейы Крайы Тæрхондоны уæнг Сажумян цалдæр мæйы фæстæ сси Цæгат Ирыстоны Сæйраг Тæрхондоны сæрдар.

...Æрнигонæн йæ тæрхон ивд æрцыд, фæлæ уæддæр республикæйы газетты, йæ ном ын «адæмы знæгты» номхыгъдты кæм нымадтой, ахæм уацхъуыдтæ фæзынд. Сæ иу «Буржуазон националистты фыдракæндтæ идеологион фронты» («Соц. Осетия», 1937 азы 16 июль). Йæ автор Галаты С. худинаджы гакк æвæрдта «буржуазон националисттæ» Къосираты Сæрмæт, Малиты Геуæрги, Æбаты Шамил æмæ Дзагуырты Гуыбадыйыл, «адæмы знæгтæ» Барахъты Гино æмæ Тогуызты Газаккыл, «троцкисттæ» Фæрнион Къоста æмæ Дзесты Куыдзæгыл.

Æндæр автор – Никитин М. (уацхъуыд «Буржуазон националистты ахстон Цæгат Ирыстоны паддзахадон рауагъдады», «Соц. Осетия», 1937 азы 20 сентябрь) цъыф калдта Къосираты Сæрмæт, Тогуызты Газакк, Дзесты Куыдзæг æмæ Æбаты Шамилыл. Уæлдæр цы уацхъуыды кой ракодтам, уый автор Галаты С. дæр дзы нæ ферох – «буржуазон националистты сæрылхæцæг» æй рахуыдта. Уымæй иу бон раздæр газеты мыхуыргонд æрцыд æндæр уацхъуыд – «Идеологион фронты буржуазон националистты мыггаг бындзарæй фесафын хъæуы». Уый дæр та уыди «буржуазон националисттæ» Къосираты Сæрмæт æмæ Дзагуырты

Гуыбады, «троцкистон бандиттæ» Дзесы-фырт æмæ йе ‘мхуызæттæ, «æнаккаг троцкист» Фæрнион æмæ иннæты ныхмæ. Цыбыр дзырдæй, Галаты С. кæй кой кодта, уыдонæй иу дæр рохуаты нæ баззад. Уый нæ, фæлæ ма йын йæхи дæр куыдзæй-куыдздæр ныккодтой: «Буржуазон националисттæ, троцкисттæ æмæ адæмы знæгты сæрылхæцæг æмæ хъузон Маурены (Цæгат Ирыстоны партийы обкомы кæддæры фыццаг секретарь. – Т. Ю.) зæвæттæсдæрæг, – ничи йæм кæсы! – партийы горкомы скъолаты хайады сæргълæуууæг сси!»

Чысыл фæстæдæр, «адæмы знæгты æнаккаг хъуыддæгтæ» хурмæ калгæйæ йæ удæй арт чи цагъта, уыцы Галаты С. дæр репрессигонд æрцæуудзæн... Æцæг æй Æрнигон, Фæрнион, Къосираты Сæрмæг æмæ бирæ æндæр ирон фысджытæ, рухстауджытау, æхсæнадон кусджытау æхсгæ нæ фæкæндзысты.

Бæстондæр мæ æркæсын фæнды, йæ автор Шестаков С. Д. кæмæн уыди, уыцы уацхъуыдмæ. Йæ сæргонд – «Цытджын Сталин куыд амоны, афтæ хъуамæ кусæм» («Соц. Осетия», 1937 азы 21 декабрь). Шестаков фыста, «се ‘цæг цæсгом кæмæн разынд, уыцы адæмы знæгтæ – буржуазон националисттæ» Къосираты Сæрмæт. Фæрнион, Дзесты Куыдзæг, Малиты Геуæрги, Тогуызты Газакк æмæ Къубалты Алыксандры тыххæй; се ‘наккаг митæ рабæрæг сты, уый, дам, куы бамбæрстой, уæд, дам, басастысты, се ‘гъуыз царды мидис фæллойгæнæг адæмæн знаггад хæссын кæй уыди, ууыл, фæлæ, дам, «фæллойгæнджыты ‘ххуысæй республикæйы пролетарон диктатурæйы кусджытæ буржуазон-националистон бандæйы «рыцæртыл» бамæт кодтой æмæ сын ныр сæ бынат ссарын кæндзысты».

«Пролетарон диктатурæйы кусджытæ», Шестаковы уацхъуыд мыхуыры нæма рацыд, афтæ «батыхстысты», кæй кой кодта, уыцы «знæгтæй» цыппары хъысмæтыл: 1937 азы 27 августы Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады «Æртæйы» уынаффæмæ гæсгæ æхст æрцыд Къосираты Уырысбийы фырт Сæрмæт (сраст æй кодтой 1956 азы 9 октябры), 1937 азы 8 октябры «Æртæйы» уынаффæмæ гæсгæ фехстой Къубалты Захары фырт Алыксандры дæр (реабилитацигонд æрцыд 1955 азы 6 декабры), 1937 азы 4 декабры «Æртæ» 10 азы ахæсты тæрхон рахаста Малиты Гæдойы фырт Геуæргийæн

(1956 азы 10 апрелы ма йæ бæргæ сраст кодтой, фæлæ поэт уый нал æрæййæфта), Дзесты Габрелы фырт Куыдзæджы ахæстоны сбадын кодтой 5 азы æмгъуыдмæ.

Баззадысты ма Фæрнион Къоста æмæ Æрнигон Илас. Шестаковы уацхъуыд куы рацыд, уымæй раст иу къуырийы фæстæ – 1937 азы 28 декабры – Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады «Æртæ» сæ дыууæйæн дæр (стæй ма семæ – Дзуццаты Асæге æмæ Цомайты Хадзырæт) æхсыны тæрхон рахаста.

Къоста, Асæге æмæ Хадзырæты фехстой дыууæ боны фæстæ, 30 декабры, Æрнигоны – 1938 азы 5 январы 49-аздзыдæй. Фæрнион та дзы ссæдз азы кæстæр уыди.

Чи уыд, цымæ, уацхъуыды автор Шестаков, куыд рауад йæ дарддæры хъысмæт?

1937 азы 20 декабрь. «Соц. Осетия». Очерк «Æртæ хъæбатыры». Скъуыддзаг: «Бæрнон куыст кæны кæддæры æхххуырст. Паддзахадон æдасдзинады хистæр лейтенант Шестаков Сергей Дмитрийы фырт. Хъæбатыр чекист, парти æмæ социалистон Фыдыбæстæйы иузæрдион хъæбул, уый, йæ удыл нæ ауæрдгæйæ, æххæст кæны йæ кадджын хæс».

1937 азы 24 декабры «Соц. Осетия» фехъусын кодта, «ахсджиаг хицауадон хæстæ иттæг хорз æххæст кæныны тыххæй» Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады 20 азы кадæн бæрзонд хæрзиуджытæ чи райста, уыдоны ‘хсæн кæй ис Шестаков Сергей Дмитрийы фырт дæр. Лæвæрд ын æрцыд Сырх Стъалыйы орден.

1938 азы Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты адæмон комиссары хæдивæг Шестаков Самуил (Сергей дæр æй хуыдтой æмæ Самуил дæр. – Т. Ю.) Дмитрийы фырт республикæйы Сæйраг Советмæ депутатæй æвзæрст æрцыд... æмæ – куыд мандатон къамисы сæрдар – фыццаг сессийы раныхас кодта («Соц. Осетия», 1937 азы 11 июнь, 22 июнь, 26 июль). Цалдæр мæйы фæстæ «хъæбатыр чекист» Шестаков Самуилы йæ куыстæй аиуварс кодтой, йæ хъуыддаг тæрхондонмæ лæвæрд æрцыд æмæ йын уым, бирæ адæмы рæстæй кæй бабын кодта, уый тыххæй фехсыны тæрхон рахастой.

...1955 азы 12 ноябры Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Тæрхондоны Президиум аргъ скодта республикæйы прокуроры протестæн, лæмбынæг æркаст Æрнигон, Хадзырæт æмæ

Асæгейы хъуыддагмæ æмæ дзы фыдракæндæй ницы ссардта. Æнæ исты аххосæй чи фесæфт, уыцы курдиатджын ирон фыссæг æмæ йе 'мбæлтты нæмттæ ссыгъдæг сты.

...Кæддæр, йæ райгуырæн Ирыстонæй хицæн кæнгæйæ, Æрнигон фыста:

*Хæрзбон, хæрзбон, мæ цард мæ суры,*
*Фæрыст мæ зæрдæ 'мæ цæуын...*
*Фæстаг хатт абон æз уæ цуры*
*Лæууын, мæ хæхтæ, 'мæ кæуын.*

*Цæуын, цæуын, æрмæст уæ разæй*
*Нæ хæссы, оххай, мæн мæ къах.*
*Фæстаг хатт абон сæрæгасæй*
*Уынут, мæ хæхтæ, мæн сымах.*

Рæдыди поэт. Æххæст цыппар азы нæ рацыд, афтæ йæ райгуырæн хæхтыл сæрæгасæй сæмбæлд, æмæ йын афтæ адджын чи уыд, уыцы зæххыл сау лæджы къухæй æнафоны мæлæт ссардта. Æрнигоны хъысмæтыл сагъæс кæнгæйæ, зæрдæдзæфæй чи нæ бакæндзæн: «Фæлтау ма æцæгæлон бæсты куы фæлæууыдаис!..» Фæлæ «Æз Ирыстонæй Дардмæ, дард бæстæм Ныр цы рацыдтæн Сонтæй цардагур?», чи дзынæзта, уый куыд хъуамæ фæлæууыдаид?!

Æрнигон Ирыстонмæ куы 'рбаздæхт, уæд æм дард Харбинæй, уым чи баззад, уыцы ирæттæ фыстой:

«Канд не 'хсæн уæвгæйæ нæ, фæлæ ма ныр дæр фæсвæдæй дæ бон, дæ фадатмæ гæсгæ ирон артыл фу кæныс, цæмæй йæ зынг ма ахуысса, уый тыххæй. Æхсæны хъуыддаджы æнувыдæй кусæг ферох уа æмæ йын аргъ мачи скæна – уый дæ зæрдæ макуы зæгъæд. Циндзинады æмæ тыхст рæстæджы ирон адæмы 'хсæн Газаччы ном кæй вæййы, уымæн æвдисæн агурын нæ хъæуы. Уый фæдыл цæмæй æхсæны куыстæй макуы сфæлмæцай, ирон ном, ирон æгъдауыл ныронджы хуызæн дæ сæр нывондæн куыд хæссай, уыцы арфæ дын абон – афæдзы 'мбырды – адæм дардмæ кæнынц æмæ дыл нæ къорды буц бинойнаджы ном æмдзыхæй æвæрынц. Дæ хъару 'мæ дæ ныфс дæхи фæндиаг».

Уыцы фыстæг абон дæр Къостайы номыл ирон литературæйы музейы архивы ис.

1956 азы 21 ноябры, ССР Цæдисы фысджыты уынаффæмæ гæсгæ (Симонов Константины раныхас), Æрнигон Илас (йæ мæлæты фæстæ) Фысджыты цæдисы уæнгты номхыгъды фæстæмæ йæ бынат бацахста.

...1978 азы декабры, Æрнигоны райгуырдыл 90 азы куы ‘ххæст кодта, уæд ын поэт Хъодзаты Æхсаримæ йæ бинонты бабæрæг кодтам. Мария Николайы чызг æмæ ныл Замирæ тынг бацин кодтой, хæдзары уыдысты фыссæджы чызджы чызджытæ дæр – æхсæрдæсаздзыд Зæринæ æмæ æртындæсаздзыд Маринæ. Къулыл, алы ирон адæймагæн дæр зындгонд чи у, Æрнигоны уыцы хуызист, чингуыты тæрхæгыл – йæ уацмыстæ.

Ныхас нын бацайдагъ. Мария Николайы чызг бадис кодта, Маньчжур æмæ Владивосточы куы уыди, йæ уыцы хабæрттæ йын куыд хорз зонут, зæгъгæ.

– Сымах дæр, æвæццæгæн, уым цардыстут, нæ?

Мах Æхсаримæ кæрæдзимæ бакастыстæм æмæ ныххудтыстæм:

– Нæ, уыцы рæстæджы мах гуырд дæр нæма уыдыстæм. Уарзæм æй æмæ йын йæ царды хабæрттæ дæр уымæн зонæм...

Мария Николайы чызджы цæсгом ныррухс: нæ дзуапп йæ зæрдæмæ фæцыд.

– Цы хуызы базонгæ стут? – бафарстон æй æз.

– Мæ фыд Хинганы станцæйы хъалагъурæй куыста, цæргæ дæр уым кодтам. Скъолайы дæр уым ахуыр кодтон. Иу бон куы уыд, уæд нæм къласмæ æрбацыд ног ахуыргæнæг. Бæрзонд, саджы фисынтыл амад æмæ ...тызмæг. Уырыссаг æвзаг амыдта. Ахуырмæ зивæг чи кодта, уыдонæн нæ барста. Йæ урок-иу кæуылты фæци, уый-иу зонгæ дæр нæ бакодтам, афтæ цымыдисаг уыди кæддæриддæр. Ног ахуыргæнæджы иууылдæр тынг нымадтой – скъоладзаутæ дæр æмæ хистæртæ дæр, раздæр та йыл дис кодтам, уырыссаг нæу, афтæмæй æвзаг куыд хорз зоны, зæгъгæ. Чысыл фæстæдæр æндæр ранмæ аивта, фæлæ ма уый фæстæ дæр мах станцæмæ цалдæр хатты æрцыди. 1927 азы йæм смой

кодтон, авд азы фæстæ та нæ Замирæимæ ардæм æрласта. Ирыстонæй зынаргъдæр ын ницы уыд...

Уыцы изæр нын Мария Николайы чызг æмæ Замирæ Æрнигоны зылынгæнæн гæххæттытæй æртæ сыфы балæвар кодтой, чъылдымырдыгæй сыл – фыссæджы къухфыстытæ.

Мария Николайы чызг ныр æгас нал у, 1980 азы амард.

Замирæ фæкуыста англисаг æвзаджы ахуыргæнæгæй, ныр ис пенсийы. Йæ чызг Зæринæ кусы инженерæй, институт каст фæци Ленинграды, Маринæ та нырма ахуыр кæны – медицинон училищæйы.

Дæс азы размæ дæр ма æвæрдтам уыцы фарст: йæ хъысмæт афтæ трагикон кæмæн рауад, уыцы курдиатджын фыссæджы номæй рахонæм нæ горæты уынгтæй иу, цы хæдзары цард (ныртæккæ Тамайы-фырты уынг, 40), ууыл та мемориалон къæй бакæнæм. Фæлæ уыцы хъуыддагæн фæндаг раттын кæмæ кæсы, Орджоникидзейы горæты уыцы бæрнон кусджытæ хъуыды дæр ницы кæнынц. Уыйхыгъд, зæгъæм, 6 уынджы уыцы иу ном – Промышленная – кæй хæссынц, уымæй та, æвæццæгæн, æппындæр къæмдзæстыг не сты*.

* Тебиаты Юри цы фæндæтты кой кæны, уыдонæй иу æххæстгонд æрцыд: Æрнигон цы хæдзары цард (Тамайы-фырты уынг, 40), уый къулыл фæзынди номарæн къæй. Фæлæ поэт стырдæр кады аккаг у: хъуамæ йын нæ горæты уынгтæй иуыл сæвæрæм йæ ном, йæ бюст та хъуамæ лæууа республикæйы национ библиотекæйы цур – Коцойты Арсен æмæ Гуырдзыбеты Блашкайы фарсмæ. (Редакцийы фиппаинаг).

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

# ДЫУУÆ ФЫСТÆДЖЫ

*Новеллæ*

Дзæнгæрæг ныййазæлыд институты тыргъты. Студенттæ иууылдæр атагъд кодтой аудиторитæм. Мах, æртыккæгæм курс, бадæм 21-æм аудиторийы, æнхъæлмæ кæсæм ахуыргæнæгмæ. Æвиппайды дуар фегом æмæ мидæмæ лæф-лæфгæнгæйæ æрбахауæгау кодта Зæринæ.

Зæринæ горæтаг чызг, махау институтмæ хæстæг-æмдзæрæны нæ цæры æмæ фистæгæй не 'рбауайы. Æрвылбон дæр æй бахъæуы автобусы кæнæ трамвайы цæуын. Æмæ иуæй-иу хатт транспорты аххосæй æрæджы дæр акæны. Махимæ æмдзæрæны куы цæрид, уый йæ тынг фæнды. Уæлдайдæр та, нæм бахæлæг кæны, иумæ нæ хъæлдзæгæй куы фены, уæд. Æмдзæрæнæй йæ йæ къах нал фæхæссы. Хæларæй, кæрæдзи æмбаргæйæ цæры нæ курс. Æмæ уый, æвæццæгæн, фылдæр нæ чызджыты хорздзинад у.

Цас дам-думтæ æмæ æцæг хабæрттæ фехъусæн ис райсомы трамвайты æмæ автобусты! Кусынмæ цæугæйæ, адæм нал фæауæрдынц сæ ныхæстыл. Зæринæ дзы махæн ницы бавгъау кæны. Йæ зæрдæмæ дзы тынгдæр цы айсы, уыдон нын адзуры йæхи хатдзæгтимæ.

— Зæринæ! Куы та байрæджы кодтай, — сдзырдтон æм хъазгæйæ. Зæринæ

мæ зæрдæмæ фыццаг курсæй фæстæмæ цæуы. Хæрзæгъдау, зæрдæхæлар, ахуырмæ – рæвдз, царды фарстатыл йемæ ныхас кæнгæйæ, йæ хъуыдыты æрфытæм куыд бавналы, уымæй хуыздæр мæм дзы ницы кæсы. Уæдæ йæ рæсугъддзинамæ дæр фау æрхæссæн нæй. Фæлæ мын цæмæдæр гæсгæ хи хойы ад кæны. Æниу æнæхъæн курсæй дæр хотæ æмæ æфсымæртау цæрæм.

– Автобусы къухбакæнæн нæ уыд! Алы æрллæууæны дæр бирæ фæстиат кодта. – Тагъд-тагъд мын дзуапп радта, стæй, – чызджытæ! Терк куыд ивылд у, уый нæ федтат?! Сæумæйæ, дам, иу чызджы аласта. Бæрæг нæу, исчи йæ баппæрста, æви – йæхæдæг... Дæлæ йæ дæллаг хиды цур фендæуыд, æмæ йæм йæ ныфс ничи бахаста. Ай-гъай, дон тынг ивылд у, йæ улæнтæй фæйнæрдæм лæбуры. Чи зоны, гæды ныхас у, фæлæ йыл уæддæр мæ зæрдæ риссы...

Уæдмæ ахуыргæнæг мидæмæ æрбахызт, æмæ иууылдæр сыстадыстæм.

Лекциты кæронмæ, Зæринæ цы хабар æрбахаста, уый мæнæй рох дæр фæци. Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр – дам-дум. Хъазгæ-худгæ рараст стæм æмдзæрæнмæ. Зæринæ дæр – немæ. Чызджытæ йæ бæлвырд фæрстытæ кæнынц, хабары æцæгдзинад сæ базонын фæнды. Мæт кæнынц.

Æмдзæрæны фойейы апырх стæм. Чи, фыстæджытæ кæм æвæрд вæййы, уырдæм бауад, чи та йæ уаты дæгъæл райста æмæ дæргъæй-дæргъмæ тыргъы атындзыдта. Мæнæн мæ дæгъæл уым нæ разынд...

Æнæбахойгæйæ нæ уаты дуар фегом кодтон: Хетæг лæууыд рудзынджы цур æмæ æддæмæ цæмæдæр нымдзаст. Кæсгæ дæр мæм нæ ракодта. Æвæццгæн мæ нæ бафиппайдта.

– Салам, Хетæг! – хъæрæй сдзырдтон. – Цы кæныс? Дысон йæхи Терчы цы чызг баппæрста, дæуæн дæр ууыл у дæ сагъæс?!

– Цавæр чызг?! – фесхъиуæгау кодта.

Æз ын хæрз цыбырæй рафæзмыдтон Зæринæйы ныхæстæ. Цыма йæ сæр æвиппайды тынг срыст, уыйау Хетæг йæ галиу армы тъæпæнæй ных æмæ цæстытæ амбæрзта. Иу уысм æнæхъыпп, æнæ сыппæй афтæ алæууыд. Цы кæныс, цы кæныс, зæгъгæ, йæ фарстон, фæлæ мæ уый нæ хъуыста. Бæрæг уыдис, цыдæр æнахуыр хъуыды йын залиаг калмау

йæ зæрдæйы тæгтæ кæй рæдувы, уый. Уæззау уаргъ цыма йе ’ккой уыдис, уыйау цудгæ рацыд дуарырдæм. Мæхи йæм æввахсдæр байсон, зæгъгæ, куыд загътон, афтæ дуар фегом кодта.

— Æз цæуын... — тыххæйты сирвæзт йæ дзыхæй, æмæ тыргъæй йæ тагъд-тагъд къахдзæфты уынæр æрбайхъуыст. Кæдæм, зæгъгæ, ма йæ фæстæ рахъæр кодтон, фæлæ мæм кæсгæ дæр нал ракодта.

— Цы кодта, кæдæм атындзыдта? — фарстон мæхи. Дзуапп нæ ардтон. Алыхуызон хъуыдытæ мæ сæры æвзæрд, фæлæ ницы хатдзæгмæ æрцыдтæн. Æмæ загътон мæхицæн: «Йе ’рбаздæхтмæ банхъæлмæ кæсон». Æрбадтæн бандоныл рудзынджы фарсмæ. Йæ тæрхæгыл цы дыууæ фыстæджы уыд, уыдон нырма ныр бафиппайдтон. Сæ дыууæ дæр къонверттæй ист. Иу дзы — бынтон хæлд, иннæ, къонверты куыд æвæрд уыд, афтæмæй лæууыд. Зыд æвнæлд сæм фæкодтон. Фыстæджытæ — хицæн къухфыстытæй, къонверттыл та — иу къухфыст. Сæ дыууæ дæр — Хетæгмæ, сæ дыууæ дæр — Лезинæйæ.

Чи у Лезинæ? Нæ факультеты раздæры студентгæ. Дыууæ азы размæ каст фæци æмæ хæстæг хъæутæй кæмдæр ахуыргæнæгæй кусы. Хетæг бирæ чызджыты зæрдæмæ цæуы, чидæртæ ма йæм сусæг, æнæном фыстæджытæ дæр æрвитынц. Фæлæ уый уарзы æрмæстдæр Лезинæйы, растдæр зæгъгæйæ, йæ æндæр чызгимæ никуы федтон. Хетæг мæнæй бирæ хистæр у, æфсадæй сыздæхт, фæндзæм курсы ахуыр кæны, æмæ кæд хорз цæрæм, уæддæр æй бафæрсын мæ цæсгом никуы бахъæцыд. Æхсызгон мын вæййы, иумæ сæ кæй фенын, уый. Зæрдæйæ, уды кондæй æмхуызæттæ, раст сæ цыма æрдз кæрæдзийæн скодта, уыйау мæм кæсы. Дыууæ дæр — адæмæн уарзон, зæрдæхæлар, алы хъуыддаджы дæр — рæвдз. Æцæг Лезинæйы тынг æнкъард чызг хонынц.

Ацы фыстæджытæ Лезинæйæ сты. Æмæ йæ сæ сæр цæмæн бахъуыд? Стæй хицæн къухфыстытæй фыст цæмæн сты? Цæуыл ныхъхъуыды кæнын кодтой Хетæджы? Цы маст дзы бауагътой? Адон, адон сты аххосджын. Цы кæны Хетæг, зæгъгæ, уыцы фарстæн дзуаппы дæгъæл адоны ис.

Кæд аив нæу искæйы фыстæджытæ кæсын, уæддæр мæхи нал баурæдтон...

Иу дзы разынд Хетæгæн йæхи фыст, иннæ та – Лезинæйы. Сæ дыууæ дæр – цæссыгæй хъулæттæ. Фыстæджытæй иу лæвæрдта иннæмæн дзуапп. Зынаргъ кæсæг, кæй зæгъын æй хъæуы, дæу дæр æрфæндыд Хетæджы сагъæсы аххосаг базонын. Æххæст дын кæнын дæ фæндон: фыстæджы мидис мæ зæрдыл куыд бадардтон, афтæ дын æй рафæлгъаудзынæн. Фыццаг уал бакæс Хетæджы, стæй та – Лезинæйы фыстæг.

«Бахатыр кæн, дуар дæм кæй нæ бахостон, æнæ бафæрсгæйæ дын иу чысыл зын кæй кæнын. Бафыдæбон кæн, ратон дæ рæстæгæй, æмæ дæ курын, тынг зæрдиагæй курын – байхъус мæм кæронмæ. Диссагау дæм фæкæсдзæн мæ фыстæг. Мæхицæн дæр æнæнхъæлæджы у. Цæй, бирæ дæ кæд нæ батыхсын кæнид.

Рагæй дæ нал федтон, раджы мæ бакодтай утæхсæны хай, мæ зæрдæ тайы мæ риуы, дæумæ мæ уарзондзинад мæхимæ хизы фыдæхмæ. Дæхи мæ æмбæхсæгау кæныс. Цы дын кодтон, нæ зонын, цæмæн фестадтæн дæ удхæссæг, мæ фембæлдæй цæмæн тæрсыс?

Дæрдтыл нæ дзурдзынæн, фыссын мæ сæнттæ. Бирæ хатт мæ сæ быны акæнынц, фæтых вæййынц мæ зондыл. Цы дæ цымæ? Цæмæн æмæ дæ цы азарæн æрхаста цард мæ фæндагмæ? Ды нæ хатыс мæ уавæр, æниу дæуæн та цы уæлдай у, хъазыл дон калæгау, фæлæ дæм уæддæр фыссын. Ацы хатт барвæндæй нæ... бахъуыд мæ фыссын... Хъæуы æнæмæнг. Уадз æмæ зонай, мæ зæрдæйы цы уад æнкъуысы, уый.

Фæстаг фембæлды фыдныхас мæ хъулау хъазы, мæ уд иуæй-иу хатт æрдуйæ нарæгдæр свæййы, æмæ, кæд нæлгоймагæн йæ цæссыг йæ лæмæгъдзинад æвдисæг у, нымайынц æй æгадыл, уæддæр æз кæуын мæ сæфт уарзондзинадыл. Зæрдæ хъуырмæ схæссы йæ хъыг, æмæ улæфæнтæ æхгæны. Мæ фыстæгмæ фæдзырдтон æххуысæнхъæл. Чи зоны ницы æнцойдзинад мын радта, фæлæ мæм афтæ кæсы, мæ хъыджы къуыбылой дзы куы райхалон, уæд фæрогдæр уыдзæн мæ мидхъуырдухæны уæз.

Уадз, кæл-кæлæй мыл худ! Уадз, уон лæмæгъдæрты лæмæгъдæр, фыддæрты фыддæр, æвзæрдæрты æвзæрдæр. Зæгъын дын мæ уды рæстдзинад æргомæй: Уарзын дæ ныр дæр фыццагау æмæ дæ уарздзынæн! Нæй! Нæй! Мæ зæрдæйыл йæ уарзондзинад гадзрахатæй рацыд, æмæ йыл

нал æууæнды, хъæрзы цæф сæгуытау, нал ын ис сдзæбæхы хъомыс. О, бауарзæн дын ма уа, уарзты фæсайын чи зоны!

Ис хъыджы æмæ цины цæссыгтæ. Ис уарзты цæссыгтæ дæр! Уыдонæн нæй ахæссæн нæдæр хъыджы цæссыгтæм, нæдæр цины... Кæуы мæ зæрдæ, йæ бæллицты охыл самадта хъуырдухæн. Бæргæ йæм фехæлы мæ зонд, фæлæ кæм хъусы! Йæ æхцон æнкъарæнтæ уыраугæ судзынц сæхимид. Тæрсын, куы сафтид уа, куы мын феста Демоны хъыг зæрдæ.

... Фембæлдтæн дыл æртæ азы размæ, æфсадæй куы æрыздæхтæн, уæд. Дзæнгæрæг æнауæрдон ныззæлланг кодта аудиторийыл. Институты тыргъ мыдыбындзыты чыргъæд фестад. Ацы дзæнгæрæг службæйы фæстæ институты уыд мæ фыццаг, фæстæдæр куыд хъуыды кодтон, афтмæй та мæ амонды дзæнгæрæг. Æз лæуд фæдæн уæ аудиторийы бакомкоммæ, мæ къухтæ – мæ дæлarм, афтæмæй банцой кодтон къулыл. Мæ раздæры зонгæтимæ хъæлдзæг ныхас кодтон. Фарстой мæ мæ службæйæ. Чызджытæ мæм алы хъазæн ныхасæппарæн кодтой. Æз дæр сын æнæвгъау дзуапп лæвæрдтон, æмæ-иу нæ хъæлдзæг худт нал баурæдтам...

Фæлæ мæнæ ды!..

Чидæр уын уæ аудиторийы дуар фегом кодта, æмæ дæ ауыдтон. Ды цыдтæ мæнырдæм... Фемдзаст стæм. Джихæй дæм кастæн, æмæ мыл æбæрæг æхсызгондзинад узæлыд. Æз дæ æвæццæгæн, мæ къæйных кастæй фефсæрмы кодтон – дæхи дуары фæстæ æмбæхсæгау акодтай. Афтæ мæм фæкаст, цыма дæ кæмдæр федтон... рагæй дæ зонын. Хъуыды кодтон: чи уа?

Нæ, никуы дæ федтон, никуы дыл амбæлдтæн, фæлæ дæ зыдтон. Зыдтон дæ мæ сæнтты, ме ‘взонгдзинадмæ куы бахызтæн, уæдæй фæстæмæ. Зæдтæй æрцæуæгау мæмиу зæхмæ æрцыдтæ хуры хæрдгæ тынтыл бæгъæмвадæй. Дæуимæ ныхас кодтон мæ фынты, мæйæ дын-иу скодтон къухдарæн, хуры зæрин тын ыл-иу бафтыдтон, стъалытæиу мæйы зæлдаг тынæй рацахстон, дæ дæллагхъуыр сæ-иу æрцауыгътон, арвы цъæх дарийæ дын кодтон кæрдæн, æрдзы нывæфтыдтæй – æнгом къаба, сæумæйы æртахæй – дзабыртæ, æмæ-иу кæрæдзийы къухтыл хæцгæ иумæ араст стæм Дунейы хъæбысмæ.

Æргом дæ нæ уарзтон, бæллыдтæн дæ фендмæ, агурыдтон дæ мæхимид, сагъæсты мæ ‘ппæрстай. Нæ дæ базыдтон фыццаг фендæй дæр, фæлæ дуары ауuон куы фæдæ, уæд-иу уысмы бæрц ауыдтон дæу — мæ зæрдæйы тæрхæтты монц: доны чызгау — гуырвидауц, дæ сатæг сау хъуымбыл дзыкку де уæхсчы сæр дæ дæллагхъуырты риуыл уæздан æруагъта йæхи, зæрватыччы базыртау лыстæг, сау-сауидæй сæхи æрвхуыз цæстыты сæрмæ фæхастой дыууæ æрфыджы.

Базыдтон дæ!!! Базыдтон! Мæ зæрдæйы байдзаг æнахуыр æнкъарæн, минмырон хъæлæстæй ныззарыд. Базырджын мæ фестын кодта мæ уарзондзинад.

Æфсады размæ-иу мæ зæрдæмæ чызг куы фæцыд, уæд мæ-иу йемæ фæндыдис ныхас кæнын, быцæу-иу кодтаиккам исты фарстыл. Фæлæ мын никуы ничи фæцагайдта мæ æнкъарæнтæ, ничи ссардта мæ уарзондзинады æмбæхст гуыдыр. Мæхæдæг дæр æй нæ зыдтон. Дæуæн æй агурын дæр нæ бахъуыд, æнæ дæгъæлæй байгом йæхæдæг. Æрцыдтæн æфсадæй. Дæу хъысмæт æрхаста сырх уардийы хуызы мæ царды къæсæрмæ. Дæу, фæсауuонмæ афтæ бирæ кæй уарзтон, мæ сæнтты æрхъæцмæ кæуыл нæ хъæцыдтæн, уый. Бацин дыл кодтон. Загътон, амонд мæм йе ‘ппæт тыхæй бахудт. Сулæфыдтæн дæ комы улæфтæй, фæлæ ды разындтæ зæрдæмарæн тæфæй хъæстæ. Фæхуыдуг мæ кодтай, цæф зæрдæимæ хъæрзгæйæ баззадтæн мæ адзалмæ. Дæхæдæг мæ фæлыгъдтæ тæргай.

Нæ зонын, ды мыл куыд хъуыды кæныс, цы мæ хоныс, æз дæ мæ фыццаг фендæй агуырдтон мæ фынты дæр. Æдзух дæр мæ фæндыд демæ уæвын, дæумæ комкоммæ кæсын, демæ ныхас кæнын, кæд-иу фылдæр æнæдзургæйæ лæууыдыстæм, уæддæр.

Хъуыды ма кæнын, стæй йын куыд ис рохгæнæн, фыццаг хатт куы сныхас кодтам, куыд базонгæ стæм, уый. Кæйдæртау нæ райстам нæ кæрæдзийы къухтæ, нæ загътам нæ нæмттæ. Дзæнгæрæджы фæстæ та иу къорд лæппуйæ лæууыдыстæм тыргъы. Ды тагъд-тагъд æрбауадтæ махырдæм æмæ батыхсæгау кодтай: «Мæ ручкæ нал фыссы, чи мæм авæрдзæн йæ ручкæ, фысгæ кæндзыстæм?» Æз иннæтæй фæрæвдздæр дæн. Ды мæм æнахуыр каст æрбакодтай, фефсæрмы дæ, æнæзонгæ дын кæй уыдтæн, уымæй. Ай-

стай ручкæ. Дæхи ручкæ дын райстон, загътон дын: «Сараздзынæн æй», «бузныг», — загътай æмæ фæцæуæг дæ. Лæппутæй дæм иу фæдзырдта: «Лезинæ»! Хетæгимæ зонгæ дæр нæ бадæ...» Ды дæ мидбылты бахудтæ. Мидбылты худт анхъæвзта цæсгомыл. Стыр нывгæнæджы ныв — шедеврау баззад уыцы мидбылхудт мæ зæрдæйы æнусмæ æмæ бирæ хатт сысты мæ разы.

Дæ ручкæ дын сарæзтон æмæ дын æй радтон фæсурокты. Сдзырдтам кæрæдзимæ нæ нæмттæй. Уæдæй фæстæмæ кæрæдзийæн салам дæттын райдыдтам.

Нæ зонын ды мæ æмбæрстай, æви нæ, цæмæдæр гæсгæ-иу куы фемдзаст стæм, уæд-иу дæ хуыз аивтай, салам раттыны фæстæ иу куыд тагъддæр фæаууонил уыдтæ. Æз та дæ агуырдтон, куырдта дæ мæ зæрдæ. Куыдфæстагмæ арæхдæр æмбæлдыстæм. Мæн фæндыд, куы мæ бамбарис, уый. Зæгъон дын, æмæ мæ ныфс нæ хастон, куы мыл фæхудай, æппындæр мæм куы нал дзурай, уымæй тарстæн. Мæ зæрдæ дзагæй-дзагдæр кодта, рæдывта фæйнæрдæм.

Куы дæ федтон, уæдæй рацыдис æхсæз мæйы. Цас ныффæрæзтон уыцы рæстæг! Ме 'мбæлттæ дæр ма мæ базыдтой, ды мæ уæддæр не 'мбæрстай. Дзырдтой мын уарзон дын кæй ис. Ноджы мыл уый тас æфтыдта, фæлæ дæ уæд никуы никæимæ федтон. Фæсивæд-иу уарзондзинадыл быцæу куы самадтой, уæд-иу ды та æнкъардæй бадтæ, æрхæндæгæй цæуылдæр сагъæс кодтай. Иу ныхас никуы бахардз кодтай нæ быцæуы. Ды нæ зоныс, мæ цæстытæ æдзухдæр дæуыл цуангæнæг кæй уыдысты. Фарстон-иу мæхи: афтæ æнкъард цæмæн у? Æппын æм нæ быцæу куы нæ хъары.

Мемæ ныхас кæнгæйæ дæ-иу нал базыдтон, уыдтæ хъæлдзæг æмæ рæсугъддæр, æцæг нæ фемдзастæй тарстæ, уæндгæ дæр дæм уымæн нæ кодтон.

Иу изæр бæрæгбоны концерты фæстæ æмдзæрæнмæ рацыдыстæм иумæ. Цыдыстæм дыууæйæ. Электрон цырæгътæ нын рухс кодтой нæ фæндаг. Арвыл мæй хъуссæгау æрзæбул, стъалытæ йæм тыбар-тыбур кодтой. Рæсугъд æхсæв уыдис, кæд ын горæт йæ рæсугъддзинад хæлдта, уæддæр.

Ничи нæ хъыгдæрдта, дзур æмæ дзур, цас дæ фæнды, уый бæрц. Фæлæ цæмæн бандзыг ме 'взаг, цы мыл æрцыд, цæмæн ныхъуырдтон мæ зæгъинæгтæ. Æвиппайды ды цыдæр

хъæлдзæг ныхас ссардтай. Худтыстæм иумæ... Æмдзæрæнмæ куыд бахæццæ стæм, уый зонгæ дæр нæ бакодтон.

О, куыд амондджын уыдтæн уыцы цыбыр рæстæг. Кæсынæй дæм не 'фсæстæн, дæ хъæлдзæг ныхас дæ ноджы аивæй-аивдæр кодта, афтæ мæм каст, цыма дæ минутæй минутмæ фылдæрæй-фылдæр уарзын. Уарзтæй зæрдæ йæ былтæй акалд, æмæ нал урæдтон мæхи. Цины уылæнтæ мæ систой сæ уæлныхты. Хъыг мын уыд, афтæ тагъд кæй схæццæ стæм. Уынджы иннæ фарс æрлæууæгау кодтам.

– Цом, цæмæн æрлæууыдтæ? – сдзырдтай ды.

– Ахæм амондджын æхсæв мæн нæма фæнды мидæмæ.

– Æмæ амондджын та цæмæй у?

– Мæгъа, мæнмæ афтæ кæсы.

Чысыл æнæдзургæйæ алæууыдыстæм.

– Цом, кæцырдæм? – сдзырдтай та ды. Парчы 'рдæм араст стæм. Ницы дзырдтон æз, ницы дзырдтай ды дæр.

Фæсивæд къæйттæй-къæйттæй рацу-бацу кодтой парчы. Кастæн сæм, хæлæг сæм кодтон. Кæс-ма, кæрæдзийы къухтыл куыд хæцынц, æз та дæм дзурын дæр нæ уæндын. Ды цæуыс зæхмæ кæсгæйæ, дæ сæр ныггуыбыр кодтай æмæ цæуылдæр хъуыдытæ кæныс. Æз дæм сусæгæй бакæс-бакæс кæнын. Кæй ницы ныхас кæнæм, уымæй тынгдæр сæфсæрмы дæн. Мæхи уæлдай тæригъæддагдæрæй никуы банкъардтон. Афтæ мæм каст, цыма мемæ кæй дæ, ууыл æнкъард кæныс... Тыхсыс. Цæхгæрмæ къахвæндагыл фæзылдыстæм уæлæмæ. Ды мæм æрбакастæ æмæ бахудтæ дæ мидбылты. Зонгæ мидбылхудт! Мæ зæрдæ йе 'муд æрцыд, фæсæрæндæр дæн. Иу дзæвгар та ацыдыстæм æнæдзургæйæ... Нæ ныхмæ цæуæг нал уыдис... Æвиппайды дын дæ къух ацахстон. Ды мæм æрбакастæ, мæнмæ та афтæ фæкаст, цыма дæ къух айваз-айваз кæныс, дæхи мæ тоныс. Æз дæ нæ уадзын, тынгдæр дын нылхъывтон дæ къух. Нæ базыдтон, куыд сирвæзт мæ дзыхæй: «Æз дæ уарз...», – æмæ мæ хъуыры фæбадт. Бæласы аууонæй дын дæ цæсгом дзæбæх нæ равзæрстон, фæлæ дæ цæстыты æрттывдыл бæрæг уыдис, мæ ныхасæй кæй фæтарстæ.

О, о, фæтарстæ! Фæтарстæ мæ уарзондзинадæй! Сæры магъзы айгæрстой алы ныфссæттæн хъуыдытæ. Æнхъæл уыдтæн фæуадздзынæ мæ лæугæйæ. Цы фæуыдаин уыцы æхсæв?

Æræджиау дæ сирвæзæгау кодта: «Афтæ тагъд, афтæ æнцонæй бауарзæн ис, хорз кæй нæ зонай, уый?»... æмæ размæ акъахдзæф кодтай. Æз дæ феуæгъд кодтон æмæ дæ фæдыл араст дæн.

Кæд мæхимид хъуырдухæн кодтон, цы дзуапп дын радтон, ууыл, уæддæр хъæбæрæй загътон:

– Ис!

Ууыл уыцы изæр нæ ныхас аскъуыд. Æмдзæрæнмæ æрбацыдыстæм, кæрæдзийæн хæрзæхсæв загътам æмæ нæ алчидæр бахызт йæ уатмæ.

Уыцы æхсæв мæ хъуыдытимæ сбон кодтон. Мæхи æфхæрдтон: афтæ дæр æй куы зыдтон, нæ мæ уарзы, уæд ын дзургæ та цæмæн кодтон? Фæлæ та мæм-иу мæ мидхъæлæс сдзырдта: «Уадз æмæ йæ зона! Кæй йæ уарзын, уым æвзæрæй цы ис?»

Æнхъæл уыдтæн: нал мæм сдзурдзынæ. Райсомæй дыл фембæлынæй тарстæн. Ды мæм æрбацыдтæ дæхæдæг. Мидбылхудгæ мын радтай салам. Аныхæстæ кодтам. Æрчъицын мæ кодтай. Уыцы изæр дæ киномæ ахуыдтон. Кинойы фæстæ фаг фæныхас кодтам нæ уарзондзинадыл. Уæд куыд рабæрæг, афтæмæй фыццаг фендæй фæстæмæ æз дæр дæ зæрдæмæ цыдтæн. Æз уæд базыдтон, мадæй сидзæр кæй дæ. Дæ фыдыус – фыдсыл. Дæ фыд дыл тынг тыхсы, фæлæ йæ бон кæй нæу йæ бирæ сывæллæттæй дæуæн фаг æхххуыс кæнын. Тæригъæд дын кодтон, мады рæвдыдæй иппæрд кæй дæ, уый тыххæй. Æз дын радзырдтон мæ царды хабæрттæ.

Уыцы æхсæвæй фæстæмæ нæ фембæлдтытæ кæрæдзийы фæстæ фæцалх сты. Цы амондджын рæстæг арвыстам! Куыд хорз мын уыдис демæ. Иу ахæм чысыл рæстæгыл мæ дарддæры цард баивин ныртæккæ.

Уарзтон дæ æнæкæрон уарзтæй. Уарзтай мæ ды дæр! Цæттæ уыдтæн дæу æнустæм дæр мæ къухтыл хæссынмæ, æрмæстдæр дæуимæ, дæуимæ фæндыдис мæн цæрын, нæ бæллицты фæдыл уæндонæй, хъæлдзæгæй цæуын! Нæ фембæлдмæ мыл-иу рæстæг ныддаргъ ис. Ме ‘намонды хъуыдытæ дæ фæстæ зилдух кодтой, агуырдтой дæ æдзухдæр. Ды мыл æмбæлдтæ æнкъардæй æмæ æрхæндæгæй, дæу цыдæр нæ уагъта, цыдæр фæсмойнаг хъуыды дын цыма де ‘взонджы хъиутæ хордта, уыйау. Хъуыды дыл кодтон, фарстон мæхи,

фæрсынмæ дæ хъавыдтæн, цы кæныс, зæгъгæ, фæлæ та-иу куы аныхæстæ кодтам, уæд-иу де 'нкъарддзинад цыдæр æрбаци. Нæ фидæны кой-иу куы скодтон, уæд дæ ныхас æндæрырдæм здæхтай. Æндæр ныхæстыл мæ-иу аифтыгътай. Иу хатт ма мын афтæ дæр загътай: «Иумæ нæ цæрдзыстæм». Мæнмæ уый бæрзæйсастау фæкаст. Ау, кæрæдзийыл æрхъæцмæ куынæ хъæцæм, уæд дæм ахæм хъуыды куыд сæвзæрд. Фæлæ ды разындтæ кæлæнгæнæг, къулбадæг усы ныхæстау нæ фæхицæн кодтай дæ ныхæстæй.

Уыцы изæр дæ фарстон: «Цæмæн афтæ хъуыды кæныс? Нæ дæ фæнды, иумæ куы цæриккам, уый?» Ныхас ныхасы къахы. Бирæ ныхасы фæстæ мын тарстхуызæй загътай: «Æз дæу аккаг нæ дæн».

Ног та дæ фæрсын: разы нæ уыдтæн демæ. Дæ ныхæстæ мын мæ сæры зонд схæццæ кодтой. Иу ныхас нал бадтис мæ дзыхы. Ды мæнæй æппæлын байдыдтай... Нæ зонын, цытæ дзырдтай, хъусгæ дæр сæ нæ кодтон. Стæй мæ фæрсыс: «Цы ис мæнмæ хорзæй, уарзыны аккаг».

— Иууылдæр, — дзуапп радтон, фæлæ дæм уый фаг нæ фæкаст. Æмæ æцæг цы нæ уыдис уарзинаг дæуæй? Дæуæй хуыздæр æмæ рæсугъддæр, дæуæй зæрдæхæлардæр æмæ рæдаудæр, дæуæй уарзæгойдæр æмæ рæстагдæр ничи уыдис мæ цæсты. Фæлæ ды дæхи фауын систай. Нæ ныхас тынг дард ацыд. Куыдтай цæуылдæр. Æз дæ сабыр кодтон. Уыцы изæр мæм æндæр хуызон фæкастæ. Цæссыг æвдылд ныхæстæй мын бамбарын кодтай дæ судзæггаг хабар. Раст арвæрцавдау фæдæн. Сайыс! Зæгъгæ ма фæхъæр кодтон. Иу уысм ницыуал бамбæрстон. Хъустæ гуыз-гуыз кодтой, цæстытæ — тартæ, уæнгтæ — зыр-зыр. Æз дæуæй никуы банхъæл уыдаин ахæм... фынфенæгау мæм кастис уыцы уысм, мæхи сабыр кодтон. Нæ дыл æууæндыдтæн. Ды дæ цæссыг калдтай, дæхи мæ иуварс ластай. Тæригъæд дын кодтон, фæлæ дын цы загътаин, цы ныфс дын радтаин? Дæхæдæг мын хæкъуырцгæнгæ загътай: «Æз дæуæн хъуамæ æнæуынон суон...».

Æз дæ сабыр кодтон. Цытæ дын дзырдтон, нæ зонын. Мæ зæрдæ дыл былысчъил дæр нæ кодта. Кæугæ æмæ дзыназгæ ахицæн стæм уыцы изæр, алчидæр — йæхи хъуыдытимæ.

Бирæ фæтох кодтон мæхинымæр. Зæйау мæ сæхинымæр сæууæрстой алыхуызон удмарæн хъуыдытæ. Фыдгул ахæм

æхсæв арвитæд. Райсомæй мæм бынтон фынау фæкастысты зноны хабæрттæ, мæ сæрæй сырдтон мæ фыд-фынтæ. Уыцы бон дæ тынг æрæгмæ федтон. Уыдтæ æнкъард æмæ фæллад. Куы дæ федтон, уæд мын цыма исчи мæ уæззау рæхысты цæг аскъуыдта, уыйау сулæфыдтæн. Айрох мæ сты зноны мидхъуырдухæны минуттæ. Бахудтæн дæм. Ды мæм фæрсæгау зноны фæлмæст цæстытæй æрбакастæ. Æвæццæгæн хъуыды кодтай: «Ай æрра сси...» О, о уæд æз æрра уыдтæн, æрра мæ уарзондзинадæй, кæлæнгонд уыдтæн мæ уарзондзинадæй. Мæ зæрдæйы монц мæ хъуыды кæнын нæ уагъта. Æз уарзтон дæу æмæ уый æппæт дæр уыд. Æндæр æз ницы зыдтон, ницавæр æнкъарæн мæ агуырдта, ницы дæр мæ хъуыд.

Нæ хъуыдытыл нæ зæрдæты монц уæлахиз кодта. Магнитау нæ цыдæр тæмæссаг тых кæрæдзимæ æлвæста. Æмбæлдыстæм æрвылбон. Ды æдзух уыдтæ сагъæсхуыз æмæ къæмдзæстыг. Æз мæхи хъардтон дæу схъæлдзæг кæныныл, фæлæ-иу нæ ныхас цыдæрхуызон бустæм рахызт. Фæсмойнаг-иу рауадысты мæ ныхæстæ. Тарстæн демæ æргомæй дзурынæй, истæмæй дын дæ риссаг куы фæцагайон, уымæй. Æмæ куыдфæстæмæ æнæуд ныхæстыл æрвыстам нæ рæстæг. Уыдонæй зæрдæ хъыг кодта, уазал уддзæф æм хастой. Æрæджиау бамбæрстон, амонд мыл йæхи кæй атигъ кодта, йæхи мæ дардæй-дарддæр кæй ласы. Мæ хъаруйæ, мæ цардбæллондзинадæй йæ уромынмæ хъавыдтæн, фæлæ уый бæрц фарн кæм уыд?!

Мæ уавæр мæм æппæты тынгдæр бахъардта, институт каст куы фæдæ, уæд. Сидзæрæй мæ фæуагътай мæ мидхъуырдухæнимæ. Куыстай ахуыргæнæгæй. Зонын, фыццаг аз дын æвæлтæрдæй зын уыд. Зонындзинæдтæй дæм мæ зæрдæ не ‘хсайдта, сывæллæтты бирæ уарзтай æмæ уыцы хорз миниуджыты фæрцы цыфæнды зынты сæрты дæр ахызтаис. Фæлæ дæм уæддæр амал æмæ гæнæнæй цыдтæн бæрæггæнæг. Кæд дæ ме ‘ххуыс искуы хъæуы, æнхъæл дæ фарстон алцæмæй дæр. Ды разы уыдтæ дæ равзæрст дæсныйадæй, цин кодтай дæ хъомылгæнинæгты æнтыстытыл. Дæ уæгъд рæстæг дæр дæхи ирхæфстай уыдонимæ. Æз дæр-иу æнцойбонты хæхбæстæм, зæрдылдарæн бынæттæм балцыты араст кодтон демæ. Æрдзы хъæбысы нодджы ирддæрæй зынд дæ диссаджы удыхъæд, дæ зæрдæйы конд. Æз дæм кæсынæй не

‘фсæстæн, сывæллонау дыл цин кодтон, рæстæг-иу кæуылты аивгъуыдта, уый нæ базыдтон.

Афтæ ахаста афæдз æмæ æрдæг. Æз мæхи цæттæ кодтон куысты дæ фарсмæ æрлæууынмæ, дæ уаргъ дын фæрогдæр кæнынмæ. Ды цæмæдæр мæ хъуыдыйы ныхмæ цæхгæр ныллæууыдтæ. Нæ иумæйаг цардыл та мæ дзурын дæр нæ уагътай. Тагъд мæ дæ цæст уынгæ дæр нал фæкæндзæн, зæгъгæ, мын нæ фæстаг фембæлды куы загътай, уæд мæ уд гом-æгæрццæй аззад. Фæсæццæ дæн. Стæй фырмæстæй рафыхтæн, афтæ мæм фæкаст, цыма мæ барæй хынджылæг кæныс, æмæ дыл мæ пырх акалдтон. Ды дæ мидбылты фыддæрадæнгæнæгау бахудтæ æмæ загътай:

— Афтæ, афтæ, мæ хæлар, нæлгоймагæн фидардæр уæвын æмбæлы, ды та мæн нæ, фæлæ дæхи дæр нал уарзыс. Цал хатты дын загътон: мауал мæм цу, æнæ дæу мын æнцондæр вæййы. Дæуæн уæддæр иу семæй сем нæй! Æви ныхас не ‘мбарыс?!

Уыцы уысм зæххы скъуыды куы ныххаудаин, уый мæ бафæндыд. Уыцы-иу зылд дуарырдæм фæкодтон æмæ фæцæуæг дæн. Хæрзбон дæр дын нæ загътон. Хъæуæй горæтмæ фæндагыл дæ мæ хъуыдытæй сырдтон, фæлæ нæ куымдтай. Дæ митæ, дæ ныхæстæ дын кæрæдзийыл рабар-бабар кодтон. Мæ зонд дæ æфхæрдта, зæрдæ нæ куымдта. Æфхæринаг дæ куы нæ уыдтæн. Институт каст куы фæдæ, уæдæй мæ иу хатт нæ бацагуырдтай, гъа-ма, кæм ис, зæгъгæ. Æз та æрмахуыр цæрæгойау зылдтæн дæ фæстæ. Æмæ мæ сфæлмæцыдтæ. Æнæуарзон адæймаджы кæдмæ ис быхсæн! Уый æз тынгæй-тынгдæр æмбæрстон, нæ фæстаг фембæлдыл цас фылдæр рæстæг цыд, уый бæрц. Дæ ныхæстæй дæм иу дæр фæсмойнаг нæ фæкаст, æмæ дæ мæн фенын никуы бафæндыд. Уый нæ, фæлæ æнкъард кæнын дæхи нæ бауагътай. Æртæ боны размæ дæ горæты дæларм-уæларм хæцгæ цы ‌лæппуимæ федтон, æвæццæгæн, дæ уый бауагъта ныфс мæ ныхмæ тохы. Афæлывтай мæ. Æргомæй мын куы загътаис, æндæры уарзын, зæгъгæ, уæд дæ æмбаргæ нæ бакодтаин? Хи искæмæн тыхæй бауарзын кæнæн нæй, уый куы зонын.

Мæ сæнтты хай, зæрдæмарæн, ныфссæттæн хъуыдытæ мæ æрцахстой, хæлуарæгау мыл скодтой тын. Мæ тых фæци, мæ хъару бастад. Нындзыг мæ зрдæ — ныттагъд æм мæ цæссыг.

Дызæрдыгдзинад мæ бахордта бынтондæр. Куыд æвзæр дæн, куыд ницæйаг. Æнæуынон фестадтæн мæхицæн. Ды раст уыдтæ «нæлгоймагæн фидардæр уæвын хъæуы», æнкъарæнты дæлбар хъуамæ йæхи ма бакæна. Фæлæ удыхъæдæн аивæн нæй. Алчидæр хъуамæ йæхи хуызæн уа. Гуырдзæй цы хицæндзинæдтæ рахаста, уыдон йæ амæлæтмæ æмдзу кæнынц йемæ. Мæнмæ æрхаудта лæмæгъ зæрдæ æмæ дæу бандавын йæ бон не сси. Фæлæ йæ зон кæй дзы сабухын кодтай æрвон æнкъарæнтæ. Æмæ йыл кæд дæхи атигъ кодтай, абон кæд йæ рис нæ уромы, уæддæр ыл уыцы цæф баззайдзæн æхсызгон тæлмæнтæн носæй. Дæуæн та зæгъы æрмæстдæр уарзт æмæ амонд».

Фæцис Хетæджы фыстæг, йæ зæрдæйы цæфы уынæр нæма банцад дæ хъусты, зынаргъ кæсæг, афтæ дын дæ тæрхонмæ хæссын Лезинæйы дзуапп. Цæмæй Хетæджы ныхæстæм гæсгæ Лезинæйæн хæдуæлвæдæй зылын тæрхон ма рахæссай, æмæ дæм уый фæстæ æрæджиау фæсмон ма æрцæуа. Æрæджиауы фæсмонæй карздæр та ницы ис. Дæ зæрдæ де ’вдисæн куы уа, уæд. Уæдæ кæс:

«Дæ фыстæг дын райстон. Бузныг, мæ хæлар! Уыныс, тагъд, йæ цæфыл дын дзуапп нæ радтон. Афтæ ма банхъæл æмæ дæм фыссынмæ нæ хъавыдтæн. Дæ фыстæг куы нæ уыдаид, уæд дæр дæм æнæмæнг ныффыстаин, мæ уарзон! Ацы ныхас дæм хъазæгау ма фæкæсæд. Дæу йедтæмæ мын азæххыл ничи ис, дæуæн та баивæн нæй, мæ зæрдæйæн риуæй сисæн æмæ йæ æндæрæй баивæн куыд нæ ис, афтæ. Уый та уарзы æрмæстдæр дæу æмæ дын йæ сусæг сагъæс хъуамæ раджы фæкодтаид, фæлæ сыгъдæг уды не ’рцард, æмæ йæ сдзурын нæ уагъта. Ныр дын æнусмæ хæрзбон, дзургæйæ, хъуамæ зæгъа æппæт дæр. Æгъатыр рæстдзинад.

Фыссыс мæм мæстджынæй, æфхæрыс мæ. Зоныс, дæ æфхæрæн ныхас мын æхсызгондæр вæййы. Уый аккаг дæн. Фæлæ мæм дзырдты ’хсæнæй уæддæр хъуысы дæ зæрдæйы уынæргъын, хъынцъым æмæ сыгъдæг уарзондзинады катай. Чи зоны хъуыды кодтай, мæ ныхæстæй йæ карз бафхæрдзынæн, йе ’нæуынон куыд фестон, схæрам æм уыдзынæн мæхæдæг дæр. Дæхимæ хъусгæйæ, дæхицæн зæгъыс, нал æй уарздзынæн. Фæлæ дын зæрдæ нæ комы, ахæм зæрдæйы хицау нæ дæ, стæй зонд дæр бынтон ахæм хаххыл лæуд нæу.

Уымæн рауад дæ фыстæг алыхуызон фыст. О, о уарзын æнцон нæу, алчи йæ не ссары, нæ банкъары, æмæ сæм худæгау кæсы. Уарзондзинадыл не 'ууæндыдтæн æз дæр. Искуы-иу ыл чиныджы куы амбæлдтæн, уæд мæм каст æнæхъола фантази, æмæ-иу æй фæуагътон, нæ йæ кастæн. Ныр дзы мæхæдæг фæдæн фыдвæззæг. Фæлæ куыд хорз у! Æрвон монцтæй кæлы фæйнæрдæм. Адæймагæн йæ цард цы у, æнæ уый!

Уыцы стыр æнкъарæн кæй бавзæрстон, уымæй бузныг дæн дæуæй. Уыдис, æвæццæгæн, мæ зæрдæйы. Кæмдæр нымбæхст, ныхъхъус йæхицæн. Ды йæ басхъаудтай дæ уарзтæй, уый цæхгæр фестад, ссыгъд æмæ судзы.

Нæ фыццаг фембæлд кæй хоныс, уый æз дзæбæх дæр нал хъуыды кæнын. Дæу размæ æрдæгфынæйæ цыдтæн. Ничи мæ æндæвта, ницы мæм хъардта мæ ныййарæджы мæлæты фæстæ. Æрмæст ын æххæст кодтон йæ фæдзæхст: «Сахуыр кæн, мæ чызг». Ахуыр та, дæхæдæг æвдисæн, хорз кодтон. Уыдис мæм æрмæст уыцы тырнындзинад æмæ хиирхæфсæн. Чызджытæ дам-думтæгæнаг æмæ хæцъилтыл зыдгæнаг. Ницæй тыххæй дæр-иу се 'хсæн хъаугъа рауад. Фæлæ мын дзы уæддæр уыдис цалдæр хорз хæлары, нæхи-иу фæлварæнтæм иумæ цæттæ кодтам. Лæппутæ къуыдипп æмæ схъæл ныхасгæнаг. Йæ зæрдæйы цы фæнд уа, уый кæнæ æцæгдзинады хуызы атауыс кæндзæн, кæнæ дын ныхæстæй мæсгуытæ амайдзæн. Æргом ныхас никуы кодтон семæ. Æнæуынон мын фестадысты, куы фенамонд дæн, уæдæй фæстæмæ. Дæ ручкæ мæм куы радтай, уæд дæумæ дæр дзæбæх нæ бакастæн. Ахуырты фæстæ ма тыхсгæ дæр скодтон, кæмæн æй радтаин, уый нæ зыдтон. Нал æй хъуыды кæнын, чызджытæй мын дæ чидæр бацамыдта, уый мын загъта дæ ном дæр. Тыргъы уыдтæ. Æз дæм фæцæуын, ды дæр мæ ныхмæ. Комкоммæ дæм бакастæн. Цыдæр æхсызгондзинады уылæн мыл æрбакалд дæ цæстæнгасæй. Куы фæхицæн стæм, уæд æй ныххуыссын кодтон, мæ хъуыдытæй дæ фæсырдтон.

Æмæ афтæ уыдаид абон дæр. Ды æдзух мæ уæлхъус куы нæ уыдаис, биноныг дæ куы нæ базыдтаин, цардмæ, дунемæ, адæммæ мæ æндæр цæстытæй куы нæ акæсын кодтаис, уарзондзинады цырæгътæ мын мæ зæрдæйы куынæ ссыгътаис, уæд. Куыд фылдæр дæ зыдтон, афтæ тыхджындæр кодта, æз йæ аккаг нæ дæн, зæгъгæ, уыцы хъуыды. Не 'хсæн цы

дæлджинæг уыд, уый фæйнæрдæм цыд, фæтæндæр кодта. Æхсæв-иу куы фæхицæн стæм, уæд дзырдтон мæхицæн: райсом ыл бахизын нал бафæраздзынæн. Фæлæ мæм-иу ды дæ къух ахæм æнцонæй æрбадаргъ кодтай, æмæ-иу йæ сæрты æнцонæй багæпп кодтон. Дæ цурæй мæ ацæуын нæ фæндыд. Уæд мыл мæ удмарæн хъуыдытæ тых уыдысты. Демæ мын зындон дæр уыд дзæнæт. Дис дыл кодтон: иу адæймагмæ уыйбæрц хъару куыд ис! Тæхуды, дæуимæ йæ царды бонтæ чи арвитдзæн, дæуæн дæ уæздан ныхасмæ хъусынæй, дæ рæвдаугæ цæстæнгасмæ кæсынæй чи бафсæддзæн!

Нæ, никæмæн дæ радтаин, тыххæй дæр дын мæ уарзондзинадæй дæ сæр разилын кодтаин æмæ æнусмæ уыдаис мæн. Мæнау дæ ничи бауарздзæн, мæнау дæ ничи бамбардзæн! Фæлæ цы зæгъон хъысмæтæн. Мæ уды фыддæрагæн фæсмонгонд фæдæн. Æмæ истæй тыххæй куы уыдаид, мæхиуыл мæ зæрдæ куы худтаид. Æууæнчы азар мæ басыгъта. Йæ радзурыны фадат дæр мын никуы фæци. Иумæ цы рæстæг арвыстам, уым ын бынат не ссардтон. Дæхæдæг дæр мæ никуы бафарстай. Иу иннæйы хуыздæр базоныны тыххæй нæм ныхас никуы рауад. Кæрæдзи цæстæнгасæй æмбæрстам, кæрæдзийæн дзырдтам æрмæстдæр нæ ахсджиаг ныхæстæ. Æвæццæгæн, ай зæгъыны аккаг дæр нæ уыд, æндæр æй искуы фехъуыстаис. Ныр ын æнæрадзургæ нал ис.

Уæд дыккæгæм курсы ахуыр кодтон. Иу бон изæры ‘рдæм абалц кодтон горæты нæ хæстæджытæм. Мæ фыдыус мын фæдзæхста: «Бауай сæм æмæ базон, сæ зæронд лæг ма рынчын у!» Йæ фæндон ын куы нæ сæххæст кодтаин, уæд зыдтон, цы æфхæрд мæм æнхъæлмæ каст, уый. Иу чысыл сæм афæстиат дæн. Тынг мыл бацин кодтой. Зæрдæхæлар адæм разындысты. Мæ мады мын хорз зыдтой, æрымысыдысты йæ мæн фенгæйæ. Æппæлыдысты дзы, йæ хабæрттæ йын дзырдтой, æмæ мæ цыдæр æхсызгондзинад рæвдыдта.

Уæдмæ фæззыгон дымгæ хæхтæй уарын рахаста æмæ асфальтыл къæрцæмдзæгъд самадта. Рацæуæн мын нал уыд, уадзгæ дæр мæ нал кодтой, æхсæвы мæ сæхимæ урæдтой, æнафон у, зæгъгæ, фæлæ цы загътаиккой ме ‘мбæлттæ æмдзæрæны, сæ зæрдæ мæм æхсайдтаид. Ахæм дзырдимæ нæ рацыдтæн.

Дæс сахатыл уарын фенцад æмæ ратагъд кодтон. Иунæгæй мæ нæ уагътой фысымтæ, тарстысты мын, фæлæ мемæ никæй

рауагътон. Тагъд-тагъд цыдтæн уарынæхсад асфальт тротуартыл. Æнафонмæ кæй бафæстиат дæн, уый мæм худинаг каст. Искæмæй тæрсын мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд.

Бирæ мæ нал хъуыд æмдзæрæнмæ. «Уæлæ цæхгæрмæ уынджы фæзилдзынæн, иу чысыл суайдзынæн æмæ уæд – æмраст – æмдзæрæнмæ» – хъуыдытæ кодтон мæхицæн. Уынгты фенæн уыдис æрмæст стæм адæймæгты. Уыдон дæр, æвæццæгæн, уарын кæмдæрты бафæстиат кодта, æмæ ныр тындзынц сæхимæ. Цæхгæрмæ уынгæй мæнырдæм фæзылдысты æртæ лæппуйы. Куы мæм æрбахæццæ сты, уæд æрлæууыдысты, мæ фæндаг мын æрæхгæдтой. Æз фæтарстæн, цы ма акодтаин, уый нал зыдтон, сагъдауæй баззадтæн. Цыдæртæ мæм дзырдтой, æз ницы хъуыстон. Нæ сын уыдтон сæ цæсгæмттæ дæр, комкоммæ сæм бакæсон, уый ныфс мæм нал уыд, сæргуыбырæй лæууыдтæн. Уыдон мæ акъахдзæф кæнын нал уагътой. Лæппутæй мын иу мæ къухы хæсгæ хызын айста, мæ цæстыты раз æй тилы. Йæ амонæн æнгуылдз уыд гуылмыз. Хызыны бос-иу ыл фæбырыд æмæ-иу æй астæуккаг æнгуылдзæй ацахста. Цалдæр сомы æмæ æмдзæвгæты чиныг йедтæмæ дзы ницы уыд. Дунейы фыдбылызтимæ сæ хай куы фæуыдаиккой, æмæ мæ мæ фæндагыл куы ауагътаиккой.

Æнхъæлмæ кастæн уынджы цæуæгмæ, кæд мæ ныууадзиккой. Мæ фæстæ дæрддзæф къæхты уынæр ссыд. Фæкæсын чи уæндыд. Цæуæг æрбахæццæ мæ цурмæ, æмæ къæхты уынæр банцад. Мæнмæ биноныг кæй ныккаст, уый бамбæрстон. Стæй мæм барджынæй хъæрæй сдзырдта:

– Фатимæ, ам цы кусыс?! Тагъд цæугæ нæхимæ! Дæ хызын та адонмæ цæмæн ис?

Æз æм комкоммæ бакастæн. Никуы йæ федтон мæ цардцæрæнбонты. Йæхæдæг дæр мæ кæй нæ зоны, уый бамбæрстон уайтагъд. Æндæр номæй мæм хуымæтæджы барджынæй не сдзырдта. Мæ сæрыл рахæцын ын афтæ æнцондæр уыд. Æз бацин кодтон. Æрбацæуæг хызын лæппуйæ тызмæгæй райста, мæ къухы йæ фæсагъта. Лæппутæ бахъуыр-хъуыр кодтой, фæлæ ныхмæ не 'рлæууыдысты. Фæндаг нын радтой æмæ се 'хсæнты иумæ рараст стæм. Иу дзæвгар æнæдзургæйæ рауадыстæм, стæй мæ афарста:

– Мæ хойы хай, кæм цæрыс? Уæхимæ дæ æнæмæнг хъуамæ бахæццæ кæнон. Мæ зæрдæ дæм æхсайдзæн.

Æз ын загътон, æмдзæрæны кæй цæрын. Ныхас нын бацайдагъ, базонгæ стæм. Æмæ куыд нæ базонгæ уыдаин мæ ирвæзынгæнæгимæ. Йæхи рахуыдта базарадон институты фæсауuонмæ ахуыры студент. Кусгæ та, дам, кæнын базарадон организацийы къанторы. Суанг мæ æмдзæрæны къæсæрмæ бахæццæ кодта. Йæхи ахæм уæзданæй равдыста, æмæ мæ тарст, мæ тыхст уавæр цыдæр æрбаисты. Хабæрттæ ме 'мбал чызджытæн куы радзырдтон, уæд æй уыдон ноджы бæрзонддæр авæрдтой мæ цæсты. Гъе уый дын уæндон æмæ хъæбатыр сахъ гуырд, гъе, зæгъгæ, дзырдтой, немæ чи ахуыр кæны, уыдонæй та ахæм уавæры æртæйы ныхмæ чи æрлæуудзæн. Æмæ иугай æвзарын райдыдтой нæ факультеты лæппуты. Æз сæм ницы дзырдтон, разы уыдтæн семæ. Уыцы изæр мæм мæ ирвæзынгæнæгæй хуыздæр ничи каст.

Дыккаг бон мæм æмдзæрæны радхæссæг студент нæ уатмæ æрбацыд, иу лæппу дæ агуры, зæгъгæ. Æз фæджихау дæн: чи у цымæ? Фойейы мæ ирвæзынгæнæджы куы ауыдтон, уæд мæ зæрдæ ныссæххæтт кодта, цыдæр æхсызгон мын уыд йæ уынд. Цы йæ хъæуы, цæмæ мæм æрбацыд, ууыл дæр нæ ахъуыды кодтон. Йæ мидбылты бахудт æмæ афтæ:

– Дæ тарст нæма æрцыд? Дысон-бонмæ мæ зæрдæ дæуимæ дзуры. – Æз та йын фæарфæтæ кодтон. Ме 'мбал чызджытæ дзы куыдтæ дзырдтой, уыдон дæр ма йын рафæлгъаудтон. Адæймагæй æргом ныхас расайынæн бирæ нæ хъæуы. Дæхиуыл æй бауæндын кæн, æндæр...

– Ам цæмæн лæууæм? Рæстæг дын нæй, цом горæты атезгъо кæнæм. Мемæ цæмæй тæрсыс?.. – фæндон бахаста мæ ирвæзынгæнæг.

Мæн дывæнд кæнын нæ бахъуыд. Сразы дæн йемæ. Æмдзæрæнмæ хæстæг уынгты иучысыл атезгъо кодтам. Мæ зæрдæ райсомы семинармæ æхсайдта, æмæ дзы хатыр ракуырдтон. Æцæг баныхас кодтам, райсом ахуыры фæстæ киномæ ацæуыдзыстæм.

Афтæ райдыдтой нæ фембæлдтытæ. Мæ зæрдæ йыл никуы ницæмæй фæхудт. Йæхи дардта хæрзæгъдауæй, уыдис мыл æнувыд. Куыд хуыздæр мын балæггад кæна, ууыл хъардта йæхи, æмæ йыл сахуыр дæн. Цыбыр ныхасæй, йæхиуыл мæ тынг бауæндын кодта æмæ мын иу, цом мемæ уырдæм, зæгъгæ, куы загъта, уæд-иу фæраст дæн. Афтæ рауад, ног

азыл иумæ сæмбæлыны фæнд куы загъта, уæд дæр. Цæмæй зыдтон, ме 'намонды фæндагыл барвæндонæй цæуын, уый.

Фæсвæд уынгтæй иуы егъау хæдзары, растдæр зæгъгæйæ, галуаны, бадтыстæм дзадджджын фынгыл. Цыдæр æнæхъола сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæ дзы æрæмбырд. Тынг уæгъд дардтой сæхи, æмхуызон æнæуаг дзыхæй дзырдтой. Æз мæхи иуварс дардтон. Мæ ирвæзынгæнæг мæ уæгъд нæ уагъта, æмæ тыххæйты фæрæзтон ахæм æхсæнады. Дыууадæс сахаты нæма сси, афтæ ныл бафтыд ногтæ. Лæппутæй иу комкоммæ махмæ æрбацыд. Мæ ирвæзынгæнæджы къух райста æмæ йын афтæ:

– Æнæнхъæлæджы дын дæ сæр чи разилын кодта, уыцы æрвон рæсугъдимæ мæ нæ зонгæ кæныс? Ды мæнæй стыр хæсджын дæ!

Æмæ мæм æрбадаргъ кодта йæ къух. Мæ цæстыты раз февзæрд, уыцы фыдбылызы изæр мын мæ хызынæй цы гуылмыз æнгуылдз хъазыд, уый. Фæсæццæ дæн, Мæ хъусты ногæй айзæлд йæ ныхас: «Ды мæнæй стыр хæсджын дæ». Цыма райсомы мигъ сыстад, уыйау мæм æвиппайды уыцы изæры кæнгæ ми ирдæй разынд. Ме 'мбалмæ уайдзæфгæнгæ ныккастæн æмæ мæ тыхтæ-амæлттæй сирвæзт:

– Мæнгард!

Ме уæнгтæ æрызгъæлдысты, мæ кæуын фемæхст. Ахæм æфхæрд мыл никуы æрцыд. Æдылыйы, сæлхæры бынаты банкъардтон мæхи. Уайтагъд цæуынныл ныллæууыдтæн.

«Мæ ирвæзынгæнæг» мæ сабыр кодта. хибар уатмæ мæ бакодта, ам уал æрсабыр у, ныр æнафон у, иунæгæй кæдæм цæуыс, зæгъгæ. Фæлæ мæнæн мæ маст кодта тынгæй-тынгдæр. Алвыдтæ йын акалдтон. Мæ дзых цыдæриддæр карста, мæ зæрдæ мæм цы дзырдта, уый йын æргом дзырдтон йæхи тыххæй. Уый мæ алыварс мамазила кодта. Дон мын æрбахæссын кодта, кæд фæсабыр уаид, зæгъгæ. Мæнæн фырмæстæй мæ ком хус кодта, фæлтау марг куы баныхстаин... Ногæй та мыл мæнгардæй рацыд... Мæ цæстытæ æхгæнын райдыдтой æмæ чысыл фæстæдæр цыдæр фæдæн.

Йæ сау фæнд бакодта сау лæг. Æз та æнусмæ баззадтæн зæрдæсастæй. Цæрын мæм нал цыд. Мæ мады ингæнмæ мæ мæ къах нал хаста. Цыма йыл гадзрахатæй рацыдтæн, афтæ мæм каст. Ме 'мбал чызджытæ мæ фарстой, цы кæныс,

зæгъгæ. Куыд сын загътаин мæ судзаггаг маст, мæ худинаг. Мæ зæрдæ кæй риссы, ууыл сæ баууæндын кодтон, æмæ мæ алыварс æрбалæууыдысты. Æз сæ бæргæ æфсæрмы кодтон, къæмдзæстыг уыдтæн сæ разы, фæлæ мын æндæр гæнæн нæ уыд.

Фыдгулыл ахæм ног аз æрцæуæд. Горæтмæ мæ къах никуыуал равæрдтон. Институты, æмдзæрæны æмæ кæсæн залы æрвыстон мæ рæстæг. Ноджы смадзурадæр дæн. Ницы ныхас, ницы æнкъарæн мæм хъардта. Цыма мын карды рæхуыст дæр нæ фæрыстаид, афтæ мæм каст. Тарстæн æрмæст, æнæуынон мын чи фестад, уыцы æдзæсгомимæ фембæлдæй. Уый мæ фæстæ зылд, минæвæрттæ мæм æрвыста, фæлæ йын мæхи никуыуал фенын кодтон. Æппынфæстаг, йæ бон куы базыдта, уæд мæм ныффыста, раст цыма Чабæйы раз йæ тæригъæдтæ сыгъдæг кодта, уыйау йæ фæсмондзинæдтæ. Куыд фыста, афтæмæй базаргæнджытæй сæудæджер чи кæны, ахæмтимæ сбæндæн, æхца æмæ сылгоймаг йедтæмæ ницыуал уыдтой. Цæмæй сæм фылдæр уыдаид, уый тыххæй алы мадзæлттæ хъуыды кодтой. Уыцы изæр сæ хызы бахаудтæн æз. Дæ сыгъдæгдзинад, дам, мын фæцагайдта мæ зæрдæ æмæ мын æнæ дæу цард ад нал кæны. Йæ мæнгарддзинад ын куы базыдтон, уæд æм æгæр хъæбæр кæй фæлæууыдтæн, уый йæ фæтæрсын кодта, бынтондæр дзы куы ацæуон, уымæй æмæ мæ йæ чъизидзинадæй бауыромынмæ хъавыд. Æнæхсæст удыконд. Ноджы ма мæм æрбауырдыг: «Курын дæ, æмæ мын баком». Фæлæ зæрдæ уыд æгъатыр, йæ уæнгæл дзы федта.

Мæ амонд басыгъд, фидæныл æууæнк мæ фæлыгъд, рухсы цъыртт мæм никæцæйуал калд. Æнкъард, æрхуымæй æрвыстон мæ цард. Фæлæ мæнæ фæзындтæ ды, уалдзыгон хурау мын батавтай мæ уазал рохст зæрдæ, райхъал æй кодтай ног цардмæ, амондмæ, фидæнмæ тырнындзинад æм фæзынд. Демæ цы рæстæг арвыстон, уый мæрдты дæр уæд мемæ, уым дæр мæ тавдзæн, рæвдаудзæн. Цы диссаджы изæртæ ныл скодта иумæ! Æз фестадтæн де 'ндæрг, уыдтæн æдзух дæ фарсмæ. Мæ амондыл чи цин кодта, чи — хæлæг. Æз мæхи дæуæй куы рауæлдай кодтон, уæд дын дзы агуырдтон къай. Тæхуды æмæ мæм нарты Сатанайау мæхи равзарыны фарн куы разындаид. Фæлæ... Дæхи хуызæн сыгъдæг æмæ рæстуд

дзы у ӕртыккаг курсӕй Зӕринӕ. Афтӕ мӕм кӕсы, цыма дӕ уый самондджын кӕндзӕн. Уарзӕ та дӕ куыд кӕны, уый зоныс! Дӕ фӕдыл кӕсгӕйӕ баззайы, дӕ ныхасмӕ хъусынӕй не 'фсӕды. Фӕстаг хатт цы факультетон иумӕйаг изӕры уыдтӕн, уым, кӕд ӕй хъуыды кӕныс, Урс кафты размӕ мӕ сӕр срыст, зӕгъгӕ, дын загътон. Уый ӕрмӕстдӕр Зӕринӕйы тыххӕй афсон кодтон. Ӕнӕхъӕн изӕр дӕ йӕ цӕстытӕ нӕ айста, ӕмӕ йын фӕтӕригъӕд кодтон, фадат ын радтон дӕу кафынмӕ ракӕнынӕн. Ды нӕ бафиппайдтай, дӕ зӕрдӕ мӕнмӕ ӕхсайдта, уый фырамондджынӕй йӕхицӕн бынат куыд нал ардта. Мӕнмӕ гӕсгӕ дӕ бавнӕлдӕй йӕ сӕр разылд.

Кафт куыддӕр фӕци, афтӕ федде.

Нӕ! Нӕ! Ӕз дӕу аккаг нӕ уыдтӕн! Зӕрдӕнизӕн фембӕлдыстӕм кӕрӕдзийыл. Мӕнӕн афтӕ хъӕуы. Фӕлӕ ды цы кодтай? Мӕ удмарӕн маргӕй дӕ цӕмӕн фӕхъӕстӕ кодтон? Дӕ зӕрдӕ де 'вдисӕн, мӕ митӕй дӕ мӕхицӕй сырдтон, мӕхицӕй дӕ хъахъхъӕдтон. Ницы дӕм хъардта, цалынмӕ дын алывыд нӕ акалдтон. Ӕмӕ уымӕ ӕз мӕхи цал хатты бацӕттӕ кодтон, цас хъару йыл бахардз кодтон, уый цӕмӕй зоныс? Дӕу бафхӕрын мӕнӕн хиамарынӕй уӕлдай нӕу. Дӕу уӕд дӕ маст йӕ уӕлныхты рахаста, тӕвдкалгӕ федде дӕ, ӕфсон дын фӕци мӕн азым кӕнынӕн. Ӕз та баззадтӕн бынтон иунӕгӕй, мӕ удмарӕн дывӕлтӕрд хъуыдытимӕ, мӕ хӕкъуырцц кӕуын фемӕхст, бауромӕн мын нал уыд. Мӕ зӕрдӕ куыд нӕ аскъуыд уыцы изӕр! Мӕнг нӕ фӕзӕгъынц, цӕссыг рис рогдӕр кӕны.

Зыдтон, бынтондӕр дӕ ӕрмист кӕй фӕдӕн, раздӕрау мӕ зын сахат мӕ уӕлхъус кӕй нал алӕудзынӕ. Дӕ сӕрыстырдзинад дӕ мӕнмӕ ӕрбакъахдзӕф кӕнын кӕй нал ӕрбауадздзӕн. Уӕддӕр дӕм мӕ зӕрдӕ ӕнхъӕлмӕ каст, кулдуары алы уынӕрмӕ дӕр уыд къӕрцхъус. Фыдӕнхъӕл ӕй кодтай. Ӕнцойбонты-иу мӕхӕдӕг балӕууыдтӕн горӕты, дӕ фӕдыл зылдтӕн гуырӕй-гуырмӕ, мӕхи дӕм никуы равдыстон. Дӕ ӕнкъарддзинад мӕ тӕрсын кодта. Фӕлӕ дӕ алыварс уыдысты дӕ хӕлӕрттӕ. Уыдон дӕ фӕцудын нӕ бауадздзысты. Ӕмӕ мын фадат куыддӕр фӕци, афтӕ дӕ мӕ гадзрахатдзинадыл тынгдӕр баууӕндын кодтон. Цы лӕппуимӕ мӕ федтай, уый уыд ме 'мхӕрӕфырт. Ӕнӕнхъӕлӕджы йыл фембӕлдтӕн ӕмӕ йӕ дӕ рӕзты, ды мӕ куыд федтаис,

афтæ мемæ ахуыдтон. Цæмæй мыл дæ зæрдæ сивай, æнцондæр дын уа. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый дæр мæ фæнд нæ зыдта æмæ уайтагъд фæраст, лæггад мын кæнын æнхъæл мæ фыдвæнды фæндагыл. Æз дæ цыма нæ федтон, мæхи афтæ дардтон. Зæрдæ йæхи къултыл хоста: дæ утæхсæн дын банкъардта æмæ рыст.

Къуыри дæр нæма рацыд, афтæ æрбахæццæ дæ фыстæг. Ды нæ, фæлæ, дæ фыстæг. Цы базонын мын хъуыд йæ мидис: мæ кæнгæ ми æцæгмæ асайдта, мæ фыдвæнд скуыста. Уайтагъд мæ кæуын мæ хъуырмæ схæццæ. Дзыназгæ йæ кæронмæ бакастæн, дзыназгæ дын хæрзбон дзырдтон, мæ уарзон, дæ фыстæгæн батæ кæнгæйæ.

Дзуапп раттыныл нæ батагъд кодтон. Ахуыры аз фæцæйфæуд кодта, æмæ йын йæ кæронмæ банхъæлмæ кастæн. Ныр мæ хæс ахицæн кодтон æмæ ма мæ сæрæн цы бакæнын хъæуы, уый саразын мæ бон у. Æрвитын дæм дæхи фыстæг дæр фæстæмæ. Цæмæн? Ацы фарст дæм сæвзæрдзæн æнæмæнг. Дæ æнкъарæнтæ дзы сты æмæ дæхимæ куы уа, уæд-иу æй кæд искуы райсис, бакæсис æмæ ногæй банкъарис нæ уарзондзинады тых.

Ды уыдтæ мæ уарзондзинады кувæндон. Æз бæллыдтæн йæ дуарыл бахизынмæ, цыдтæн æм, фæлæ йæ къæсæрæй раздæхтæн. Уымæн æмæ кувæндоны бынмæ сыгъдæгæй фæцæуынц. Æз та?.. Æз? Азымы азарæй сыгъд куы уыд мæ зæрдæ. Ныххатыр мын кæн, Хетæг, мæн аххос нæ уыд. Стæй мын тæригъæд дæр ма кæн. Æнамонд нæ уыдтæн. Æз уарзтон дæу, уарзгæ чи фæкæны, уый та амондджын вæййы. Цы сты зындзинæдтæ уарзгæйæ! Уарзтон дæ дунетæй фылдæр æмæ цæуын уарзгæйæ. Хорзæй баззай!»

Уыцы сæрды фыццаг бонты Хетæг нал ахуырæй уыд, нал махæй. Агуырдта Лезинæйы. Чи зоны, цас фæрацу-бацу кодта Терчы былты, чи зоны цал хатты бацыд милицæмæ уыцы донласт чызджы агурæг. Фæлæ йæ фæд дæр не сбæрæг. Цы скъолайы куыста, уым ын загътой: «Институты фæстæ дыууæ азы ам хъуамæ бакуыстаид, йæ хæс сæххæст кодта æмæ бынтондæр ацыд. Кæдæм, уый нæ загъта». Ницы бæрæг дзуапп ын радтой йæ бинонтæ дæр. Фатеры цы усмæ цард, уый йын радта, уаты стъолыл ын цы конспектты тетрад баззад, уый. Цымæ цал хатты æрбаййæфтой Хетæджы уыцы театрады уæлхъус тæфæрфæс кæнæгау.

Уæдæй рацыд фынддæс азы. Хетæг институт каст фæци æмæ кусы, Лезинæ цы скъолайы куыста, уым. Фехъуыстон, дзæвгар рæстæг, дам, ус нæ ракуырдта, стæй йæ бинонтæ куы нал æмæ нал уагътой, уæд бацагуырдта Зæринæйы.

Æз дæр мæхæдæг кусын ахуыргæнæгæй. Дæрддзæф хъæуы. Иу уалдзыгон бон институты ахуыргæнæгимæ нæ хъомылгæнинæгты горæтмæ музеймæ ракодтам. Горæтмæ мæ арæх нал æвдæлы æмæ искуы иу хатт куы сæфтын, уæд чингуыты дуканитыл методикон литературæ агурæг азилын. Ныр дæр та скъоладзауты ме 'мбалимæ фæуагътон. Базары тæккæ тигъыл Зæринæимæ хæрхæмбæлд фестæм. Йæ хъæбысы пухрус сауцæст лæппу. Кæрæдзийыл бацин кодтам. Иудзæвгар аныхæстæ кодтам, фарстам кæрæдзи зæрдиагæй. Зæринæйы кæддæрау нал къуызын кæны чызгон æфсарм. Æргомæй мын хъазгæ æмæ худгæйæ дзырдта, йæ бæллицц кæй сæххæст, чындзы ацыд, æппæтæй йын уарзондæр чи уыд, уымæ æмæ у амондджын.

— Хетæг мыл тынг æнувыд у, не 'хсæн дæрзæг ныхас никуы æрцыд. Куыд фæзæгъынц, а æмæ о-йæ цæрæм. Фæлæ, зоныс, нæма ферох кодта Лезинæйы. Нæ фыццаг сывæллон чызг у. Куы райгуырд, уæд ыл тынг бацин кодта. Æз ныр-ма нæлгоймаджы чызджы райгурыдыл афтæ цингæнгæ нæ федтон, ном дæр ыл йæхæдæг сæвæрдта. Кæд нын Алан хъазынхъом ссис, уæддæр æй Лезинæйы разæй йæ хъæбысмæ ницæй тыххæй сисы, — балхынцъ кодта йæ ныхас Зæринæ.

Хъæумæ здæхгæйæ, мæ хъуыдытæй нæ фæхицæн сты Лезинæ, Хетæг æмæ Зæринæ. Æвæдза, куыд тыхджын у уарзондзинад. Уый дыууæ зæрдæйы куы баиу кæна, уæд сын фæхицæнгæнæн нал ис. Амондджын у Зæринæ дæр. Цæры, æппæты фылдæр кæй уарзы, уыимæ. Цы зæгъон Хетæгæй?..

Изæры нæхимæ, горæты цы чингуытæ балхæдтон, уыдон куы рафæлдæхтон, уæд дзы статья «Уырыссаг æвзаг национ скъолаты»-йы бынмæ мæ цæст ацахста зонгæ мыггаг æмæ ном: «Филологон наукæты кандидат Цæройты Лезинæ». Цæройтæй Хетæг у. Ном та... Статья уайтагъд кæсын райдыдтон. Дæнцæгтæ дзы ирон, таджикаг æмæ узбекаг æвзæгтыл. Хъуыдытыл мæ бафтыдта. Кæд, мыййаг...

# ÆРЫГÆТТЫ СФÆЛДЫСТАД

*БАСИТЫ Зæлинæ*

## УАРЗТЫ ЦÆССЫГ

* * *

Æмбисæхсæв. Æнкъард æмæ æрхæндæг.
Æнæхуыссæг та ахсæв дæр – мæ фысым.
Хæддзуйæ мæм æрбацæуы йæхæдæг,
Æнæдзургæйæ бацахсы мæ хуыссæн.

Æз дæр йæ цуры бонцъæхтæм фæбадын,
Йæ хуыр-хуырмæ хæлæггæнгæ фæхъусын.
Мæ сагъæстæй мæ фæллад зæрдæ фадын,
Ыстæй та йæ мæ рухс фæндтæй æмпъузын.

*2012.05.08*

* * *

Амондæй дæ фæрцы сонт зæрдæ фæхъæстæ,
Уарзты цады афтæ аныгъуылд сындæг.
Кодтой мын дæ былтæ уарзоны ныхæстæ,
Зæдтæ дæр уæларвæй кодтой мæм хæлæг.

Уæд мæ бæллиц ссардтон цардвæндагыл састæй,
Фестади мæ амонд сау фæнычы рыг.
Баруади мæ зæрдæ сау цæссыгæй, мастæй,
Зæдтæ дæр уæларвæй калдтой мыл цæссыг.

*2012.01.09*

* * *

Царды зындзинæдтæ згъорынц мæ размæ –
Фидар лæууын!
Нал калын судзгæ цæстысыг мæ базмæ –
Фаг у кæуын!

Байсæрст мæ зæрдæ хъысмæты тæссæртты –
Фестад æндон.
Фæлæ ма й' арфæй зæринхуыз цæхæртæ
Калы дæ ном.

*2012.02.09*

* * *

Мæ фыны та федтон дæ фæлмæн цæстæнгас,
Цыма мыл мæйдар æхсæв ракасти хур.
Сыбар-сыбур кодта нæ сæрмæ бæрз бæлас,
Нæ алыварс дуне та бамыр, ныддур.

Нæ царди ызнæт монц мæ зæрдæйы арфы,
Уыдис уый æнахуыр æнцойадæй дзаг.
Нæ цæстыты уаз тæмæн сæмбæлдис арвыл,
Нæ дыууæйы амонд уыд дунейы фаг.

Мæ рухс фынты уазæг, бæллиццаг ныфсхæссæг,
Фæзын мæм сæуæхсидыл, искуы фæзын.
Дæ уарзон ныхæстæй фæсур мын мæ хуыссæг,
Цæмæй мæм æрцæуа фæлдисын, цæрын.

*2012.01.09*

*АСЛÆМЫРЗАТЫ Дзерассæ*

# МÆ УДЫ СТЪАЛЫ

## МÆ ИРЫСТОН

Мæ уд, мæ зæрдæйæ цы 'нкъарын,
Æрмæст гъеуыдоныл фыссын.
Æз иу хъуыддаг мæ зæрдыл дарын –
Мæ уарзт Ирыстонæн дæттын.

Мæ дзырд, мæ зард мæ уды мидæг
Æрмæст, мæ Иры зæхх, дæуæн.
Æнæ дæу сау æрхуым у фидæн,
Къуындæг – æрвгæроны фæтæн.

Хъæбул йæ мады тавс куыд уарзы,
Æз афтæ бауарзтон дæу дæр,
Дæ хъызт зымæг, дæ фæлмæн уалдзæг
Мæ риуы рафтауынц сыфтæр.

Дæуæн æвгъау нæ кæнын цард дæр,
Мæ хъару ратдзынæн, мæ сæр,
Æрмæст цæмæй æнхъæвза дарддæр
Дæ тагъд цæугæдæтты уынæр.

Мæ Иры зæхх, мæ уды стъалы,
Æз дын æппынæдзух куывтон.
Æрмæст мын дидинæг ды калай,
Мæ цин, мæ Ирыстон, мæ бон!

*МАЛИТЫ Хасан*

# ХЪЫСМÆТ

*Миниатюрæтæ*

## Кæй тæригъæд?

Далысæн зайгæ-зайын йæ уæрыкк амард, йæхæдæг дæр хуыздæр уавæры нæ уыд. Фыййау Дзамболат æм æргуыбыр кодта, тыхулæфтгæнæг далысы сæрыл йæ дæрзæг арм æруагъта æмæ сабыргай загъта:

– Адæймаг ма, гъа, цыфæнды фæуæд, фæлæ ды та кæй тæригъæдтæ фидыс, ды?

## Фæдзæхст

«Ма уадз дæ хæдзармæ ацы лæджы», – афтæ бамбæрстон мæ куыдзы хъуыды, иу хатт нæм Бесæгъуыр цыдæр курæг куы ‘рбацыд, уæд.

## Зæрдæйы бæркад

Темырцы куывд скодта, æнæхъæн дзыллæ æрхуыдта, бирæ бæркад фынгтыл æрæвæрдта. Адæм хæлоф кодтой фæрзиуыл. Уæд зондцух Бапъына йæ роны кæрдзын æмæ дзидзайы хæйттæ нытътъыста, афтæмæй хъуыр-хъуыргæнгæ сæхимæ нарæг уынджы фæцæйцыд.

– Йæ фынгтыл бæркад бирæ ис Темырцыйæн, фæлæ йæ зæрдæйы бæркад нæй.

Бапъына уымæй цы зæгъынмæ хъавыд, уый æз абоны онг дæр нæ зонын. Хорз лæгыл нымад уыд комбæсты Темырцы.

## Кувинæгтæ

Додæбейы уыгæрдæн дидинджытæй ацы аз уæлдай рæсугъддæр уыд. Мыдыбындз æрбатахт, адыв-дыв кодта, раст

цыма сыгъдæгдæр ранæй дон сисынмæ хъавыд, уыйау, стæй йæ фындз морæ дидинæджы къусчы фæцавта æмæ иу уысм фæсабыр, цыма кæимæдæр сусæг ныхас кодта, уыйау. Уыцы уысм æй ауыдта Бетъыры фырт æмæ йæ ныффæртт ласта — мыдыбындз кæрдæгмæ æрхауд, йæ къæхты сæрмæ цы бур чъиригæндтæ уыд, уыдон дæр ын, мæгуыр, уыцы цæфæй æрызгъæлдысты.

— Цæмæн æй ныццавтай? — бафарстон Бетъыры фырты. — Уæд та ма уыцы бындз йæ хæдзармæ кувинагæн æртæ чъирийы хаста!..

## Уардзæн

Дадо рацыд æмæ, хур зæхмæ куыд æдзынæг каст, уымæ гæсгæ загъта:

— Уардзæн.

— Цæмæй йæ базыдтай, Дадо, хур куы кæсы? — бафарстон æй æз.

— Бонæн йæ цæстыхаутæ хуылыдз сты...

## Фарст

Хуры тын мын иу бон ме уæхскыл баныдзæвыд æмæ мæ афтæ фæрсы:

— Ам-ма дæ?

## Нæуæг

Габеджанаты Нæуæг йæ лæппуйы кары иу чызджы уарзта, Фырдæ, зæгъгæ, йæ ном. Чызг дæр ын «нæ» нæ загътаид, фæлæ хиуæтты нæ бафæндыд ацы хъуыддаг. Чызджы хистæрты зæрдæмæ ирæд нæ цыд, Нæуæджы ныййарджытæ та чызджы бинонтыл æрвæсгæ нæ кодтой, уыдон сау мыггагæй сты, зæгъгæ. Ныхас дардыл цæуы, фæлæ хъуыддаг нæ сыræзыд, æмæ Нæуæг æнæ усæй баззад. Йæ цардыл йæ къух ауыгъта æмæ Хæресмæ цæрæнбонты хъомгæс ацыд. Сæрдæй-зымæгæй уырдыгæй хъæумæ нал здæхт, Фырдæ ма йæм кæд бирæ рæстæг æнхъæлмæ фæкаст, уæддæр. Уæд чызг æнæнхъæлæджы цыдæр æнахуыр низæй æрбарынчын,

дыууæ мæйы ма аудхар кодта æмæ амард. Адæм æй баныгæдтой, фæлæ уыцы зыны бон дæр зианы уæлхъус Нæуæджы ничи федта. Хæресы дæргъвæтин къуылдымтæ æмæ адæгты ‘хсæн уыцы ræстæг зæлыд Нæуæджы хъæр-æлгъыст:

Уауу, рухс дуне, кæд дын цы кодтон,

Мæ иунæг хур мын кæдæм ныгæныс?

Цард цæрынæн у, уæдæ цы? Рæстæг та алы низ дзæбæх кæнынмæ дæр дæсны у.

Нæуæг Байрадийы уæлбыл скъæтты колхозы фосмæ зылдис æмæ уыдоны бæркадæй цардис. «Нæуæг, цæй куыд дæ?», зæгъгæ, уырдæм сæфтæг хъæуккæгты фарстæн йæ дзуапп кæддæриддæр уыд иу:

– Дзæбæх. Уæхæдæг куыд стут?

– Ницы нын у, Нæуæг!

– Дзæбæх стæм, Нæуæг!

– Хуыцауы фæрцы, Нæуæг!

Уыдон уыдысты адæмы дзуаппытæ. Æрмæст Нæуæг Фырдæйы тыххæй никуы бафарста, кæцы уæлмæрдты ныгæд ис, уый дæр нæ зыдта. Хъæбæр зæрдæ дурау ныффидар, фæлæ бирæ азты фæстæ дæр Габеджанаты зæронд Нæуæджы сусæг зарæджы кæддæриддæр уыд йæ хъаймæты уарзоны кой:

Фыр дæ æви цæу дæ, –

Мæрдтæм дæм алæппу цæудзæн.

## Иунæг?

Хадзыбатыр райгуырд, йæ фыд хæстмæ куы ацыд, уымæй къуыри фæстæдæр. Фыд фесæфт, æхсæз азы фæстæ та амард йæ мад дæр, æмæ лæппу баззад бынтон иунæгæй. Адæмы фæрцы слæг, уæдæ цы уыдаид, йæ хабæрттæ кодта, фæлæ йæхи иунæг никуы хуыдта. Иу хатт мын загъта:

– Нæ цары ныр дæр ма цæры хæлынбыттыр, уыимæ схъомыл дæн, уыимæ цæрын æмæ, æвæццæгæн, мæлгæ дæр уыимæ акæндзынæн...

– Бинонты хъуыддаг бакæн, мæ хур.

– Зæрдæйы хъарм уыцы цæрæгойæ зонын, адæймаг та мын æй куы фенад кæна.

Æз нæ зыдтон, Хадзыбатырæн дарддæр цы зæгъон, уый.

## Бæхы ныхас

Бетъа бæхыл сахсæн сæвæрдта æмæ йæ хизынмæ ауагъта. Бæх цопп-цопгæнгæ Æрхы къардиуы былмæ бафтыд, йæ къах æй фæсайдта, æмæ къардиумæ ахауд. Куы мард, уæд æз йæ цуры фæдæн, æмæ мын удисæг хайуан афтæ зæгъы:

— Ехх, хъадаман мыл куы нæ уыдаид, уæд æй федтаис, æз уыцы къардиуæн йæ сæрты маргъау бæргæ атахтаин. Ныр та?..

## Тæрхон

Циликъа кæм ис, уый алчи нæ зоны — нæ хъæуы сæрмæ нæзыфтыд къæдзæхтæ æмæ хæрæгдымджын уыгæрдæнтæ. Нæ сыхæгты лæппу-лæг Петыримæ цыдыстæм уырдæм нæ уыгæрдæнтæ абæрæг кæнынмæ. Мæнмæ уыд фæрæт, Петырмæ — бел, афтæ сæ рахастам, æндæр нæ хъæугæ уыйас дæр нæ кодтой, фæлæ хохаг лæджы къухы иудадзыг исты кусæнгарз куы нæ уа, уæд æй адæм магусайыл нымайынц.

Цъиусур расырдта хуыргарчы, сæ сыффытт нæ хъустыл куы ауад, уæд Петыр йæ бел фæхъил кодта, хуыргарк йæхи фæсайдта, æви йæ Петыр барæй ауагъта, уый нал бамбæрстон, фæлæ цъиусуры дзæхст белыл фæцыд æмæ зæхмæ мардæй æрхауд. Петыр æм æргуыбыр кодта æмæ йæ systa.

— Цæмæн бакодтай афтæ? — бафарстон лæджы.

— Иуæн дзы æнæмæлгæ нæ уыд, — дзуапп радта Петыр. — Фæлæ кæмæн? Цъиусурмæ иу йеддæмæ ничи æнхъæлмæ кæсы, хуыргаркæн та йæ лæппынтæ фондз сты.

«Хуыргарк æви цъиусур?», — хъуыдытæ кодтон æз лæджы ныхæстыл. «Иу æви фондз? Фондз хуыргарчы æви иу цъиусур?». Абон дæр æз не 'мбарын Петыры тæрхон.

## Куыдзы мæлæт

Куыдз базæронд, йæхи «дарынхъом» нал уыд, æмæ йæ хицау Бетъа иу бон дыууæхстон рахаста арсмарæн нæмыгæй ифтыгъдæй æмæ йæ куыдзыл ныххуырста. Ырдиаг кодта куыдз. Йæ утæхсæны ма йæ хицауы къæхты цурмæ йæ фазыл бабырыд, туджы лæсæн йæ фæдыл уадзгæ, æмæ

йын йæ дæрзæг цырыхъхъы хъус асдæрдта, тыххæйты йæ цæстыты урсытæ Бетъамæ сзилгæйæ. Иу цъус ма – æмæ куыдз ныссабыр.

Уыцы ныв федтам Гамыссæимæ, мæнæн мæ бон сдзурын ницы бацис, фæлæ мын зæронд лæг саст хъæлæсæй афтæ загъта:

– Æгомыг фос – куыйтæ æмæ æндæртæ – чи зоны, æмæ мах нымайынц сæ хуыцæуттыл, се 'гас дæр æмæ сæ мард дæр махæй аразгæ сты, зæгъгæ, фæлæ йæ нæ зонынц, сæ адæймаг хуыцæуттæ куыд æвзæр сты, уый.

Лæг ныттукодта, йæ къух ауыгъта æмæ кæдæмдæр араст.

## Хосдзау æви хæстон?

Æрыгон лæппуйæ Присы иу хатт уыдтæн уазæгуаты мæ фыды хæлар Лаврентмæ. Хосгæрдæн афон уыд, æмæ мæ хæдзары хицау иубон уыгæрдæнмæ йемæ акодта. Æз, хохаг лæппу, цæвæг рариуыгъдтытæ кодтон æмæ цалдæр уисы рæвдз-рæвдз æрдавтон, стæй иу уысм фæфиппайдтон, Лаврент мæм куыд æдзынæг кæсы, уый. Цæвæг йæ хъæдыл карсты кæрон æрсагътон æмæ Лавренты цур уымæл уисыл мæхи æруагътон, мæ алыварс æрдзы рæсугъддзинæдтæ зыдæй ныхъуыргæйæ. Лаврент мын ме уæхск бакъуырдта, æз æм куы фæзылдтæн, уæд мын мæ цæстытæм лæмбынæг ныккаст, стæй загъта:

– Зоныс, цы, ме 'рдхорды фырт? Цæвæгæй бæзджын кæрдæджы уыцы рогæн стыр уис куы фæцæйхастай, уæд мæм афтæ фæкаст, цыма нæ фыдæлтыккон хæстон йæ тæлтæг бæхыл тæтæры 'фсады 'хсæнты кардæлвæстæй, йæхицæн фæндаггæрдгæ, уарийау фæцæйтахт.

## Уырыйы хъуыды

Адæм се 'взæрты калдтой куыдзæппарæн былæй. Ацы хатт дæр æвзæргæнæг æмæ адæмы цардхалæг Куыдзийæн ахæм тæрхон рахастой. Адæмæн нæ, фæлæ йе 'фсымæртæн бафæдзæхстой, цæмæй йæ сæхæдæг схæссой куыдзæппарæн былмæ æмæ йæ аппарой, туджджын сын куыд ничи уа,

афтæ. Лæппутæ се ‘фсымæры къæхтæ æмæ къухтæ бастæй ныззыввытт кодтой дурджын комы бынмæ, раст цыма æмбыд къæсса бырæттæм æппæрстой, уый хуызæн.

Куыдзи тæхгæ-тæхын халоны хъыллист ныккодта æмæ йæ тъæпп фæцыд æнусон зыртыл – адæм сæ уырдыгæй исгæ дæр нæ кодтой ныгæнынмæ – алыхуызон сырдтæн æмæ кæлмытæн уыдысты хæринаг.

Дыууæ нард уырыйы рацыдысты сæ цæрæн бынатæй, басмыстой Куыдзийы мардмæ, стæй сæ иу афтæ зæгъы:

– Ацы лæджы ардæм чи раппæрста, уыцы адæм кæнæ фырæгъдауджын сты, кæнæ сæ сæры зонд фæцыд.

– Мæнмæ хъус, уæдæ, – загъта хистæр уыры, – ацы лæджы фыд хæрынмæ нæ бæззы, уыйбæрц маргæй нæ гуыбынтæ фæрисдзысты.

## Æгъдау

– Абон хур раздæр аныгуылд.

– Зымæгмæ цæуы хъуыддаг.

– Исты æрæмбырд кодтат?

– Хуыцауы фæрцы цыдæртæ. Æххормаг нæ уыдзыстæм.

– Æххормаг диссаг нæу, хор æмæ донæй дæр фæцæрæн ис. Æгъдау радтыны фаг дæр нæм куыд уа...

– Æгъдау радтыны фаг дæр нæм ис. Алцы гуыбыны хардзæй баргæ нæу!

– Уæллæй, раст зæгъыс.

Ахæм ныхас бацайдагъ хуымæтæджы мæкъуылы мыстытæн.

## Мыдыбындз

Уыгæрдæны мыдыбындзыты къускмæ куыд фæцæйæвнæлдтон, мыд дзы сисон ахæрынæн, зæгъгæ, афтæ бындзытæн сæ лæгдæр рагæпп кодта фæдисы æмæ мын мæ къух ныццавта:

– Амæй фæстæмæ йæ зондзынæ, лæджы фырт, адджын хæринаг æнæ мастæй ссарæн кæй нæй, уый.

## Хур

Æз хурмæ комкоммæ кæсын. Мæ цæстытæ мын нæ хъыгдарынц нæдæр йæ зынг, нæдæр йæ тæвд. Фæлæ йæм бирæ куы фæкæсын, уæд мæм фæзыны айдæны хуызæн. Æрмæст дзы мæхи никуы федтон. Æмæ иухатт фехъуыстон хуры ныхас:

– Æз дæ уынын алы бон дæр, мæ хъæбул, фæлæ ды дæхи мæ цæстæнгасы цæмæй фенай, уый тыххæй мæн хуызæн сыгъдæг хъуамæ уай.

## Тыхджындæр

Бадтысты фондз зæронд лæджы æмæ кæстæрæн амыдтой, куыд цæрын хъæуы, уыдæттæ. Уалынмæ хæдзармæ бахызт Хуыцау. Лæгтæ сыстадысты æмæ йын салам радтой. Хуыцау сын бузныг загъта æмæ сын ацамыдта, цæмæй сбадой. Лæгтæ сбадтысты. Лæппу лæугæйæ баззад. Хуыцау уымæн дæр загъта, цæмæй сбада. Кæстæр та лæууы. Уæд æм зæронд лæгтæ фетхæлдтой: «Хуыцау дæм йæхæдæг дзуры, цæуылнæ сбадыс?»

Уæд сын Хуыцау афтæ зæгъы: «Сымах ын цы æгъдау бацамыдтат, уый мæ ныхасæй тыхджындæр у».

# ДЖОВАННИ БОККАЧЧО: 700 АЗЫ



*Джованни Боккаччо... Дунеон литературæйы классик, итайлаг Ренессансы намысджындæр зиууæттæй иу, разагъды поэт, прозаик, эссеист, Франческо Петраркæйы хуыздæр хæлар... Куы амард, уæд ын йæ ингæны къæйыл ныффыстой: «Дæ мингай фæллæйттæ дын дæ кад уæлиаумæ систой æппæт адæмы цæсты: ды рох никæд уыдзынæ».*

*Фыссæджы ахъаззагдæр чиныгыл нымад у «Декамерон», хицæн новеллæтæй арæзт уацмыс. Фæлæ уыцы новеллæтæ баст сты иумæйаг сюжетæй: авд æрыгон сылгоймаджы æмæ æртæ лæппулæджы сахарæй ацыдысты æмæ æрфысым кодтой хибар бæстыхайы – рын кæй сыстад æмæ адæмы кæй цагъта, уый аххосæй. О, æмæ «рыны рæстæг куывды» бадынц ацы фæсивæд, кæрæдзи ирхæфсынц алыхуызон хабæрттæй, таурæгътæй, æмбисæндтæй, анекдоттæй. Дæс боны дæргъы афтæ æрвитынц сæ цард (декамерон у грекъаг дзырд, амоны «дæсбонон»). Фæсивæд иууылдæр сты бонджынты цот, æгъдауджын, ахуыргонд, цардуарзаг.*

*Новеллæты æвдыст цæуы алыхуызон куыстытыл æмæ хъуыддæгтыл хæст итайлæгты цард, уынæм дзы къаролты, аристократты, къупецты, гуыппырсарты, сауджынты, моладзанты, зæхкусджыты. Ноджы дзы архайынц аивады зынгæ кусджытæ, зæгъæм, поэт Гвидо Кавальканти, нывгæнæг Джотто ди Бондоне, закъонтæиртасæг Форезе де Раббата æмæ а. д.*

*«Декамерон»-æй уæлдай ма Боккаччо ныффыста уацаутæ «Амето», «Фйамметтæ», «Сынт», поэмæтæ, сонеттæ, эссетæ «Дантейы цард», «Хуыцæутты генеалоги», «Разагъды сылгоймæгты тыххæй», «Номдзыд адæймæгты бæллæхтæ»...*

*Фыссæджы уацмыстæй ирон æвзагмæ ныртæккæ хæрз чысыл æрцыди тæлмацгонд. 1988 азы «Мах дуг» (№ 2) рауагъта «Декамерон»-æй иу радзырд (Джыккайты Шамилы тæлмац). Поэты æхсæзæм сонет та Ходы Камал раивта ирон æвзагмæ (бакæсдзыстут æй ацы номыры).*

*Джованни БОККАЧЧО*

## СОНЕТ ИТАЛИЙЫЛ

Уыдтæ, Итали, бæстæтæн сæ паддзах.
Цы фесты ныр дæ нæргæ кад, дæ цыт?
Æвæццæгæн, дунейы сæфт æрцыд –
Бæрзонд аивад къæхты бынмæ ‘рхаудта.

Куыдзæмгад систы хорзæхтæ. Нымад та
Куыд уой лæгмæ, кæд сау дуджы фæрцы
Нæ удты намыс бакодта мæрдцъынд, –
Æрмæст æхца, кæй ма æндавы кад та?!

Уæндон ныхас нын баззади фæткæн.
Уæуужей, нæ иу дæр нал кæны йæ мæт.
Ды дæр нын нал дæ ацы ран ныфсдæттæг.

Уæдæ мæнимæ судзгæ марой кæн –
Йæ базыры бын бакодта хъысмæт
Дзырды фарнæн йæ цыфыддæр ызнæгты.

***Ходы Камалы*** *тæлмац*

## БАЛЛАТÆ II

Кæд дидинæг ныррyадис,
Уæд уымæн, оххай, райгасгæнæн нал ис.
Мæнæн дæр афтæ ист у
Мæ чызгон фидауц, ахаста йæ рæстæг.
Куы аирвæза Исдуг, –
Дæ къух ыл ауигъ, джихæй кæс йæ фæстæ.
Бæргæ, куы фестин суадон, –
Дæ ныхдуртæ, дæ масты ауæзт атон!

Ӕдзух мæхи æлгъитын:
Кæддæр мæ уарзт мæ иу лымæнæн радтон,
Фæсайдта мæ – æрвитын
Йæ азарæй фыддæр фыдбонтæ абон.
Мæ цъус амондæн фидын, –
О, бастъæлон! – егъау фæсмонæй хъалон.

Цы чындæуа, мæ зарæг?
Цæрæццаг нал дæ, зæрдæйы ныгæд дæ.
Ӕрхæндæг у мæ сафæг:
Мæ хурхуадындз æгъатырæй ныхгæдта.
Ныууадздзæн мæ – куы ‘рхауон,
Зæрдæскъуыдæй мæ сау ингæн куы ссарон.

* * *

О, Алигьери Данте хуыдтой мæн.
Ӕз – ног Минервæ* . Ме ‘взагæн йæ зæлтæ –
Ӕрвон рухсæй. Нывæрдтой дзы сæ зæрдæ
Мæ рагфыдæлтæ, баззад мын бынæн.

Зындонæн æз йæ сау къуымты зылдтæн,
Уæлдунетæ мын равдыстой мæ сæнттæ. –
Мæ чиныг афтæ райгуырди. Фæлтæртæ,
Лæварæн уын, æвæццæгæн, бæздзæн.

Флоренци мæн ныййарæг мадау тавта,
Ныр мын ысси фыдыусау мæ зæхх:
Йæ хъæбулы хæрзиунæгæй ныууагъта,
Куы йыл калдта йæ чъизитæ Фыдæх.
Мæ мæгуыр сæр Равеннæмæ фæхаудта.
Уым – ме ‘стджытæ, мæ удæн – арв, уæрæх.

---

* Ромæгты мифологийы æрмгуысты, медицинæйы, поэзийы, скульптурæйы æмæ зонды бардуаг.

# «ДЕКАМЕРОН»-ÆЙ

*(Фыццаг боны æртыккаг радзырд)*

Хъуамæ йæ зонат, мæ дзæбæх лымæнтæ, æдылы митæ адæймагæн арæх йæ фæрныг цард кæй фехалынц æмæ йæ æвирхъау фыдбылызты гуылфæнты кæй баппарынц, зонддæжыны та йе 'рхъуыды бæллæхты азарæй кæй ратоны æмæ йæ æвæлмас, æнцой цардмæ кæй раздахы. Амонд йæ мидбылты кæмæ худтис, ахæмы йе 'нæсæрфат зонд бынтон ничийы бынатмæ кæй æрæппары, уый тыххæй бирæ хабæрттæ ис, ам се 'ппæты кой нæ кæндзыстæм – алы бон дæр сæ уынæм нæ цæстæй. Фæлæ зонд адæймагæн хатгай цы хорзы бацæуы, уый рабæрæг уыдзæни, ныртæккæ уын цы 'мбисонд æрхæсдзынæн, уымæй.

Сæлæдин ахæм стыр сгуыхтытæ равдыста æмæ фæстагмæ сси Вавилоны паддзах. Афтæмæй йæ раздæр та зонгæ дæр ничи кодта. Чырыстон къаролтæ æмæ сарацинтимæ тохы иу æмæ дыууæ хатты нæ фæуæлахиз ацы лæг. Фæлæ арæх стæрты цыди, стæй бирæ хæрдзтæ кодта. Уый аххосæй йæ къазна фæстагмæ сафтид. Æхца та йæ тынг æхсызгон хъуыди. Бирæ рахъуыды-бахъуыды фæкодта, æфстау кæмæй райса, ууыл. Фæстагмæ йæ зæрдыл æрлæууыд иу бонджын дзуттаг Мелхиседек. Уый цард Александрияйы æмæ пайдайыл æхца æфстау лæвæрдта адæмæн. «Уыцы дзуттагæй райсæн ис æфстау», – йæхинымæры загъта Сæлæдин. Фæлæ Мелхиседек чъынды лæг уыд æмæ дзы æнцонтæй нæ ратыдтаис æхца, лæгдыхæй архайын та Сæлæдины нæ фæндыд. Æмæ уæд хинæйдзаг хъуыды сæвзæрд йæ сæры. Æрбахуыдта дзуттаджы, хорз æй федта, стæй йæ йæ фарсмæ сбадын кодта æмæ йын загъта: «Мæнæ хорз лæг! Зондджын дæ хонынц, Хуыцауы уарзон лæг, дам, дæ. Гъемæ мæ базонын фæнды: æртæ закъонæй растдæрыл кæцы нымайыс – дзуттæгты, сарацинты æви чырыстæтты?»

Дзуттаг æцæгæй дæр стыр зонды хицау уыд æмæ æвиппайды фембæрста, Сæлæдин ыл хинæй рацæуынмæ кæй хъавы, уый. Хъуамæ мыл сайд ма 'рцæуа, зæгъгæ, йæ хъуыдыты арф аныгъуылд æмæ фæстагмæ загъта: «Де зæд, де зæд, дæ фарныстæн, паддзах, цæмæй мæ фæрсыс, уый

хуымætæджы хъуыддаг нæу, æмæ дзуапп раттыны размæ хъуамæ ракæнон иу чысыл хабар. Арæх хъуыстон, разагъды лæджы ном чи хаста, стæй хъæздыг чи уыд, ахæмы кой. Йæ чырыны, дам, æфснайдæй дардта диссаджы къухдарæн. Йæ хæрзхъæдæн, йæ фидыцæн, зæгъы, æмбал нæ уыди. Лæджы фæндыди, цæмæй къухдарæн цыдаид фæлтæрæй фæлтæрмæ. Æмæ, зæгъы, ныффæдзæхста: йæ фырттæй йæ кæмæн ратта, уый нымад уыдзæн йæ бындарыл, æмæ йæ иннæтæ хъуамæ нымайой мыггаджы хистæрыл, аргъ ын кæной, йæ коммæ кæсой. Гъемæ-иу къухдарæн кæмæ ‘рхауд, уый йæ кæстæртæн дæр афтæ фæдзæхста. Фæлтæр фæлтæры ивта, æмæ, зæгъы, къухдарæн иуахæмы æрхаудис, æртæ уæздан, хæдæфсарм фырты кæмæн уыд, ахæм лæгмæ. Уый йæ кæстæртæй хъулон никæй кодта, уарзта сæ æмхуызон æмæ нæ зыдта, йæ диссаджы хæзна кæй бæрны бакæна, уый. Æрæджиау æм æнахуыр хъуыды фæзынди: хъуамæ лæппутæй иуы зæрдæхудты дæр ма бацæуон. Æмæ иу зæрингуырдæн аивæй загъта, цæмæй йын йæ къухдарæны хæрз халдихтæ дыууæ сараза. Зæрингуырд ын йæ фæдзæхст сæххæст кодта, уæдæ цы уыдаид. Къухдарæнтæ фыццагимæ афтæ иухуызон рауадысты, æмæ сæ кæрæдзийæ раиртасæн нæ уыд. Йæ мæлæты размæ лæг йæ фырттæн сусæгæй фæйнæ къухдарæны радта. Фыд, зæгъы, куы амард, уæд ын лæппутæй алчидæр йæ бынат бацахсыныл дзурын байдыдта æмæ-иу йе ‘фсымæртæм къухдарæн бавдыста. Къухдарæнтæй æцæг кæцы уыд, уый раиртасын ничи фæрæзта. Æмæ йæ, зæгъы, абоны онг дæр ничима сбæрæг кодта. Уæдæ, де зæд, де зæд, дæ фарныстæн, паддзах, æз дæр уый зæгъинаг дæн, æмæ Хуыцау æртæ адæмæн — дзуттæгтæн, сарацинтæн æмæ чырыстæттæн — цы æртæ закъоны радта, уыдонæй кæцыдæры иннæтæй хуыздæрыл банымайон, уый мæ бон нæу, алы адæм дæр фидар хæцы, цы закъон æм æрхæццæ, ууыл. Йæ хъуыддæгтæ дæр уыцы закъонмæ гæсгæ аразы».

Сæлæдин бамбæрста, дзуттаг иттæг хорз кæй сарæхсти, цы цъысыммæ йæ басайдта, уымæй раирвæзынмæ. Цы гæнæн ма йын уыд æмæ басаст, ахæм фæлварæн ын барæй кæй скодта, æхцахъуаг кæй æййафы, ууыл æмæ йын æргомæй загъта, æфстау мын ратт, зæгъгæ. Дзуттаг ын, зæгъы, æхсызгонæй йæ къух ацарæзта, уæдæ цы. Сæлæдин дæр æбузн кæцæй

разындаид: йæ хæрзгæнæгæн йе ‘фстау афойнадыл æмæ æххæстæй бафыста, ноджы йын стыр лæвæрттæ ракодта, йемæ хæларæй цæрын райдыдта. Ууыл дæр æй нæ ныууагъта: бæрзонд æмæ кадджын бынат ын радта йæ паддзахады.

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Ирд æхсæв стъалытæй куыд сфидауы, уалдзæджы уыгæрдæн дидинджытæ куыд сфæлындынц, афтæ цыргъзонд ныхæстæй сфидауы æнувыд хæлæртты зæрдæбын ныхас.

* * *

Рæстæг тагъд цæуы. Уымæ гæсгæ дзы афтæ спайда кæн, зæронды бонты дæхи куыд не ‘фхæрай, ме ‘взонджы азтæ дзæгъæлсæфт фесты, зæгъгæ.

* * *

Ахæм æхсидгæ маст нæй, цасдæр рæстæджы фæстæ чи нæ айсæфа.

* * *

Йæхæдæг тæссаг уавæры чи ис, æртхъирæнтæ ахæм адæймаг кæны.

* * *

Æлхыскъ ныхас хъуамæ куыдзау ма хæца, фæлæ фысау.

* * *

Рынчыны æнæниз суæвын куы фæнда, уæд æй афтæ ныммай: дзæбæх кæнын райдыдта.

* * *

Арæх афтæ дæр рауайы: адæймаг æнхъæлы, цыма йæм амонд дард у. Уый та æнæуынæр къахдзæфтæй æрбацыд æмæ йæ къæсæрыл лæууы.

* * *

Дзурынц, мæлын, дам, æнцон у, искæй мæлæтæй куы ирвæзын кæнай, уæд.

* * *

Кæддæры галиу митæн се сраст кæнынæй сæ фауын æнцондæр у.

* * *

Амондæй чи тæрсы, уый амонды аккаг нæу.

* * *

Адæймагæн æрдзæй цы хæрзтæ рардæуыд, уыдон куы нæ хъæр кæна, æмбæхстæй сæ куы дара (æнæ исты аххосæй), уæд уый, мæнмæ гæсгæ, йе 'нæуæздандзинадыл дзурæг у æмæ уыцы хæрзты аккаг нæу.

* * *

Стæм хатт бахизынц чысыл халагъудты къæсæртыл стыр тæригъæдтæ.

* * *

Оххай, æнæфсарм, зыд æмæ кæрæф, æвирхъау маст, уд чи гуылмызтæ кæны, уыцы æнахъинон монцтæ фехæлдтой, æрдзæн адæймагимæ цы иудзинад уыди, табу кæмæн чындæуыд, зæрдæйæн æхцон чи хаста, уыцы фæтк æмæ уаг! Фæзынди хицау уæвыны монц, туджы æвдылд тæригъæд, æмæ æдыхдæр ссис тыхджындæры амæддаг...

Уæд æппæт хæдзæрттæм дæр балæгæрстой тæригъæдтæ, æмæ фыдракæндтæ адæмæн систы фæзминаг; æфсымæр æфсымæры мардта, фырт – фыды, фыд – фырты, лæг-иу бабын йæ усы азарæй, æнæфсарм мадæлтæ сæ цоты сæ гуыбыны марын райдыдтой, фыдыустытæ сабитæн цытæ 'взарын кæнынц, уыцы æрвылбоны хабæрттыл нал дзурын. Æмæ исбон, чъындыдзинад, схъæл митæ, хæзнатæ, стæй иннæ тæригъæдтимæ дунемæ æрбалæгæрста æппæт фыдты фыд – ронбæгъд, чъизи уарзондзинад. Уый азарæй бабын сты, дуне дзыллæтæ кæм цард, ахæм сахартæ*, сыгъд сирвæзы бирæ бæстæтыл, хæстытæн кæрон нал вæййы.

* Парис æмæ Еленæйы уарзты азарæй бабын ис Тройа. (Боккаччойы фиппаинаг).

* * *

Бынтон ӕдылы у, йӕ исбон, йӕ бынтӕ мӕрдтӕм ахӕссын чи сфӕнд кодта, уый.

* * *

Сылыстӕг дурзӕрдӕ, мастӕмхиц, гадзрахатӕй цӕуӕг у; йӕхи фӕирхӕфсы иу хъуыддагӕй: уарзгӕ йӕ чи кӕны, иузӕрдион ыл чи у, уыцы нӕлгоймаджы хъизӕмарӕй мары.

* * *

Ис ахӕм адӕймӕгтӕ, афтӕ чи ‘нхъӕлы, ӕз иннӕтӕй зонд-джындӕр дӕн, зӕгъгӕ. Зонгӕ та чысыл фӕкӕнынц, уымӕ гӕсгӕ сын адӕм уынаффӕйы номыл исты куы фӕзӕгъынц, уӕд сӕ ныхмӕ ӕрлӕууынц, ома, мах нӕхи зонд цы фӕкӕ-нӕм, уый куынӕ ис, уӕд нын куыд амонут, зӕгъгӕ. Ӕмӕ ахӕм схъӕл адӕймӕгты азарӕй бирӕ бӕллӕхтӕ ӕрцыд.

***Хъодзаты Ӕхсары*** *тӕлмацтӕ*




*Статуятӕ галуан Уффицийы цур (Флоренци).*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Сергей Есенин цæрæгойты хуыдта «нæ кæстæр æфсымæртæ». Æмæ æцæг æфсымæрты цардæй цæрын кæй зонынц, уый бæрæг у нæ ацы равдыстæй. Къамтæн сæ быны ницы ныффыстам: æнæуи дæр бæрæг у, чи дзы цы гæнæг у, уый.*

































# ИРОН
# ПРОЗӔЙЫ
# АНТОЛОГИ

# БОЦИТЫ БАРОН

*(1901-1944)*

*Боциты Тимофейы фырт Барон (Барис) райгуырд 1901 азы 13 сентябры Тибы хъæуы. Ам дины райдиан скъола каст куы фæцис, уæд йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæныны тыххæй ацыди Дзæуджыхъæумæ. Æрмæст йæ фæндæй ницы рауад. Æмæ уæд дыууадæсаздзыдæй йæхицæн къæбæрамалгæнæг сси: уынгты газеттæ уæй кодта; кæйдæр дуканийы уыд «цумайы лæппу», уый фæстæ та зæрингуырды æххуысгæнæг.*

*1917 азы Барон Тибмæ аздæхт æмæ хæдзары куыстытæ кодта. Æхсæз азы фæстæ та ногæй рафтыди горæтмæ, бацыди фæскомцæдисы рæнхъытæм, 1926 азы та – коммунистон партимæ. Гъемæ йæ уыцы аз Мæскуымæ арвыстой Хурыскæсæны фæллойгæнджыты коммунистон университетмæ. 1930 азы йæ фæци каст æмæ сыздæхт Ирыстонмæ.*

*Йæ цыбыр царды дæргъы къорд бæрнон бынаты бакуыста Боцийы-фырт: уыди Алагиры-Æрыдоны районы ахуырады хайады сæргълæууæг, журнал «Мах дуджы» сæйраг редактор, Фысджыты цæдисы сæрдар, Педагогон институты ахуыргæнæг, наукон-иртасæг институты директор, Министрты Советы цур аивæдты хъуыддæгты комитеты хицау...*

*Барон амарди 1944 азы 20 июлы.*

*Йе сфæлдыстады хъысмæт сæ бæллиццæгтæй нæ рауад – æвæццæгæн, уымæн, æмæ цытæ фыста, уыдон фылдæр хатт фыста дзырдаивады сæраппонд нæ, фæлæ æлдариуæггæнæг идеологийæн табу кæнгæйæ. Æмæ уыйадыл йæ уацмыстæ, уæлдайдæр йе ʻмдзæвгæтæ, уыцы рæстæгимæ амардысты. Уæддæр æнæ курдиат кæй нæ уыд, уымæн æвдисæн – йæ роман «Саст рæхыс». Ныффыста йæ 1935 азы. Нæ Антологимæ дзы хæссæм иу скъуыддзаг.*

*Роман фæстаг хатт хицæн чиныгæй мыхуыры рауагъта чиныгуадзæн «Ир» 1973 азы.*

*БОЦИТЫ Барон*

# САСТ РÆХЫС

*Скъуыддзаг*

Уарын тынгæй-тынгдæр кодта. Тымбыл хъæды фарсмæ сау хохы къæдзæхтæ бæрзонд уæлæуæзæй фæрчытæ хаудысты къæвдайы донæй, æмæ цыма хох æгасæй дæр рафæлдæхт, афтæ æрвнæрæгау цыдис сæ къæр-къæр. Уæвгæ арвы нæрын дæр къаддæр нæ кодта. Дард комы кæронæй, быдырырдыгæй, Хъазыбеджы хохы сæрты акæсгæйæ, арвы кæрæттæй иу йæхи ирддæр дардта æмæ йыл изæры хуры цæхæртæ цыма арт бандзæрстой, уыйау сырх-сырхид цæсгом æвдыста Тъæпæнхъæумæ. Тему æрбауадис хæдзармæ тагъдгомау æмæ дуарæй æрбадзырдта:

— Хæдзар афснайут — уазджытæ!.. Тагъддæр фезмæлут!..

— Хæдзары нæм цы вæййы, уый уазæгæн ахæрын кæны Бырынкъ, æмæ та фæауууон вæййы. Мæ фындзы хъæл мæ хордта абондæргъы æмæ та нæм æцæг уазæг кæцæйдæр æркодта.

Фатъи, йæхи хъуынджынтæгæнгæ, уисоймæ февнæлдта. Сывæллæтты иу ран рæнхъ-рæнхъ тæрхæгыл рабадын кодта. Хæмæт йæ кæрцы къæрит йе уæхсчытыл æрбакодта æмæ пецы арты хъармæй тæрхæгмæ æнæбары йæхи байста æмæ уæздан бадт æркодта.

— Тагъддæр ут! — зæгъгæ ма иу дзырд скодта Тему æмæ дуары æдде фæцис.

Хæмæт йæ фæстæ кæсгæйæ баззадис. Уазæджы æрбацыд Хæмæтæн хъыг никуы уыд, уымæн æмæ, кæд чындзыты æхсæн йæхимæ кадджын кастис, уæддæр æм хæринаджы дзæбæх уазджыты рæстæджы йеддæмæ никуы хаудта, æмæ сабыргай сдзырдта:

— Уазæг — Хуыцауы уазæг! Ацæттæ кæн, чындз, хæдзар уазæджы æрбацыдмæ...

— Фынгисæггаг мын ратдзынæ, баба?

— Куыннæ, куыннæ, мæ къæбæлдзыг! — зæгъгæ, фæкодта Хæмæт æмæ æнхъæлмæ кастис уазæджы æрбацæуынмæ.

Фатъи та бацыд йæ уазæджы хъуырдухæны, кæд уазæджы цæсгом нæма æрбазынд, уæддæр.

Арвы дон йæ кæлынæй нæ сабыр кодта. Цыхцырджытæ тынгæй-тынгдæр мызтысты. Уынгты змæлæг нал зындис. Алчи нымбæхстис йæ мæгуыр хæдзары арвы цæлхъытæй. Къæвдайы доны хæл-хæл тынгæй-тынгдæр кодта. Алыхуызон чъизитæ ласта уынгты Тъæпæнхъæуы бынмæ. Сывæллæттæ, раздæр-иу уынгты къæвдадонæй култæ чи кодта, уыдон дæр никуыцæйуал зындысты.

Æрмæст ма Тему Цæлыккимæ лæууыди сæ хæдзары уæлувадыл гомварс агъуысты æмæ кастис уынджы уæлæмæ. Гыццылгай йæм хъуысын байдыдта къæвдайы сæх-сæхæй мырмырæгты зæлланг-мыллунг æмæ бæхты хуыррыттытæ.

— Лæппу, ацы линейкæ ардыгон нæу. Ам ацы афон ацы коймаг линейкæйæ цы агуры? Хъуамæ уый дæлæмæ цæуа!

— Кæдæм дæлæмæ? — бафарста Цæлыкк Темуйы.

— Быдырмæ, æндæр кæдæм.

— Бауром æй уæдæ æмæ райсом иумæ уыцы линейкæйæ ацæудзыстæм...

— Кæдæм цæуыс ды та?

— Демæ, æндæр кæдæм.

— Чи дын загъта?

— Баба дæр æмæ гыцци дæр. Дæуæн ницы загъта гыцци?

— Цæуылнæ, загъта. Фыдуаг, дам, у æмæ йæ искуыдæм фæлас...

— Ахуыр кæныны тыххæй дын ницы загъта мæн тыххæй?

— Гыцци бирæ цыдæртæ фæдзуры, фæлæ марадз, хæдзар абæрæг кæн, рафснайдтой йæ æви нæ? Тагъд ауай!..

Лæппу уайтагъд фæзылдис æмæ базгъордта хæдзармæ, кæд æмæ йæ нæ фæндыдис æнæ исты дзуапп райсгæ ацæуын, уæддæр.

Æрцæуынц хуыррыттытæгæнгæ бæхтæ Тъæпæнхъæуы уынгты. Сæ рагъæй сæ дон мизы æмæ сæ нард фæрстæ æрттывдтытæ калынц.

— Фæстæмæ хæц тынгдæр бозийыл, кæннод дæ хæдзары фæзилæны уырдыджы лæзгъæрты бæхтæ дæлæмæ ахæсдзысты, хорз лæг. Де ‘зæр хорз æмæ ‘гас цу! — загъта Тему линейкæйы хицауæн.

– Арфæгонд у, хорз лæг, фæлæ ам изæр хорз кæм ис? Ай мæнæ бæхæй, лæгæй къæвдайæ куынæуал бæззæм... Бахатыр кæн, фæлæ нæ ахсæв куы суазæг кæниккат, уæд уæ стыр бузныг фæуиккам, – линейкæйы хицау бæхтыл фæстæмæ хæцы. Бæхтæ сæ бози размæ фæкъуыр-фæкъуыр кæнынц æмæ та бæхтæрæджы размæ куы фесхойынц, уæд йæ ныхасы кæрон, цыма ныхъуыргæ акæны, афтæ уынгæй уæлхæдзармæ нал сыхъуысы.

– Уазæг – Хуыцауы уазæг, мæ хур! Æгайтма дæ сæрмæ хæссыс бафысым кæнынмæ сæгæйдзаг хæдзары къуымы. Рахиз æмæ нæм фысым бакæн.

Тему дурын асинтыл æрызгъордта æмæ линейкæйы хицауæн ноджы йæ къух райста æмæ йæм дзуры:

– Æфсæрмы ма кæн. Кæд мæгуыр стæм, уæддæр уазæгæн нæ хæдзары дуар æхгæд никуы уыдис. Биботæй уазæг æнæ æрфысым никуы ацыд фыдæй-фыртмæ.

– Цæй, уæдæ хатыргæнæг ут! – загъта бæхтæрæг йæ дон мизгæ æмæ линейкæйæ æрхызтис. Бæхты феуæгъд кодтой. Баластой сæ Биботы мæсыджы бын фидар скъæтмæ æмæ сæ уым зæронд фыдæлтыккон дурын кæвдæсыл æрбастой. Бæхты бафснайдтой. Рараст сты хæдзармæ.

– Бахатыр кæн, хорз лæг, бæрæг дæм дзурын дæр æфсæрмы кæнын, фæлæ уæм иугыццыл хосы муртæ нæ уыдзæнис мæ бæхтæн? – бафарста бæхтæрæг.

– Хæдзармæ уал рацу, дæ рын бахæрон! Бæхтæ дæр лæджы тыххæй сты, стæй уæд фендзыстæм. Цы нæ бон уа, уымæй нæ бацауæрддзыстæм.

– Стыр бузныг. Арфæгонд ут. Кæд нæ амæлæм, уæд мах дæр уæ дзæбæхдзинад никуы ферох кæндзыстæм. Хуыцауыстæн, дыууæ хохы кæрæдзийыл никуы сæмбæлдысты, фæлæ дыууæ лæджы – кæддæриддæр. Мæнæн ацы бон ацы æвзæр къæвдайы мæ хур чи разындис, уый кæд махмæ сæмбæла быдыры, уæд цыма ног райгуырдыстæм нæ мадæй, афтæ æхсызгон нын уыдзæнис йæ фенд.

Бæхтæрæг æмæ Тему кæрæдзи фæстæ бахызтысты хæдзармæ. Тему уайтагъд Цæлыкмæ фæдзырдта:

– Лæппу, рауай-ма ардæм. Тагъд ауай æмæ, кæд ма холлагдоны хосы муртæ ис, уæд сæ дæлæ бæхтæн бахæсс.

– Хизынмæ сæ нæ уадзут?

– Нæ, кæрдæгмæ сæ нæ фæуадзын, стæй æнахуыр сты æмæ фæлидздзысты, – зæгъгæ, фæкодта уазæг.

– Хорз, хорз, уæдæ сын æз хос нывæрдзынæн. Тему, бафæрс-ма-иу æй, кæцон у, уымæй... Кæд нæ йæ линейкæйы...

– Ауай тагъд æмæ бæхтæн холлаг нывæр, стæй уæд бæрæг уыдзæни, фæстæмæ куы 'рцæуай, уæд. Уыцы дзæгъæл дзырдмæ дæ æз бафæрсдзынæн...

Фыды цæстытæ раст мæйы йæстæ аисты. Рацæй-хаудтой сæ къусджытæй, афтæ хъыг ын уыдис, лæппу фæстæмæ кæй бадзырдта, уый.

Бахæццæ уазæг Хæмæты цурмæ, цалынмæ Тему æмæ Цæлыкк радзур-бадзур кодтой, уæдмæ.

– Хæстæгмæ нæм æгас цу, уазæг! – сдзырдта Хæмæт æмæ йæ къух радардта уазæгмæ, гуыбырæй уæззаугомау сыстадис, афтæмæй.

– Арфæгонд у æмæ фарн ам уæд! Бадгæ скæнут уæ хорзæхæй, цæмæн лæууут?!

– Ницы кæны. Сбад æмæ мах дæр сбаддзыстæм. «Уазæг тыхджын у»-иу бакодтой нæ фыдæлтæ, мæ хур, æмæ уый раст у.

– Батыхсын уæ кодтон ацы æвзæр рæстæджы æмæ бахатыр кæнут.

– О, куыд дын амардтæн! Уый та цæмæн зæгъыс?.. Нæ фыдæлтæ-иу афтæ дзырдтой: «Уазæг æрбацæуын кæй бафæнда, уый бинонтæ амæлæнт, стæй куы æрбацæуа, уæд ма ууыл хъыг чи ракæна, уый бинонтæ дæр амæлæнт». Уазæг – Хуыцауы уазæг, уый та цæмæн зæгъыс. Мах нæхуыддæг, быдыры æххуырсты уæвгæйæ, нартхортонæнты бирæйы кæрт æнæсгæрст никуы ныуудзæм æмæ зонæм, ахæм æвзæр бон лæг куыд тыхст вæййы, уый.

– Цæй, мæнæн бахатыр кæн, уазæг. Æз дæр уæм тагъд фæзындзынæн, фæлæ уал мæнæ мæ фыдимæ исты хабæрттæ кæнут...

– Ау, уый дæ фыд у? Хуыцауыстæн, æз ыл хибарæй куы фембæлдаин, уæд уæ, чи кæцы у, уый нæ базыдтаин.

– Ха-ха-ха! Цы кæнæм? Мæнæ куыд уыныс, афтæ фæци нæ арæзт... Ам нæ хæхбæсты дæр бирæтæ нал фæзонынц, – Тему худгæ фæзылдис æмæ фæраст и хæдзарæй æддæмæ.

Хæмæт нæ зыдта, Тему кæдæм цæуы, уый, æмæ йæ фæстæ рахъæр кодта:

– Афоныл-иу æрцу дæ хæдзармæ, лæппу. Макуы бафæстиат у.

– Хорз, дардмæ нæ цæуын. Уыцы сау лæппу куы æрбацæуа, уæд ма-иу мæм æй рарвитут, мæнæ бынæй скъæтмæ.

Фатъи йæ сæрæй бацамыдта, Цæлыччы кæй арвитдзæн Темумæ, уый.

Тему ахызти дуарæй, стæй Цæлыкк чысыл фæстæдæр æрбацыд хæдзармæ.

– Нывæрдтай сын хос, лæппу? – бафарста уазæг.

– Нывæрдтон, фæлæ дæ бæхтæй иу, хос ын куы æвæрдтон, уæд йæ хъустæ фæгæмæл кодта æмæ мын мæнæ мæ кæрцы дыс йæ дæндæгтæй стыдта. Куыд хæцаг у, уазæг, дæ бæх!

– Дæ цонгæн дын ницы кодта?

– Гыццыл мын фæрыстис, æндæр нæ...

– Ма йæм цу хæстæг, кæннод тынг фыдуаг у æмæ дæ ныццæвдзæнис. Куыд амардтæн, раздæр дын æй куыд нæ загътон! Мæнæн мæхи æфсымæрæн йæ уадул ахордта, æмæ абон дæр носæй баззадис, – загъта уазæг.

– Баба-иу афтæ бакодта: «Алы фос дæр йæ хицауы хуызæн у». Уый мах бæх куы уаид, уæд ын æз йæ пырх акалин паддзахы фæндæгтыл раскъæр-баскъæрæй, куы мæм лæбурид дæндагæй, уæд.

Уазæг йæ мидбылты худти – тынг худын æфсæрмы кодта. Фатъи фæуадис Цæлыкмæ æмæ йын йæ кæрцы къæрит раппæрста йе ргъæй. Батымбыл ын кодта мидæмæ йæ дыс æмæ йын йæ мæкъуыстæджы фыд цъæх-цæхидæй федта бæхы хæстæй.

– Кæй нæ фыдбылыз нæм æрцæудзæнис, иу ахæм нæй. Дæ тæригъæд дын фæхæсса Бырынкъ, кæд æй кæцæй æрбаласта, – зæгъгæ, сыбар-сыбур кодта Фатъи йæхимидæг, ныссырх ис, афтæмæй.

Хæмæт базыдта, Фатъи мæсты кæй кæны, уый æмæ уазæгмæ усæн йæ ныхас куыд нæ хъуыса, афтæ йæм дзуры:

– Чындз, марадз, арт бакæн, æмæ уазæг йæ дзауматæ басур кæна!

Уыцы ныхасмæ ус куы фæкастис, уæд Хæмæт чындзыл йæхи схъуынджынтæ кодта. Йæ зачъеты хæрдмæ йæ къухы æнгуылдзтæ суанг роцъойы бынæй суагъта æмæ уазæгмæ дзуры:

– О, Хуыцау дын хорз ракæна, уымæй дæ афæрсинаг уыдтæн... Лæппумæ ма кæс. Лæппуйыл ахæм цæфтæй фылдæр цы ауайы. Бафæрсын аипп ма уæд, лæг лæджы хъуамæ зона. Бахатыр кæн, фæлæ кæцон дæ, уый куы базонин, уæд ардыгæй фæстæмæ, нæ кæстæртимæ искуы сæмбæлгæйæ, кæрæдзи зониккат. – Лæмбынæг каст ныккодта уазæгмæ æмæ йæ йæ даргъ цæстыхаутæ æмæ хъуынджын æрфгуытæ æмраст кæсын кæй нæ уагътой, уый тыххæй йæ сæр фæстæмæ ракъул кодта, боцъотæ размæ хъилæй баззадысты æмæ иугыццыл рæстæджы фæстæ йæ хъустыл æрбайхъуыст ныхас:

– Æз дæн быдираг. Раст дæлæ Тыппыры хъæуккаг. Хъуамæ дзы искуы уыдаис, зæронд лæг?

– Ау, куыннæ, дæ рын бахæрон. Уыдон сæхæдæг дæр æлдары къæхты бын цæрæг адæм уыдысты. Мах дæр-иу сæм мæнæуагæрдæны, хосгæрдæны æмæ нартхортонæны арæх æфтаг уыдыстæм, цалынмæ ма нæ бон быдырмæ цæуын уыд, уæдмæ. Иухатт мын уым абырджытæ мæ цухъхъа дæр раластой ме рагъæй...

– Дæ бæхтæ дæр дын байстой? – сдзырдта уазæг.

– Нæ, цæй бæхтæ. Мæнмæ бæхтæ нæ уыд. Иу бон нæ фысымæн Хъабанты быдырмæ нартхор тонынмæ ацыдыстæм. Уыцы рæстæджы æхсæвæддæйыл куыстам иууылдæр, хъæу дард уыдис, æмæ нæ нæ хицау нæ уагъта хъæумæ цæуын. Райсом æхсæвыцъæхæй-иу суанг мæйы скастмæ кусгæ кодтам. Иубон куы уыдис, уæд та бричкæйы ацыдыстæм нартхор тонынмæ. Иу æрхгонды фарсмæ нæхицæн сарæзтам цæрæнбынат. Къæвда æхсæв скодта. Бæхтыл хъадамантæ бакодтам æмæ сæ ауагътам хизынмæ. Æмбисæхсæв уыдаид, афтæ нæм бæхты къæхты хъæр хъуысын райдыдта, дон калд хуырвæдтæй. Гыццыл фæстæдæр нæ балаганы алыварс алæууыдысты иу фынддæс барæгæй. Дæ балгъитæг æмæ мæ балгъитæг ахæм ран куы фæцадаид. Нæ зыр-зыр цыдис фыр тæссæй. Барджытæ дæр махæй фылдæр нæ уыдысты, фæлæ ахæм ран гæрзтæ куы нæ уа, уæд лæг ронбæгъдæй уæлдай нæу. Гъемæ, дæ рын бахæрон, нæ цæрæнбынатæй нæ иугай æддæмæ хизын кодтой, æмæ дæ Хуыцауæй бауырнæд, раст нæ нæ мад куыд ныййардта, афтæ сбæгънæг кодтой. Уас сын Мыкалгабыр æмæ Сагомы Уастырджы куы нæ ныххатыр кæ-

нид нæ тæригъæд. О, уый дын уый тыххæй æрымысыдтæн, æмæ мæ сæр маст æмæ æфхæрдæй цы нæ бавзæрста æмæ кæм нæ уыд, иу ахæм ран хохæй-быдырæй бирæ нæй. О, æмæ нын нæ фысым мызд нал фыста, уый бæхтæ дæр тыхтарды кæй фесты, уый тыххæй. Нæ цæуыны рæстæг куы ‘рцыдис, уæд нæ фысыммæ байхъусын диссаг уыдис. Æвзæр адæмтæ дæр бирæ ис зæххыл. Лæджы дæхицæн фæкусын кæн, стæй йын йæ мызд мауал фид, уый дæм куыд раст кæсы?

– Æвзæр адæмтæ алкæм дæр ис. Уымæй раст зæгъыс, зæронд лæг! Фæлæ Тыппыры хъæуы кæмæ уыдтæ æххуырсты?

– Чи ма сæ хъуыды кæны, дæ рын бахæрон, цытæ хуыйнынц, уый. Мах-иу, кæд исты бакусиккам, уый мæт нæ уыдис, уыййеддæмæ се ‘гасы нæмттæ кæй зæрдыл лæууынц. Уый тыххæй дын иу æмбисонд æрхæсдзынæн...

– Баба та йе ‘мбисæндтæм бахæццæ гъеныр, – сдзырдта Цæлыкк.

Ахæм хъыг уыди Хæмæтæн, уазæджы раз æм кæй сдзырдта, уый, æмæ йыл æваст фæхъæр кодта:

– Тагъд ацу ардыгæй, къæбæда! Марадз, дæ фыдмæ ныууай!

– Кæдæм, баба?

– Дæлæ бынæй скъæтырдыгæй кæд ис.

– Бæхтæ кæм баст сты, уым нæй, баба.

– Уæдæ хъуамæ иннæ скъæты уа, ауай! Хæмæты зæрдæ Темумæ фехсайдта, бæхдоны нæй, зæгъгæ, йын куы загъта Цæлыкк, уæд.

– Марадз, ныууай йæм æмæ йын зæгъ, баба дæм дзуры, зæгъгæ!

Цæлыкк тагъдгомау фæзылдис æмæ ацыд Темумæ. Уазæг æнхъæлмæ кастис Хæмæты æмбисонд фехъусынмæ, кæд æмæ йæм хъусын нæ цыдис, уæддæр.

– Хорз лæг, бахатыр кæн, фæлæ ныхас кодтай.

– О, уый дын дзырдтон. Æххуырсты куыстæй хъæздыджыты къухы мæгуыр лæгæн цæй фæцух ис. Уый тыххæй бирæ ‘мбисæндтæ ис. Иу фæсхохаг уыдис нартхортонæнты æххуырсты иу быдираг хъæздыгмæ. Быдираг хъæздыг фыццаг кæркуасæнæй суанг мæйы скастмæ йæ кусджытæн улæфт нæ лæвæрдта. Кусджытæ фæлмæцыдысты, мæйрухсы дæр ма сæ кæй кусын кодта, уымæй æмæ мæсты кодтой. Уый-иу

сæ рæзты уыцы нард дымстæй æрбазылдис æмæ та-иу сыл фæхъæр кодта: «Акусут, акусут цырддæр. Хур æмæ мæй æфсымæртæ сты. Хуры кæстæр æфсымæр мæй у», — зæгъгæ, сайæн æмхасæнæй æххуырсты кусджыты фыргуыстæй донмæ тардта æмæ сæ æнæ донæй здæхта... Фæсхохаг уыцы хъуыддаг йæ зæрдыл бадардта. Мызд фидæн афон æрцыдис. Æрлæууыдысты кусджытæ сæ хицауы раз. Фæсхохаг фæрсæй-фæрстæм æрæвæрдта меркъа æмæ мæрт. Нартхор кæмæ тыдтой, уыцы хъæздыг уыдон куы федта, уæд æм дзуры: «Уый меркъа у, фæлæ ма ацы гыццыл мæрт та цæмæн æрбахастай?»

Уый йын афтæ зæгъы: «Уый мæнæ меркъайы æфсымæр мæрт у, æмæ йæ кæм ныууагътаин...»

— Ха-ха-ха! Куыд диссаджы ахст æй æркодта.

— О, дæ рын бахæрон, ныхас æрцахсынмæ фæсхохы адæмы хуызæн кæм ис? Уый дын уый тыххæй радзырдтон, æмæ мах нæ фæллой кæд æххæстæй райсиккам, уый мæт нæ уыдис, уыййеддæмæ сын сæ нæмттæ чи хъуыды кæны. Нoджы сымахмæ нæмттæ махмæ нæмтты хуызæн не сты, фæлæ æндæр куыддæр здæхтытæ сты æмæ зæрдыл хорз нæ лæууынц. Бахатыр кæн, фæлæ дæ ном цы хуыйны æмæ кæмæй дæ? Чи зоны, æмæ ма уыцы хъæуы мыггæгтæй мæ зæрдыл исчи æрлæууа.

Хæмæт стыр зæрдиагæй хъуыста уазæгмæ. Уазæг йæхицæн тарстис, Хæмæт нартхор кæмæ тыдта Тыппыры хъæуы, уыцы хæдзæрттæй искæй лæппу куы разына æмæ къæзгæйæ сдзырдта Хæмæтмæ:

— Æз дæн Хæтæлбегты Мырзахъ.

— Кæмæй, кæмæй, хорз дæ нæ фехъуыстон?

— Хæтæлбегтæй, Хæтæлбегтæй.

— О, мæ хур, о! Цæргæ кæн, кæй дæ, уымæн. Рагæй кусыс линейкæйæ?

— Нæ, ныр иу дыууæ азы бæрц.

— Ацырдыгæй ма хæхбæсты искуы уыдтæ?

— Фарон ма уыдтæн, ам, æндæр никуы...

— Гъы, уæдæ дæ цы хур, цы къæвда æрбахаста ацы æвзæр къæвда рæстæджы? — афарста Хæмæт Мырзахъы.

— Сауджынæй къæвда дæр ма дæ цы фæнды? Мæнæ уын сауджын æрбаластон Тыппыры хъæуæй. Мæ мад-иу афтæ

загъта: «Фæндагыл цæугæйæ дыл сауджын куы амбæла, уæд дын рæствæндаг фæуæн нæй». Æз та йæ мæхи линейкæйы æрбаластон æмæ бынтондæр донласт ныддæн.

– О, табу Хуыцауæн! Лæппу ма дæ æмæ ахæм ныхæстæ ма кæн сауджынæй. Уый тæригъæд у Хуыцауы раз.

– Æвзæр дзы куы ницы зæгъын, Мæхæмæт пехуымпарыстæн, раст Хъуыран-чытаппæй дын ард хæрын, æз ахæм чъынды æвзæр адæймаг никуы федтон. Ацы къæвдайы лæг йæ гæдыйы лæппыны дæр æддæмæ нæ рауадздзæни, фæлæ мын уый иунæг уæздан ныхас дæр нæ загъта фысым бакæныны тыххæй.

– Уый пысылмон кæй дæ, кæд дын уымæн нæ загъта, хæдзармæ рауай, зæгъгæ, уыййеддæмæ дæ бахуыдтаид, чи зоны. Хъуамæ дæ ныхæстæй исты йæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Махмæ ныр иу афæдзы бæрц фæци сауджын æмæ адæмимæ сабыр цæры. Чи йæ нæ бахондзæн, иу ахæм нæй. Æз æй мæхæдæг дæр æрхонинаг дæн куадзæнты нæ хъыбылы сæр æмæ бæрзæймæ...

Мырзахъ уый куы фехъуыста, уæд йæ былтыл æвиппайды йæ фындзы кæлмæрзæн авæрдта, йæхи сæнцъылдтæ кодта, цыма каконсындз йæ зæвæты сныхстис, уыйау, æмæ сдзырдта:

– Ау, уæ сауджын дæр хæры хуыйы фыд?

– Хæры, мæ хур, уæдæ цы кæны. Цæуылнæ хæра, исты пысылмон куы нæ у.

– Куыд нæ у пысылмон? Ау, æз æй нал зонын? Махмæ ахуыргæнæгæй куыста æмæ йæхи пысылмон хуыдта кæддæриддæр. Æцæг зæгъыс, хуыйы фыд хæры уæ сауджын, уый?

– Æмæ дæ цы сайон уæдæ, мæ хур? Иу хист æмæ иу куывды дæр цух нæ вæййы, фæлæ пысылмон кæд у, уæд чырыстон æгъдæуттыл цæмæн хæцы, уый диссаг нæу? Тфу, ахæм æдзæсгомдзинад сауджынмæ куыд разындзæн, уый нæ зонын! Нæ, нæ мæ уырны, бахатыр, кæн, дæ ныхас. Дæ ном та мæ æрбайрох, куыд дын амардтæн, гъе!

– Мæ ном Мырзахъ у, фæлæ, пысылмон уæвгæйæ, хуыйы фыд куыд хæры, уый мæм диссаг кæсы. Бæлвырд æй федтай дæхæдæг хуыйы фыд хæргæ, Хæмæт?

Хæмæтмæ уыцы фарст хъыггомау фæкастис æмæ ноджы хъæрдæрæй сдзырдта:

– Уастырджыйыстæн, мæнæ нæхи хъæуккаг Биботы Михелтæм хуыйы сæр æмæ бæрзæймæ хуынд уыдис æмæ-иу Михелы кард уыцы нард хуыйы бæрзæйыл куы æруагъта, уæд цыма гæрзытæ уагъта, афтæ кæрдæнтæ кодта дзидзайæ. Йæ былтæ сойы 'рттывд кодтой æмæ та-иу сæ миты къæрмæджы хуызæн урс къухсæрфæнæй асæрфта.

– Гъеныр мæ бауырнидта дæ ныхас. Хæрæг дæр – хæрæг æмæ дыдзæсгом адæймаг дæр, – сдзырдта Мырзахъ. – Хъуыраныстæн, дин дæр мæнгард у, уыййеддæмæ дыууæ цæсгомы равдис, пысылмон уæвгæйæ, уый дæм диссаг куыд нæ кæсы, Хæмæт? – Мырзахъмæ бакæс, уæд, цыма пысылмон дины сæргъы уый лæууыдис, афтæ мæсты кодта сауджыны хъуыддагыл.

– Ма мæсты кæн, мæ хур. Дыдзæсгомы тыххæй дын æз иу æмбисонд æрхæсдзынæн. Махмæ ма иу сауджын уыдис иу аз æмæ адæмæн мархо хæрын нæ уагъта, фæлæ мæнæ нæхи лæппу, бæхтæн хос æвæрынмæ кæй арвыстам, уый хистæр Æхсар нын скъолайæ иу къорд боны фæцух ис, æмæ йæ сауджын куадзæнты размæ мархойы скъоламæ нал уагъта. Йæ мад, мæнæ чындз, йæхи зæрдæ йе 'вдисæн, цалынмæ йын дынджыр хуын схаста æмæ йын ныллæгъстæ кодта, уæдмæ йæ нал иста скъоламæ. Афтæ нæ уыдис, чындз?

Фатъи худгæйæ Мырзахъ æмæ Хæмæтæн йæ сæрæй бацамыдта, раст кæй дзуры Хæмæт, уый, йæхæдæг арынг райста æмæ кæрдзын кæныныл æрлæууыдис.

– Гъемæ уыцы уæливыхтæ æмæ арахъхъ, мæнæ дын цы Михелы кой кодтон, уыимæ бахордтой æмæ банызтой. Михел та ахæм у, æмæ йæ цæрæнбоны мархохорæй зыдтой нæ хъæубæстæ. Иубон нын ноздджынæй йæхæдæг радзырдта уыцы хабар. Уый дын сауджыны дыдзæсгомдзинады тыххæй радзырдтон, мæ хур.

Ахæм хабæрттæ кодтой Хæмæт æмæ Мырзахъ кæрæдзийæн, цалынмæ Мырзахъ афтæ сдзырдта: «Æниу, цы уæлдай ис молло æмæ сауджынæй», уæдмæ.

Хæмæт уæззаугомау ныххудтис æмæ загъта!

– Уас нæ тæригъæд куы фæхæссиккой сегас дæр. Марадзма, Темумæ адзур, чындз, куыд æрæгмæ цæуы. Уазæг дæр, зæгъ, иунæгæй хъыг кæны æмæ тагъддæр рацæуæд...

— Ницы кæны. Кæд æй исты хъуыддаг, мыййаг, ис. Арфæгонд ут. Æз мæнæ арты фарсмæ бадын, уаргæ, мыййаг, мыл куы нæ кæны, цæмæй мын тæрсыс?

— Тæрсгæ дын нæ кæнын, дæ рын бахæрон, фæлæ лæппуйæн зæрондимæ бадын иууыл æхсызгон кæм вæййы, уый тыххæй дын зæгъын.

Хæмæт йæхи тæрхæгыл фæстæмæ ауагъта, къæбæлдзыгсæр чызг йæ хъæбысы, афтæмæй. Бадынц Мырзахъ æмæ Хæмæт.

— Ды зæронд нæма дæ, Хæмæт. Уæллæгъи-биллæгъи, æз уæ куы нæ зыдтаин, уæд Темуйы хистæр хуыдтаин. Ды дæхи зæронд ма ма хон, нырма ацы рæсугъд чызгæй ирæд райсдзынæ, уæддæр ма лæппутимæ лæппу уыдзынæ...

Хæмæт чызджы йæ хъæбысы æрбатымбыл кодта, йæ даргъ пыхцыл зачъетæ йын йæ рустыл æрсæрфта æмæ та йæ гыццыл фæлмæн урс-урсид къухæй иуфарсырдæм ракъул кодта. Зæронд лæг, уазæгæй кæд æфсæрмы кодта, уæддæр сæ бинонтæй уыцы къæбæлдзыгсæр чызгæй фылдæр никæй уарзта, уымæ гæсгæ йын йæ дзыккутæ фæстæмæ йæ къухæй сæрвасæнæй фасæгау кодта æмæ та-иу æм йæ хъæбысмæ æрдзырдта: «Баба йæ гыццыл каркæн райсом уыгæрдæнæй хъоппæджытæ æрхæсдзæнис», — зæгъгæ.

Къæбæлдзыгсæр чызг кæд хæдзары къуымты йæ рауайбауайæ иу ран æнцад нæ фæбады иннæ бонты, уæддæр цыма æфсæрмыгæнаг чындздзон чызг у, афтæ Хæмæтмæ хæрдмæ скæсы, йæ цæстытæ уазæгыл разилы æмæ та йæ сæр бакъул кæны зæронд лæджы хъуынджын риуыл, цыма дзурын дæр нæ зоны, уыйау.

Гыццыл фæстæдæр, йæ цæнгтæ йæ рæмбыныкъæдзмæ фистæг, афтæмæй дуарæй æрбахызти Тему. Уазæг ын уæлæмæ фестад æмæ йæм Хæмæт дзуры:

— Сбад, Мырзахъ, цæмæн сыстадтæ. Уый уазæджы цур мæ дæле никуыма сбадтис.

— Ау, уый та куыд? Исты сывæллон куы нæ у. Æз уазæг нæ дæн ацы хæдзары. Раст мæхи бинонтæ куыд уа, афтæ уæм кæсын, æмæ Тему лæугæ кæна, æз та бадгæ, уый раст нæу.

— Ницы кæны. Уазæг куыд нæ дæ, мæ хур, исты нын нæ хæдзары къæсæртæ куы нæ фæсастай...

— Нæй мæнæн сбадæн Темуйы разæй...

– Сбад, уæдæ лæппу. Уазæг тыхджын у, – загъта Хæмæт, æдзынæг кæсы Темумæ, афтæмæй.

– Сбад, Мырзахъ. Æз дæр сбаддзынæн, æрмæст хатырæй... – Цырдгомау дурын тæрхæгыл йæхи æруагъта Тему.

Сбадтысты. Фатъи йæ кæрдзынты куыст кодта. Æхсæвæр афонмæ бирæ нал уыдис. Къæвда дæр фæсабыр, фæлæ ахæм мæйдар уыдис, æмæ цæсты къух куы атъыстæуыдаид, уæд æй лæг нæ федтаид. Сау асæстытæ кæмтты сæхи бынноз æристой æмæ, цыма уæлдæфы ленк кодтой, уыйау кæрæдзи фæстæ æнкъардæй цыдысты хурыскæсæнырдæм. Бæрæг уыди, сæ маст та рæстæй мæгуыр фæндаггæттыл кæй калдзысты, уый. Фатъи уыцы сахат Цæлыччы бæрæггæнæг скъæтмæ ауади Тузар æмæ Аронимæ.

Тему Хæмæтмæ сдзырдта сабыргай:

– Уыцы æвзæр лæппуйы дæр акæнон, баба, кусынмæ?

– Акæн æй, уæдæ йæ цы кæныс. Кæд нын, цæхх цæмæй балхæнæм, уый бæрц пайда уæддæр фæуид. Ам дæр йæ зæрдæ куыстмæ нæ дæтты æмæ ма уым æвзагыл уæддæр кæд сахуыр уаид.

– Хорз, – зæгъгæ, бакодта Тему. Къæбæлдзыгсæр чызг æвиппайды сдзырдта Темумæ:

– Тем, ахуыр кæнын æмæ кусын иу сты? Баба афтæ загъта Цæлыккæн: Тем, дам, дæ ахуыр кæнынмæ кæны.

Мырзахъ чызджы дзургæ куы фехъуыста, уæд худæгæй амардис.

Тему ма чызгмæ банцай, зæгъгæ, сдзырдта æмæ, цыма стыр зиан ракодта, афтæ ныхъхъуыста йæхимæ æмæ дзуры Хæмæтмæ:

– Кусынмæ йæ кæнын, уый лæппу нæ зоны æмæ-иу æй йæ мадæн дæр ма зæгъ, кæннод æм йæ зæрдæ æхсайдзæн...

– Æз ницы зæгъдзынæн, фæлæ та йæ ацы къæбæлдзыгсæр радзурдзæн.

Гыццыл чызг дынджыр адæймаджы хуызæн скаст Хæмæтмæ æмæ йæм дзуры:

– Баба, ауадз мæ, æз демæ нал бадын.

Зæронд чызгыл фæстæмæ хæцы. Чызг Хæмæты хъæбысæй йæ къæхтæ зæхмæ æруагъта æмæ лæдзæджы хуызæн ныцци.

– Суадз мæ, баба, дон нуазын!..

Хæмæт чызджы суагъта йæ хъæбысæй. Чызг, æз уæ сардаудзынæн, зæгъгæ, скуыдта æмæ дзургæ ацыди. Бинонтæн

худын бацайдагъ ис. Хæмæт ацы æхсæвæй фылдæр никуы фæхудти.

– Сывæллон хæдзары дзуар у. Йæ рын бахæрон... Нæ йæм хъусыс, цытæ æмбары? Дæ къухтæ цы бафистæг кодтай кусартгæнæгау? Æруадз сæ, лæппу! Йæ мады æрбацыдмæ уыцы чызджы йæ кæуынæй басабыр кæн. Уыцы лæппу исты куы бамбара, уæд ахæм хивæнд у, æмæ, чи зоны, йæ зæрды цы æрæфтдзæнис...

Цалынмæ Хæмæт ныхæстæ кодта, уæдмæ къæбæлдзыгсæр чызг хъазыныл фæцис. Фатъи æмæ Цæлыкк Хæмæт æмæ Темуйы фæндæн ницы базыдтой. Тему Хæмæтмæ сабыргай дзуры:

– Баба!

– Цы кæныс?

– Уазæгимæ уал ахиз æддаг хæдзармæ, ныр уæ дзауматæ дæр хуылыдз нал сты æмæ уал уым аныхæстæ кæнут.

Хæмæтæн арты фарсæй æнæ арт хæдзармæ ацæуын ахæм зын уыдис, æмæ йæ фæлтау маргæ акæн. Уазæджы ‘фсæрмæй йæхиуыл схæцыдис æмæ гуыбыр-гуыбыр, йæ кæрцы зæронд йæ уæхсчытыл уæгъд зæу-зæугæнгæ, араст ис æддаг хæдзармæ – «уазæгдонмæ».

– Цом, дæ рын бахæрон, Мырзахъ, æддаг хæдзары уал абадæм... Кæстæрты фæндон афтæ у. Бахатыр кæн.

Мырзахъы дæр иууыл тынг кæм фæндыдаид æнæ арт хæдзармæ ацæуын, фæлæ мæнгæй нæ бакæнынц, «уазæг фысымы бар у», кæнæ «кæй уæрдоны бадай, уый зарæг кæн». Араст ис Мырзахъ Хæмæты фæстæ.

Фатъи æмæ Цæлыкк туг калгæ æрбахастой хъыбылы мард хæдзармæ.

Тему хæдзармæ йæ дыстæ счъилæй куы бахаста, уæд ыл кæд Хæмæт гуырысхо кодта, уæддæр цæмæй зыдта, Тему йын йæ хъæлфындз хъыбылы кæй аргæвста, уый.

Уыцы хъыбылы Хæмæт иу-цыппар мæйы размæ йæ роддзармы æрбахаста куадзæнтæм хæссынмæ быдырæй, фæлæ йын Тему йæ зæрдæйы даргъ фæринк кард ныссагъта уазæджы тыххæй.

Æхсæвæр сцæттæ. Фатъи хъæдын тæбæгъы ахаста хæринаг «уазæгдонмæ». Мырзахъ æмæ Хæмæт сæ ацыдмæ цыдæртæ ныхæстæ кодтой. Тему уыцы фæдыл бахызтис Фатъийы фæстæ, уазджытæ кæм уыдысты, уыцы агъуыстмæ.

Дзидзатæн тæбæгъы сæ фæздæг калдис. Хæмæты цæстытæ тæбæгъыл куы анидзæвдысты, уæд иуæй дзидзаты адджын тæф цъирын райдыдтой, иннæмæй та дзидзаты кæцæй æрхастой, ууыл сагъæс кодта. Хаттæй-хатт-иу æй бафæндыдис бафæрсын, фæлæ æфсæрмы кодта Мырзахъæй.

Зæронд лæг йæхæдæг дæр хорз нæ зыдта, цæй дзидзатæ сты, уый. Уымæн æмæ агъды фæлмæнты кæрстытыл хуыйы цъар нæ уыдис æмæ сæ ноджы уыргтæ æмæ игæры фæрчытимæ куы сызмæстой, уæд сæ уæрыччы дзидзайæ сауджын дæр нал базыдтаид, кæд æмæ куадзæн боны иунæг хæдзары хъыбыл дæр æнæ хæрд нæ уагъта, уæддæр.

Хæмæтмæ схъæл фæтæнком æмæ лыстæгбын урс-урсид сыкъайы арахъхъ авæрдтой.

Сыкъайы фæрстæй арахъхъ æддæмæ зындис æмæ бæрæг уыдис, сыкъайы комы æнæ ныккæсгæйæ, Цæлыкк кæмæн куыд дзаг кодта арахъхъæй сыкъа, уый.

— Æгæр дзаг æй бакодтай, лæппу! Рауай æмæ дзы ахуыпп кæн, — дзуры Хæмæт Цæлыкмæ.

Лæппу арахъхъæй ахуыпп кодта, йæ цæстытысыг æркалди æмæ ма дзы ноджы фыр тагъд æмæ æнахуырæй æрхæцгæ дæр фæкодта.

— Хæлар! Хæлар! Де ʻнæуарзæг дæ фæхъхъау фæуæд, — сдзырдта Мырзахъ.

Хæмæт райдыдта кувын.

— Цæй, уæдæ, Хуыцау, баххуыс кæн. Хуыцау, табу дæуæн. Самты хорз Уастырджи, комы сæр бадыс, комы хорзæх, дæхи хорзæх ратт. Ныхасы бæрзонд Уастырджи, фæндагыл дæр де уазæг æмæ бынаты дæр. Тæтæртупп, Хетæджы Уастырджи, æппæт быдыры зæдтæ, уазæгæй, фысымæй мах уæ фæдзæхст æмæ уе уазæг. Чырысти, дæ райгуырæн бон дæхиуыл цы дзуар бафтыдта, уымæй нæ хайджын фæкæн! — зæгъгæ, йæ къух радта Мырзахъмæ.

— Нæ, уый дæхи у, Хæмæт!

— Айс, дæ рын бахæрон, махмæ кувæггаг хистæр йæхæдæг нæ фæнуазы...

Мырзахъ фестадис æмæ кувæггаг райста. Тему уазæгæн йæ разы фынг кæны. Цæлыкк, йæ сыкъайыл хæцгæйæ, æдзынæг касти Мырзахъы къухтæм.

— Бадгæ скæн, афтæмæй баназ, хорз лæг! — сдзырдта Цæлыкк.

– О, куыд дын амардтæн, нæ дæ фæхъуыды кодтон! – зæгъгæ, загъта Хæмæт, йæхæдæг йæ сæр ныггуыбыр кодта, афтæмæй хъуынджынæй кастис тæбæгъмæ.

Мырзахъ сбадтис.

– Цæй, кæй ном ссардтай æмæ дæ чи ферох ис, се 'ппæт ахъаз бакæнæнт а хæдзарæн. Хъабыл уæнт дæ ныхæстæ. Уæ алы уазæг дæр уæ райгондæй цæуæд кæддæриддæр. Мæнæн арфæ кæнын мæ бон нæу, фæлæ уын мæ бæсты Хуыцау раарфæ кæнæд. Æз ма йæ изæры дæр загътон, хъуыраныстæн, уæ дзæбæхдзинад æз никуы ферох кæндзынæн.

Мырзахъ анызта йæ арахъхъ.

– Æллæх, æллæх, мæлæты карз арахъхъ нæу!..

– Дæ цæст дын къахта. Аназ æй! – зæгъгæ, фæхъæр кодта Цæлыкк, Мырзахъ сыкъа æрдæгнозтæй фæстæмæ куы 'рцæйиста, уæд.

Уазæг дыккаг дард скодта арахъхъ æмæ йæ анызта йæ тæккæ бынæй. Мырзахъ йæ былтæ асæрфта иу сау чъизи фындзыкæлмæрзæнæй уæззаугомау, стæй йæ йæ дзыппы нывæрдта буцгомау æмæ мардмæ бадæгау æнцад кастис Хæмæтмæ, йæ къухтæ кæрæдзи сагæмтты акодта, йæ уæрджытыл сæ æрæвæрдта, афтæмæй.

– Кæрдихтæй сис дæ хорзæхæй, – æмхуызонæй кæрæдзи фæдыл сдзырдтой бадджытæ.

– Ницы кæны, хæрдзыстæм. Æфсæрмы нæ бакæндзынæн, раст мæхи хæдзары хуызæн.

Мырзахъ йæ дыстыл мидæмæ бахæцыдис. Къухтæ размæ фæцыргъ кодта æмæ тæбæгъæй уæздангомау райста нард дзидзайы комдзаг. Дзыхы йæ баппæрста. Дзидзайы сой йæ къухты æнгуылдзтыл æрлæдæрстис æмæ йæ йе 'взагæй адджын асдæрдта.

Тему хорз зыдта, пысылмон адæм хуыйы фыд кæй нæ хæрынц, уый, фæлæ Мырзахъ пысылмон у, уый нæ зыдта æмæ, цыма афтæ æмбæлдис, уый бадт кодта æртыкъахыг фынджы кæрон æнæфсæрмæй.

– Хуыцау, уæдæ баххуыс кæн. Алы уазæг дæр нæм хъæлдзæг, æнæ мастæй куыд цæуа, уыйбæрц амонд нын ратт! – зæгъгæ та Хæмæт кувыныл ахæцыд, фæлæ Мырзахъæн хæххон хоры арахъхъ йæ сæры куы бацыд, уæд хъæдæй æрцæугæ лæджы хæрд кæнынмæ бавнæлдта. Кæсгæ дæр

никæмæуал кодта. Æрмæст ма-иу стæм хатт сдзырдта: «Мæлæты карз арахъхъ нæу! Уæ, Хуыцау уыл бацин кæна, гъе!»

Тему бирæ кувынтæ нæ уарзта Хæмæты цур æмæ-иу æм Цæлыкк арахъхъ куы авæрдта, уæд-иу Мырзахъмæ «хуыцауы арфæ», зæгъгæ фæкодта, стæй йæ анызта. Иукъорд арахъхъы анызтаид Тему, афтæ Мырзахъæн йæ нуазæн авæрдта:

– Кæцон дæ, уый дæр нæма зонын, фæлæ дын мæ нуазæн дæттын. Кæддæриддæр дæ фæндагыл хъæлдзæгæй цу. Æгайтма мæ мæгуыр хæдзары ныллæууын дæ сæрмæ бахастай.

– Арфæгонд у, Тему! Цы стут, уымæй æгас ут. Ацы цæхх æмæ кæрдзын уын уæ къухæй Хуыцау макуы фæцух кæнæд. Æз ма йæ ноджыдæр зæгъын: æз дæн Тыппыры хъæуккаг, пысылмон, Хæтæлбегты Мырзахъ.

– Дæ амонд бирæ уæд, Мырзахъ! – загъта Тему. – Мах ардыгæй фæстæмæ хъуамæ кæрæдзи зонæм.

Пысылмон адæмы тыххæй Цæлыкк кæддæр Хæмæтæй фехъуыста, хуыйы фыд нæ хæрынц, зæгъгæ, æмæ Мырзахъæн йæ нуазæн йæ къухы, афтæмæй йæм дзуры.

– Хорз лæг, баба афтæ загъта, пысылмон лæг хуыйы фыд нæ хæры, æмæ уый раст у?

– Уæдæ циу. Цæй тыххæй зæгъыс, лæггаг?

Хæмæт æмæ Тему Цæлыкмæ сæ цæстытæ ныццавтой. Уæлдайдæр Темуйы раз Цæлыкк ныхас кæнын дæр никуы уæндыдис, фæлæ ацы хатт цæмæдæр гæсгæ йæ лæппуйы сонт дзых нал фæлæууыдис. Темуйæ Хæмæтæй чи мæстыдæрæй кастис лæппумæ, уый зын раиртасæн уыд. Сæ цæсты урсытæ фыр мæстæй æрттывтой саст урс тæбæгъы бынау.

Æнхъæлмæ кастысты, дарддæр цы зæгъдзæнис, уымæ. Цæлыккæн фыр тæссæй йæ цæсгом туджы разылдис, фæлæ Мырзахъæй тынгдæр кæй фефсæрмы, уый тыххæй афтæ зæгъы:

– Цæй тыххæй зæгъын, уый зоныс? Ацы дзидза хъыбылы дзидза у...

– Куыд зæгъыс? Уыцы джауыры фыд у? – зæгъгæ, лæгæн нуазæн йæ къухæй æрхаудта. Фынджы фарсæй фæгæпп кодта æмæ пысылмонау цыдæртæ сдзырдта. Фыр мæстæй гуырдзиаг сæны къупырийæ тыппырдæр аци.

– Хуыцау уын æй ма ныббарæд, – зæгъгæ фæкодта, йæхæдæг фæстæмæ æрбадтис æмæ фынджы бынмæ тутæ кæнын райдыдта.

Хæмæтæн йæ хыл тынгдæр фæцис Мырзахъæй. Уый æппындæр, Мырзахъ хуыйы фыд бахордта, уый мæт нæ уыдис, фæлæ Тему хъыбыл кæй аргæвста, ууыл ахæм загъд самадта, æмæ йæ лæбурын æмæ йæ хъæрæй хæдзары бацæуæн нал уыдис.

– Пысылмон лæгæн искуы хъыбыл аргæвдгæ федтай, бынхор? Цы зæгъдзæнис ныр ацы уазæг?

– Хуыцауыстæн, нæ йæ зыдтон, пысылмон у, уый! – йæ цæстытæ хъулæттæ кодта Тему Цæлыккыл. Мырзахъ цæмæй зыдта, Хæмæт хъыбылы аргæвсты тыххæй кæй хыл кæны, уый æмæ Хæмæты иргъæвыныл ныллæууыдис йæхæдæг:

– Ныууадз, Хæмæт. Рæдыдæй афтæ рауадис æмæ мауал маст кæн. Ницы кæны. Пысылмон лæг джауырты хæдзары уыцы джауыры фыд æнæ зонгæйæ куы бахæра, уæд уразамæ 30 боны ком куы бадара моллойы амындмæ гæсгæ, уæд нæ тæригъæдтæ ссыгъдæг уыдзысты. Мауал маст кæн, Хæмæт.

– Мæстæлгъæдæй фæцæрæнт сæ цæрæнбоны, мæстæлгъæдæй... Бынхортæ...

Хæмæт къулмæ йæхи мæстджынæй бауагъта.

Цæлыкк цы ракодтаид, уымæн ницыуал зыдта æмæ йæ арахъхъы дурынимæ йæхи фæстæмæ куыд рацæйиста, афтæ йын Тему йæ дурын йæ къухæй райста. Сабыргай хъавгæ-хъавгæ къух фæстæмæ фæхаста æмæ лæппуйы æхсæрфарсæн иу дзæхст нылласта. Лæппу пырх калгæ, йæ уадулыл хæцгæ сæ цæрæн хæдзары Фатъийы фарсмæ бамидæг. Хъæлфындз хъыбыл пысылмон уазæгæн кæд йæхи нывондæн æрхаста, уæддæр йæ азар Цæлыччы басыгъта. Мæнгæй нæ бакæнынц «хорз ма ракæн æмæ фыд ма ссарай». Йæ боны цинтæ уыцы æхсæв сæхи аивтой Цæлыккæн хъарм цæстысыгтæй, фæлæ йæ ныфс саст нæ уыдис Мырзахъы бæхтыл фыццаг хатт быдырмæ ацæуыныл.

Мырзахъ сырх расыгæй уыцы ‘хсæв хæххон хъæмпын лыстæныл къæвдайы фæстæ тыргъы рæсугъд мæйрухсмæ суанг райсоммæ фыр тарф фынæйæ йæ къах дæр нал атылдта, кæд æмæ-иу, арф улæфтытæгæнгæ, Цæлыкк йæ хуыссæны хæрдмæ фæхаудта, уæддæр.

# АРВИСТОН

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Дæ гæнæнтæ цас амонынц, уыйбæрц хорз куы сахуыр кæнай райдайæн æрмæг, ома мадæлон æвзаг, æрмæстдæр уæд бафтдзæни дæ къухы фæсарæйнаг æвзаг нывыл базонын дæр. Мадæлон æвзаг нæ зонгæйæ та дæ бон ницы бауыдзæн. (...) Рагацау æй мæ зæрдæ зоны: иу æмæ дыууæ мады мын нæ зæгъдзæни, фегæр æй кодтай, зæгъгæ. Фæлæ йæ дыккаг хатт фидарæй зæгъын: мæ ныхæстæ раст сты. Бирæтæ ныццæхгæрмæ уыдзысты, хуыздæр у искæй æвзагимæ цæрын, æнцондæрæй араздзынæ дæ хъуыддæгтæ, фылдæр дын æнтысдзæни, дæ уды дзæбæхæн æрвитдзынæ дæ бонтæ. Уыдæттæн та стыр ахъаз у францаг æвзаг. (...) Ахæм зондыл хæст чи у, уыцы мад-маманька схъæл худт бакæндзæни. Афтæмæй та, æнæуи дæр (францаг хъомылад нæ райсгæйæ) интеллигентон уырыссæгты тынг бирæ экземпляртæ, сæ быны цыма зæхх нæй, цыма мæрæй иппæрд сты, сæ уидæгтæ дзедзырой кæнынц – рауади сæ æппæтадæмон уæлæнгай зонды хицæуттæ. Гъемæ, Европæйы дымгæйы мыггагæй цыдæриддæр ис, уыдон сæ алырдæм рахæсс-бахæсс кæнынц.

* * *

Мæнмæ æппындæр диссаг нал кæсы, уырыссæгтæ кæрæдзиимæ уырыссагау кæй нæ дзурынц, уый (æнахуыр хабар уаид, уырыссагау куы дзуриккой, уæд). Диссаг æндæр хъуыддаг у: афтæ сæм кæсы, цыма францагау хорз дзурынц. Чи нын нытътъыста нæ сæры уыцы æнахъинон хъуыды? Уый æрмæстдæр не 'нæфендыл дзурæг у. Францагау чи дзуры, уыцы уырыссæгтæ (ома нæ интеллигенцийы егъау хай) дих кæнынц дыууæ къордыл: иутæ францаг æвзаг æвзæр кæй

зонынц, уый гуырысхойаг нæу; иннæтæ та афтæ ‘нхъæлынц, цыма æцæг парижæгтау дзурынц. (...) Ноджы ма æлгъаг уый у, æмæ, фæсдзæуинты цæрмыстыгъд бакæнгæйæ, сæхицæй буц æмæ сæрыстыр кæй сты (дыууæ къорды дæр. – Ред.) Уыдонæн се ‘взаг цардæгас нæу, фæлæ мард, аразгæ, фантастикон, цæвиттон, æрраты ‘взаг.

***Федор Достоевский***

**Редакцийæ**. Ныр, цымæ, генион уырыссаг фыссæг абоны ирæтты уавæрмæ куы ‘ркæсид, уæд цы зæгъид? Йæ мадæлон æвзагыл дзурын чи нæ уæнды, йæ сæрмæ йæ чи нæ хæссы, былысчъилтæ йыл чи кæны, уырыссаг æвзаг нывыл чи нæ зоны, уырыссагимæ йæ æмтъеры чи кæны, уыцы ирæттæ йæм хæрзаг бынтон хъæддæгтæ фæкæсиккой...

* * *

Æхсæнад ныдздзæгъæлтæ ныхæстæ æмæ лозунгты дыркъуымты. Нæ фæндтæ ныссуйтæ сты. Социалон фæтк æмæ æгъдауы уидæгтæ цардхъом нал сты, тынг хъыгдард æрцыдысты. Раст фæндаг куыд равзарæм? Иутæ дзурынц, æвæстиатæй, дам, евро-æхцатæм рахизæм æмæ Европæимæ нæ цард бабæттæм, афтæмæй нæм уым, ома Европæйы, тынг не ‘нхъæлмæ кæсынц. Иннæтæ хæцынц æндæрырдæм. Танктæ, дам, сбирæ кæнæм алы рæтты, цæмæй нæ иууылдæр тæрсой. Наци та раздæрау у пырхытæ. Махмæ сæвзæрди дзæнгæдацæгъдджыты æхсæнад. Иууылдæр дзæнгæда цæгъдынц, хуыздæр цард саразынæн цы скæнæм, уый тыххæй. Уыцы иу рæстæг «хорз» æмæ «æвзæрæн» сæ бындурон нысаниуæг сæфт æрцыди, кæрæдзийæ сæ раиртасæн нал ис.

***Алексей Герман-кæстæр***

# СТАЛИНЫ ЭСТЕТИКÆ

«Хорз Сталин». Ахæм ном радта фыссæг Виктор Ерофеев йæ чиныгæн. Уый сси метафорæ. Генералиссимусæн йæ ном азæй-азмæ адæмы цæсты кæны уарзондæр, зæрдæдзу-

агдæр. Социологи нын хъæддыхæй æвдисы: уæрæсейæгтæн сæ фылдæр хай Сталины тыххæй мифыл тынгæй-тынгдæр æууæдын райдыдтой. Не ‘мбæстæгты сæ рæдыды тыххæй фауын æнцон у. Зындæр у хабарæн йæ апп раиртасын. 9-æм майы бæрæгбонмæ æввахс нæм ацы æнахуыр феномен уæлдай тыгдæр разыны...

Ахадгæ факт: уæрæсейæгтæй бир-бирæтæ нымайынц, зæгъгæ, нæ бæстæ Фыдыбæстæйы хæсты Сталины руаджы фæуæлахиз. Ома адæм нæ фæуæлахиз, фæлæ Сталин. Гъемæ Георгийы лент æрæвæрынц фæтæджы сурæты фарсмæ.

Бæрæгбæттæ мæ æрæййæфтой Цæгат Ирыстоны, уым Сталинæн уæлдай тынгдæр табу кæнынц. Куырттаты комы Уæллаг Фыййагдоны фæтæгæн ис кады цыртдзæвæн. Зилынц æм, зæгъæн куыд нæй, афтæ хорз. Дæргъæвсы та Сталины цыртдзæвæн лæууы, туристтæ арæх кæдæм æфтынц, уыцы мæрдты сахармæ æввахс, чысыл æддæдæр та – хæсты амæддæгты гранит къæй, фыст ыл сты сæ нæмттæ. Елхотмæ бацæуæны федтон УФКП-йы рекламон плакат, хъусын нын кæны: Сталин дæр коммунист уыди.

...Нæ фынджы цурмæ арахъхъы авгимæ къуымæлдзæфæй æрбацыд иу уæйыгарæзт лæг, раздæры богал-чемпион. Цудтытæгæнгæ йæ нуазæныл хæцы, афтæмæй йæ ныхас райдыдта афтæ: «Сосойы фыдгойтæ дзæгъæлы кæнынц».

Бынæттон интеллектуалон элитæимæ фæдзырдтам, æмæ нын бамбарын кодтой, фæтæг, дам, адæмæн афтæ адджын уымæн у, æмæ сын хæст арф фæд ныууагъта сæ зæрдæты. Гъемæ дзы чи бацарæфтыд, уыдон нæмттæ табуйаг сты алы хæдзары дæр. Фæлæ 30-æм азты ирæттæ къаддæр нæ, фæлæ фылдæр æфхæрд баййæфтой, бæстæйы иннæ рæттимæ абаргæйæ. Чи зоны, фæтæг се ‘мбæстон кæй уыд – «и широкая грудь осетина» – уый дæр фæахъаз Сталиныл æнувыд уæвынæн. (...)

Цыдæриддæр у, уæддæр адæм Сталины æвронг зондæй нæ, фæлæ тынгдæр мистикон хуызы уарзынц.

Бирæты нæ уырны а дунейыл «æвзæр Сталин» уыдис, уый. Мæнæ Левадæ-центры æрфарсты бæрæггæнæнтæ Катыны тыххæй. Респонденты 26 проценты фехъуыстой: польшæйаг афицерты Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады

кусджытæ кæй фехстой, уый документалон æгъдауæй бæрæггонд æрцыди. 28 проценты та хабар фехъуыстой, фæлæ сæм гуырысхойаг кæсы. Документтыл фæтæджы резолюци кæй ис, ууыл не ‘ууæндынц.

ССР Цæдисы хæлд хъыг у уæрæсейæгтæн сæ къаддæр æмбисæй къаддæрæн. Уыцы иу рæстæг, советон политикон цардарæзт хуыздæр кæмæ кæсы, уыдоны нымæцыл æфты. Афæдзмæ (2013 азы райдайæнмæ) ахæмты нымæц схызти 29-æй 36 процентмæ (Левадæ-центры бæрæггæнæнтæ). Пъланы фарс сты адæмы 51 проценты, базарадон экономикæйы фарс та – 25 проценты. Кæй фарстæуыд, уыдоны ‘хсæн бирæ ис, Госплан æмæ Госснаб цы сты, уый чи нæ зоны, ахæм фæсивæдæй бирæтæ. Уый ууыл дзурæг у, æмæ ахуырады системæ дæр Сталины ныхмæ кæй нæ кусы, фæлæ йæ пайдайæн.

Æмæ уæд Путины цæмæн фауæм, Сталины эстетикæйæ кæй пайда кæны, уый тыххæй? Путин æрмæстдæр модæйы фæдыл цæуы. «Сталин дæр коммунист уыди», зæгъгæ, Ирыстоны ахæм плакат чи ‘рхъуыды кодта, уыдонау.

***Андрей Колесников***
***«Новая газета», 2013, №48***

## ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

- Фаутæ æвæргæйæ хи хъæнтыл дæр хинымæр ахъуыды кæнын æмбæлы.
- Адæмы сæрхъуызойы йæхимæ нал февдæлы.
- Хæлæрттæ дарын бирæ зындæр у се скæнынæй.
- Мæйы рухсмæ стъалытæй бирæтæ агуринаг фæвæййынц арвыл, фæлæ хуры скастæй мæй йæхæдæг агуринаг фæвæййы.
- Хъуыстгонд лæгæн йæ чысыл лæмæгъдзинæдтæ куы базонынц, уæд сыл йе стыр лæгдзинæдтæй фылдæр дзурын райдайынц.
- Цæмæй дыууæ знагæй иуы хорз бафхæрай, уый тыххæй æгъгъæд вæййы иннæмæй хорз раппæлын дæр.
- Царды дæхи æдзухдæр исты хъуаг уадз æмæ рох ма кæн, æппæт амæндты фæстæ фыдбылыз кæй ис æрмæст.

- Йе ‘ргом æлгъыстаг кæмæн у, уымæн йæ чъылдыммæ кув.
- Тæригъæдджын лæг фæстæрдыгæй цæвынæй тынгдæр тæрсы.
- Донхæрис доны астæу куыд бахус вæййы, афтæ æгæр æфсæст дæр зонды хъару сæтты.
- Фыдæвзагæн йæхи дæндæгты ауунæй аккагдæр бынат нæй.
- Цыргъзонд æгæр тагъдæй тæрсы, къуымыхзонд та – фæстиатæй.
- Æргомзæрдæйы бирæ уарзынц, фæлæ йæ сайгæ арæхдæр кæнынц.
- Зонды разæй цы æвзаг фæвæййы, уый хъæддаг сырд у, куы раирвæза, уæд йе ‘рцахсын – бæллæх.
- Гæдыдзинад æнæ æхххуысæй дæр дард ацæуы, рæстдзинадæн та æдзухдæр æхххуыс кæнын хъæуы.
- Сайын чи сахуыр, уый никæуыл æууæнды, сайын чи нæ зоны, уый та алкæуыл дæр æууæнды.
- Хатгай адæймаджы йæ фыр хинæй бафæнды йæ хъуыддаг йæхицæй дæр бамбæхсын.
- Уидæгтæ зæххæй цы сой исынц, уый къалиутæ хурмæ дидинæгæй æвдисынц.
- Æрыгон раст зондмæ хъусын чи нæ зоны, уымæ зæрондæй цæмæ байхъусай, уый нæ уыдзæн.
- Кæлæнгæнæг хæлæггæнæджы цæстæй бацæнкуылтæ ис.
- Цалынмæ дæхицæй хуыздæрты нæ фенай, уæдмæ худыс дæхицæй цауддæртыл.
- Хæрзгæнæг тар æхсæв дæр нæ ивы йæ удыхъæд.
- Рæстдзинад зæгъынæй адæймаг дзуапджындæр кæны.

* * *

Фыд-зонд дæ, знæт сырдау – дæ каст,
Фæкæныс алкæмæ дæр додой.
Æрцæудзæн дуг – ыздæхдзæн маст,
Æмæ кæндзæн дæхи уд дзой-дзой.

***Быгъуылты Къола***

# АБАЙТЫ ВАССОЙÆН – НОМАРÆН КЪÆЙ




Стыр ахуыргонд, филологон наукæты доктор, профессор, ССР Цæдисы Паддзахадон æмæ Хетæггаты Къостайы номыл премиты лауреат, Великобританийы æмæ Цæгат Ирландийы Азиаг Къаролады академийы æцæг уæнг, Хельсинкийы Финаг-Угораг æхсæнады уæнг-уацхæссæг, «Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат»-ы æмæ бирæ наукон куыстыты автор Абайты Вассойæн 18 майы Мæскуыйы УФ-йы Президенты цур РЦИ-Аланийы Æххæстбарджын минæварады хъæппæрисæй байгом кодтой номарæн къæй.

# АЛЫХУЫЗОН ХАБÆРТТÆ

* * *

«Нæ амондджын сабидуджы тыххæй бузныг æмбал Сталинæн» – афтæ хуынди советон заманы плакаттæй иу. Сталины хъæбысы бады Геля Маркизова. Фæстæдæр ын оргæнтæ йæ фыды агæрах кодтой, Геляйы та йæ мадимæ Сыбырмæ ахастой. Фыды куы байсæфтой, уæд мингай экземплыртæй уагъд нывы ном «Сталин æмæ Геля» ивын бахъуыд, – адæмы знаджы чызджы Сталин хъуамæ йæ хъæбысы куыд дардтаид! Гъемæ фæлитой коммунистон пропагандисттæ æрымысыдысты ног ном: Мамлакат. Æмæ ныв «Сталин æмæ Геля» агæпп ласта «Сталин æмæ Мамлакат»-æй, ома, дам, фæтæг йæ хъæбысмæ systa пионеркæ Мамлакат Нахангоовайы. Афтæмæй а дунейыл ахæм пионеркæ нæ уыди.

* * *

Пушкины «Кæсагахсæг æмæ кæсаджы аргъау» амад у æфсымæртæ Гриммы аргъауы бындурыл. Уыцы уацмыс хуыйны «Кæсагахсæг æмæ йæ ус». Уым зæронд усы æппынфæстаг

ӕрфӕндыди Цытджын Хуыцау суӕвын, уый хӕдразмӕ та ссис Ромы папӕ. Йӕ кӕрон цӕмӕ ʻрцыд, уый алчидӕр зоны: саст арынджы уӕлхъус лӕугӕйӕ аззади.

* * *

Куыдз адӕймагыл куыд ӕнувыд у, уый тыххӕй ма фыстам.

Ацы хабар та ӕрцыд Японы. Токиойы университеты профессор Эйсабуро Уэно цард иунӕгӕй, ӕрмӕст ӕм уыди куыдз Хачико. Профессор-иу куыстӕй куы ʻрбаздӕхт, уӕд ӕм метройы станцӕ «Шибуя»-йы алы бон дӕр ӕнхъӕлмӕ касти. Афтӕ ахаста дыууӕ азы, стӕй профессор ӕнӕнхъӕлӕджы амарди 1925 азы 21 майы. Куыдз, мӕгуыр, дзӕгъӕлӕй баззади. Фӕлӕ фараст азы дӕргъы (йӕ амӕлӕты онг) иу бон дӕр нӕ фӕцух кодта, афтӕмӕй цыди станцӕмӕ – ӕнхъӕлмӕ касти, кӕд мӕ хицау фӕзынид, зӕгъгӕ. Ацы хабар япойнӕгты стыр дисы бафтыдта, ӕмӕ сын Хачико ссис иузӕрдиондзинады национ символ. Куыдзы амардыл афӕдз куы рацыд, уӕд ын метройы станцӕйы сӕвӕрдтой бронзӕ цыртдзӕвӕн. Алы аз дӕр 8 апрелы ам ӕрӕмбырд вӕййынц адӕм ӕмӕ кадимӕ ӕрымысынц Хачикойы.

* * *

Чехов-иу йӕ уарзон ус Ольгӕ Книппермӕ фыста фыстӕджытӕ ӕмӕ йӕ хуыдта амӕй-ай буцдӕр нӕмттӕй. Йӕ уарзондӕр ныхӕстӕ уыдысты «калм», «куыдз» ӕмӕ «мӕ уды кӕфхъуындар».

* * *

Астӕуккаг ӕнусты Европӕйы гӕды нымад уыди кӕлӕнгӕнджыты ӕмбӕлццоныл, ӕнӕзӕгъинӕгты мыггагыл. Уымӕ гӕсгӕ гӕдыты (уӕлдайдӕр сауты) удӕгасӕй сыгътой арты, ӕппӕрстой сӕ доны, стӕй аргъуанты дзӕнгӕрӕгдӕттӕй. Гӕдыты ӕгъатырӕй кӕй сӕфтой, уыцы хабар расайдта бӕллӕхтӕ: сарӕх сты уырытӕ, уыдон та семӕ хастой рын. XIV ӕнусы уый азарӕй бабын 30 милуан адӕймагӕй фылдӕр. Фӕлӕ чырыстон дины византиаг къабаз (православие) ӕмӕ пысылмон дин гӕдымӕ ӕндӕр цӕстӕй кастысты. Пысылмӕттӕ йын стыр аргъ кодтой, уымӕн ӕмӕ, таурӕгъмӕ гӕсгӕ, гӕды калмы хӕстӕй фервӕзын кодта Мӕхӕмӕт-пехуымпа-

ры. Цæрæгойтæй æрмæст гæдыйæн ис бар мæзджытмæ æмæ аргъуанмæ цæуынæн.

* * *

Потсдамы (Герман) диетологийы институты иртасæн куыстытæ куыд равдыстой, афтæмæй адæймаг бон 10 граммы сау шикалад куы хæра, уæд дзæвгар æдасдæр уыдзæн инсульт æмæ инфаркт миокардæ райсынæй. Фæлæ уыцы адджинагæй фылдæр куы хæрай, уæд дын уæлдай ахъаз нæ фæуыдзæн.

* * *

Æрмæстдæр сыл къогъотæ цъирынц адæймаджы æмæ иннæ удгоймæгты туг. Ахæм миниуæг ис мыдыбындзытæм дæр: фатæй цæвынц æрмæст «æхсинтæ», ома сыл бындзытæ.

* * *

Рагон ромаг сылгоймæгтæн нæмттæ нæ уыд. Æрмæст-иу райстой мыггаджы ном. Зæгъæм, кæд-иу чызг Юлиты бинонтæм райгуырд, уæд хуынд Юлия. Иу бинонты ‘хсæн цалдæр чызджы куы райгуырдаид, уæд сын сæ мыггаджы нæмттæм æфтыдтой Сегундæ, ома дыккаг, Терци, ома æртыккаг.

* * *

Акулæтæ зæххыл фæзындысты бæлæстæй 50 милуан азы раздæр.

* * *

Зæххыл адæмы мыггагæй цыдæриддæр ис. уыдон дзурынц 6909 æвзагæй.



*Бæлас: «Саджы æмбисонд мыл æрцыд: Æз адæмæн сæ уындмæ бæллын, уыдон та мæ къабазгай ныккодтой».*



# ÆГЪУЫЗАРТЫ САУКУЫДЗ

**Сентябры мæйы уæззау рынчыны фæстæ не 'хсæнæй 69-аздзыдæй фæхъуыди зынгæ журналист æмæ прозаик Æгъуызарты Саукуыдз.**

**Æгъуызарты Сæудженьі фырт Саукуыдз райгуырд 1943-æм азы 14 октябры Цæгат Ирыстоны Дур-Дуры хъæуы зæхкусæг бинонты 'хсæн.**

**Йæ цард снывонд кодта дзырдаивадæн æмæ 1975 азы каст фæци Ростовы уæлдæр партион скъолайы журналистикæйы хайад.**

**Алы азты фæллой кодта мыхуыры оргæнты, уыди рауагъдад «Ир»-ы сæйраг редактор, РЦИ–Аланийы телерадиокомпанийы сæрдары хæдивæг, газет «Дигорæ»-йы хайады сæргълæууæг. 1979–1984 азты куыста журнал «Мах дуджы» бæрнон секретарæй. Мыхуыры цыдысты йæ уацмыстæ: æмдзæвгæтæ, этюдтæ, новеллæтæ, радзырдтæ, уацаутæ.**

**Бирæ сфæлдыстадон фæндтæ ма йæм уыдис, фæлæ йын сæ æххæст кæнын нæ бауагъта æгъатыр мæлæт.**

**Æгъуызарты Саукуыдзы ном никуы ферох уыдзæни, литературæйыл иузæрдион чи у, уыдонæй.**

**Рухсаг у, нæ хорз хæлар.**

***Журнал «Мах дуджы» кусджытæ***

* * *

| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.

Подписано к печати 15.10.13. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1100 экз. Заказ № 586. Цена свободная. Выпуск из печати 23.10.2013.

*Адрес редакции: 362015, г.Владикавказ, пр.Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http://www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор 25-09-74; бухгалтерия, компьют. 25-22-47.*

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.





Индекс 73247